

ASIRANS CHOMAJ

Yon Etap Pou W Pase
Nan Yon Lòt Karyè

WE ARE YOUR DOL



Sa K Nan Dokiman Enfòmasyon Sa a

KISA ASIRANS CHOMAJ LA YE?

KONDISYON POU W KALIFYE POU ASIRANS
CHOMAJ

RESEVWA LAJAN AVANTAJ OU YO: PIN, ID NY.GOV,
DEPO DIRÈK AK KAT DEBI W

KONBYEN KÒB M AP RESEVWA NAN MEN
ASIRANS LAN CHAK SEMÈN?

KILÈ M AP KÒMANSE RESEVWA LAJAN POU
AVANTAJ YO?

KIJAN POU M REKLAME LAJAN ASIRANS LAN
BAY CHAK SEMÈN NAN?

KISA EGZIJANS POU RECHÈCH TRAVAY YO YE?

TOUCHE PLIS PASE SA W TA DWE TOUCHE AK
MAGOUY

KISA M DWE FÈ LÈ M RETOUNEN TRAVAY?

FASON ODYANS AK KONTESTASYON FÈT

SITIYASYON ESPESYAL

FÒMILÈ

ENFÒMASYON ENPÒTAN

Ou gen obligasyon pou w li dokiman enfòmasyon sa a. Li esplike fason Asirans Chomaj mache e l bay esplikasyon sou dwa ak responsablite w. W ap jwenn repons pou anpil nan kesyon ou genyen yo nan dokiman enfòmasyon sa a. Si w pa jwenn repons pou kesyon w lan ladan l, tanpri ale sou sit entènèt nou an ki se labor.ny.gov, sitou nan seksyon Kesyon Moun Poze Souvan an. Sou paj akèy nou an, chwazi “Get Unemployment Assistance” (Asistans pou Chomaj) apres, “Frequently Asked Questions” (Kesyon Moun Poze Souvan).

Dokiman enfòmasyon sa a disponib tou nan lang ki annapre yo:

Albanyen	Chinwa	Kreyòl Ayisyen	Japonè	Ris	Yidich
Arab	Fransè	Indi	Koreyen	Espanyòl	
Bengali	Grèk	Italyen	Polonè	Oudou	

Ou ka li dokiman enfòmasyon sa a sou labor.ny.gov oswa ou ka rele 888-209-8124 pou w mande yon kopi.

Si w gen yon kesyon presi e lang pa w la pa mansyone pi wo a, rele 888-209-8124. Peze "9" e n ap fè aranjman pou yon entèprèt.

ENFÒMASYON KONSÈNAN ID NY.GOV

Pou w ka depoze yon reklamasyon sou entènèt, voye yon mesaj sekirize, anrejistre pou depo dirèk ak plis bagay toujou, ou dwe kreye yon kont NY.gov sou labor.ny.gov/signin. Pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan NY.gov, tanpri **gade Chapit 3 a: "Kreye ID" NY.gov ou a.**

AVI KONSÈNAN PWOTEKSYON ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL PÈSONÈL

Lwa Eta Nouyòk (Seksyon 94(1) (d) nan Lwa Pou Ajan Piblik Nouyòk yo) mande nou pou nou fè w konnen nou ka pran enfòmasyon pèsonèl nan men w pou w patisipe nan pwogram Asirans Chomaj la. Si w pa ban nou enfòmasyon nou mande yo, nou ka refize ba w avantaj pou Asirans Chomaj yo.

Nan kèk kondisyon e si lalwa otorize sa, nou ka voye enfòmasyon nou rasanble yo bay konpayi w ap travay la ak plizyè ajans eta ak federal pou yo verifye travay ou ak si w kalifye pou w resevwa avantaj yo. Nou ka itilize sistèm enfòmatik ki konpare enfòmasyon nou jwenn yo ak sa k nan lòt baz done; pa egzanp, lis moun yo fenk anboche ki konsève nan Depatman Taks ak Finans Eta Nouyòk.

Ou gen dwa pou w verifye enfòmasyon Biwo Asirans Chomaj la gen sou ou yo, sof si lalwa pa pèmèt sa a. Biwo Asirans Chomaj la toujou ap verifye nimewo anrejistreman etranje yo ak Sèvis Natiralizasyon ak Imigrasyon eta Nouyòk ki nan Depatman Sekirite Peyi Etazini pou yo ka decide si yon moun kalifye pou avantaj yo bay nan kad Asirans Chomaj yo. Se Lwa Federal sou Amelyorasyon ak Kontwòl 1986 la ki mande sa a.

Se Atik 18 nan Lwa Travay Eta Nouyòk pou Avantaj Eta Abitye Bay ak Avantaj Pwolonje nan Kad Asirans Chomaj la, Chapit 85 nan Tit 5 Kòd Etazini pou Dedomajman pou Chomaj Sitwayen Federal ak Militè ak Chapit 68 nan Tit 42 Kòd Etazini pou Èd pou Chomaj lè gen Katastwòf la ki ba nou dwa pou nou mande enfòmasyon pèsonèl lè w depoze yon reklamasyon.

Kontakte Nou

MESAJ SEKIRIZE AK LÒT MESAJ

Ou ka voye ak resevwa mesaj sekirize, lèt ak fòmilè grasa kont Travay Anliy ou an ak pa lapòs. Si w pa ranpli fòmilè yo ak reponn nan delè yo bay la, sa ka fè gen reta nan reklamasyon w lan oswa ou ka jwenn refi ak/oswa yo ka sispann ba w avantaj yo.

Pou w reklame avantaj Asirans Chomaj (fè deklarasyon pou avantaj) oswa verifye nan ki nivo pèman lajan an ye

- **Sou entènèt:** Ale sou labor.ny.gov/signin, klike sou "Sign In" (Konekte) mete non itilizatè ak modpas **NY.gov** ou a. Nan paj My Online Services (Sèvis sou Entènèt Mwen yo) ki nan seksyon Asirans Chomaj la, klike sou "Unemployment Services" (Sèvis pou Chomaj) epi chwazi "Claim weekly benefits" (Reklame avantaj chak semèn).
- **Telefòn:** Rele nan **888-581-5812**, ki se sistèm telefòn otomatik nou an ki rele Tel-Service, 24 sou 24, 7 jou pa semèn.
- **Moun k ap itilize TTY/TDD (moun ki soud oswa ki tande di):** Moun k ap itilize yon operatè transmisyon ap rele nan **800-662-1220** epi mande operatè a pou l rele **888-783-1370**.
- **Moun k ap itilize transmisyon pa videyo:** Si w itilize yon Sistèm Transmisyon pa Videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon, kontakte operatè transmisyon epi mande operatè transmisyon an pou l rele **888-783-1370**.

Pou w aplike pou avantaj yo (depoze yon reklamasyon) oswa poze kesyon presi konsènan reklamasyon w lan

- **Pou w depoze yon reklamasyon sou entènèt:** Ale sou Labor.ny.gov/signin. Klike sou "Sign In." Mete non itilizatè ak modpas NY.gov ou a. Nan paj My Online Services la, nan seksyon Asirans Chomaj la, klike sou "Unemployment Services." Klike sou "File a claim" (Depoze yon reklamasyon)
- **Telefòn:** Rele Sant Reklamasyon nan Telefòn nou an lendi pou rive vandredi, 8 am pou rive 5 pm nan **888-209-8124**. Gen entèprèt ki disponib pou pifò lang yo, peze 9 pou w jwenn yon entèprèt.
- **Moun k ap itilize TTY/TDD:** Rele yon operatè transmisyon nan **800-662-1220** epi mande operatè a pou l rele **888-783-1370**.
- **Moun k ap itilize sèvis transmisyon pa videyo:** Si w itilize yon Sistèm Transmisyon pa Videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon, kontakte operatè transmisyon epi mande operatè transmisyon an pou l rele **888-783-1370**.
- **Pou w poze kesyon pa mesaj sekirize:** Konekte sou labor.ny.gov/signin. Klike sou "Sign In." Mete non itilizatè ak modpas ny.gov ou a. Nan paj My Online Services la, nan seksyon Messages (Mesaj) la, klike sou "Go to My Inbox" (Ale nan Bwat Resepsyon Mwen). Chwazi "Compose New" epi chwazi tit kesyon w lan.

Pou w kreye oswa itilize yon ID NY.gov

- Ale sou labor.ny.gov/signin. Klike sou "Kreye yon Kont NY.gov" pou w kreye yon nouvo kont NY.gov.
- **Ou bezwen èd?** Rele Sant Kontak Depatman Travay la nan **800-833-3000** soti 8:30 am pou rive 4:30 pm, lendi pou rive vandredi. Peze opsyon 2 pou w pale ak yon ajan nan Sant Kontak Depatman Travay la.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Pou w chanje adrès oswa nimewo telefòn ou

- Ou ka chanje adrès oswa nimewo telefòn ou lè w ap depoze reklamasyon pou avantaj chak semèn ou an lè w klike sou bouton "Update Your Personal Information" (Metè Ajou Enfòmasyon Pèsonèl Ou), apres a klike sou bouton "Change Address/Telephone Number" (Chanje Adrès/Nimewo Telefòn) nan.
- **Sou entènèt:** Ale sou labor.ny.gov/signin. Klike sou "Sign In." Metè non itilizatè ak modpas NY.gov ou a. Nan paj My Online Services la, nan seksyon Asirans Chomaj la, klike sou "Unemployment Services." Klike sou "Metè Ajou Enfòmasyon Pèsonèl Mwen" apre sa klike sou "Chanje Adrè ak/oswa Nimewo Telefòn Ou an."
- **Telefòn:** Rele Sant Reklamasyon nan Telefòn nou an lendi pou rive vandredi, 8 am pou rive 5 pm nan **888-209-8124**. Gen entèprèt ki disponib pou pifò lang yo, peze 9 pou w jwenn yon entèprèt.

Èd ak kat debi – Pwogram Sèvis Kliyan Way2Go

- Rele **844-649-9845**

Pou w enskri nan depo dirèk

- Konekte nan kont ou a sou labor.ny.gov/signin. Metè non itilizatè ak modpas NY.gov ou a. Klike sou bouton "Unemployment Services" la ki nan paj My Online Services la. Klike sou "Update Your Personal Information." Klike sou "Update/Register for Direct Deposit" (Metè Ajou/Anrejistre pou Depo Dirèk). (Ou ka anrejistre tou lè w depoze yon reklamasyon oswa reklame avantaj chak semèn yo.)

Pou w modifiye taks ou yo kenbe a

- **Sou entènèt:** Konekte nan kont ou a sou labor.ny.gov/signin. Metè non itilizatè ak modpas NY.gov ou a. Klike sou bouton "Unemployment Services" la ki nan paj My Online Services la. Klike sou "Update Your Personal Information." Klike sou "Update Tax Withholding" (Metè Taks yo Kenbe a Ajou). (Ou ka chanje taks yo kenbe a tou lè w depoze yon reklamasyon oswa reklame avantaj chak semèn yo.)
- **Telefòn:** Rele Sant Reklamasyon nan Telefòn nou an, * chwazi opsyon pou w pale ak yon ajan konsènan yon reklamasyon w te gentan depoze, antre Nimewo Asirans Sosyal ak PIN ou, epi peze 3 pou w chanje taks federal yo kenbe a, oswa peze 4 pou w chanje taks yo kenbe pou eta a.

Pou w jwenn fòmilè 1099-G w la

- **Sou entènèt:** Konekte nan kont ou a sou labor.ny.gov/signin. Metè non itilizatè ak modpas NY.gov ou a. Klike sou bouton "Unemployment Services" la ki nan paj My Online Services la. Klike sou "Get Your NYS 1099-G" (Jwenn 1099-G Eta Nouyòk ou a). (Ou ka mande fòmilè 1099-G w la tou lè w depoze yon reklamasyon oswa reklame avantaj chak semèn yo.)
- **Telefòn:** Rele Sant Reklamasyon nan Telefòn nou an* epi chwazi opsyon pou w jwenn fòmilè 1099-G w la.

Pou w jwenn Sant Karyè a

- **Sou entènèt:** Ale sou labor.ny.gov/career-center-locator.
- **Telefòn:** Rele Sant Kontak la nan **888-469-7365** soti 8:30 am pou rive 4:30 pm, lendi-vandredi.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Pou w denonse magouy nan asirans-chomaj

- **Sou entènèt:** Ale sou Labor.ny.gov. Klike sou "Report Fraud" (Rapòte Magouy) toupre pati anba nan ekran an.
- **Rele:** 888-598-2077 (Fwòd Reklamasyon) OSWA 866-435-1499 (Fwòd Anplwayè)

Pou w rapòte yon erè w te fè lè w t ap fè reklamasyon pou avantaj chak semèn yo

- **Sou entènèt:** Ale sou Labor.ny.gov/signin. Mete non itilizatè ak modpas NY.gov ou a. Nan paj My Online Services la, nan seksyon Messages la, klike sou "Go to My Inbox". Chwazi "Compose New." Chwazi Tit: "Kesyon Reklamasyon yo." Chwazi Dezyèm Tit la: "Certification Questions" (Kesyon sou Deklarasyon). Nan sa w ap ekri nan mesaj la, eksplike erè a epi rele 888-209-8124 osito ke w kapab.
- **Telefòn:** Rele Sant Reklamasyon nan Telefòn nou an lendi pou rive vandredi, 8 am pou rive 5 pm nan **888-209-8124**. Gen entèprèt ki disponib pou pifò lang yo, peze 9 pou w jwenn yon entèprèt.

Pou w korije konpayi w ap travay la oswa enfòmasyon sou salè w pou lè y ap Deside Kantite Lajan w dwe resevwa

- Ranpli epi voye fòmilè Demann pou Anliz Dosye a Ankò a ba nou. (Sèvi ak fòmilè nou voye ak fòmilè Desizyon Kantite Lajan w Dwe Resevwa oswa fòmilè ki nan do dokiman enfòmasyon sa a.)
- **Sou entènèt:** Ale sou Labor.ny.gov/signin. Mete non itilizatè ak modpas NY.gov ou a. Nan paj My Online Services la, nan seksyon Messages la, klike sou "Go to My Inbox". Chwazi "Compose New." Chwazi Tit: "Benefit Rate and Monetary Determination" (Montan Avantaj ak Desizyon sou kantite lajan) Chwazi Dezyèm Tit la: "Request for Reconsideration of Benefit Rate" (Mande Rekonsiderasyon Montan Avantaj), "Alternate Base Period Request" (Demann lòt opsyon Peryòd Bebaz), oswa "Rate Based on Weeks of Employment Request" (Demann To ki Baze sou Semèn Travay yo). Nan sa w ap ekri nan mesaj la, esplike ki salè oswa konpayi ki manke oswa ki pa kòrèk. Mete dokiman kòm prèv.

Pou w mande yon peryòd debaz pwolonje (paske w pa kalifye pou avantaj yo lè w itilize Peryòd Debaz Senp oswa Lòt Opsyon yo, men w resevwa dedomajman pou travayè yo oswa lajan yo bay ponpye benevòl yo pandan peryòd debaz senp lan)

- Ranpli epi voye fòmilè Demann pou Anliz Dosye a Ankò a ba nou. (Sèvi ak fòmilè nou voye ak fòmilè Desizyon Kantite Lajan w Dwe Resevwa oswa fòmilè ki nan do dokiman enfòmasyon sa a.)

Pou w mande yo peye w pou yon semèn ou te rate

Gen twa fason pou w mande yo peye w avantaj pou yon semèn ou te rate. Lè w itilize youn nan twa metòd yo, tanpri asire w ou mete kòmansman ak fen chak peryòd ou pa t reklame avantaj yo ak rezon ki fè w pa t reklame avantaj yo tousuit.

- **Sou entènèt:** Ale sou Labor.ny.gov/signin. Mete non itilizatè ak modpas NY.gov ou a. Nan paj My Online Services la, nan seksyon Messages la, klike sou "Go to My Inbox". Chwazi "Compose New." Chwazi Tit: "Kesyon Reklamasyon yo." Chwazi Dezyèm Tit la: "Request Backdating of claim/Request to claim benefits for a prior week" (Mande fè reklamasyon pou dat ki pase/Mande reklame avantaj yo pou yon semèn anvan).
- **Faks:** Voye demann ou an pa faks nan **518-457-9378**.
- **Lapòs:** Voye demann ou an pa lapòs bay New York State Department of Labor, PO Box 15130, Albany, NY 12212-5130.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Pou w mande Depatman Travay si w kalifye lè w kite peyi a oswa ou kite mache travay nan zòn ou an.

- **Sou entènèt:** Ale sou [Labor.ny.gov/signin](https://labor.ny.gov/signin). Mete non itilizatè ak modpas NY.gov ou a. Nan paj My Online Services la, nan seksyon Messages la, klike sou "Go to My Inbox". Chwazi "Compose New." Chwazi Tit: "Kesyon Reklamasyon yo." Chwazi Dezyèm Tit la: "Traveling out of the area" (Vwayaje deyò zòn lan). Nan sa w ap ekri nan mesaj la, esplike kilè w prale, ki kote w prale, ak kilè w panse w ap retounen.
- **Telefòn:** Rele Sant Reklamasyon nan Telefòn nou an lendi pou rive vandredi, 8 am pou rive 5 pm nan **888-209-8124**. Gen entèprèt ki disponib pou pifò lang yo, peze 9 pou w jwenn yon entèprèt.

Pou m jwenn dat m ap fin resevwa avantaj

- Li sou Desizyon Kantite Lajan w Dwe Resevwa ak anpil lòt dokiman nou te voye pa lapòs pou ou; li nan seksyon Pèman yo Gentan Fè yo (gade enstriksyon ki pi ba yo).

Pou m mande yon dosye pèman pou asirans chomaj mwen resevwa yon (Pèman yo gentan fè yo)

- **Sou entènèt:** Konekte nan kont ou a sou labor.ny.gov/signin. Mete non itilizatè ak modpas NY.gov ou a. Klike sou bouton "Unemployment Services" la ki nan paj My Online Services la. Klike sou "View Payment History" (Gade Istorik Peman). (Ou ka mande dosye ki gen pèman yo gentan fè yo tou lè w depoze yon reklamasyon oswa reklame avantaj chak semèn yo.)
- **Telefòn:** Rele **888-581-5812** epi suiv enstriksyon yo pou w mande dosye pèman yo gentan fè yo.

Pou w mande yon odyans

- Ranpli fòmilè Demann Odyans Pou Moun K ap Fè Reklamasyon an epi voye l pa faks oswa pa lapòs, w ap jwenn li nan do dokiman enfòmasyon sa a; oswa
- **Sou entènèt:** Konekte nan kont ou a sou labor.ny.gov/signin. Mete non itilizatè ak modpas NY.gov ou a. Nan paj My Online Services la, nan seksyon Online Forms (Fòmilè sou Entènèt) la, klike sou bouton "Go to My Online Forms" (Ale sou Fòmilè sou Entènèt Mwen yo). Nan meni agoch la, chwazi fòmilè "Claimant Request for Hearing" nan. Ranpli fòmilè a. Mete dokiman kòm prèv, si w genyen yo. Klike sou bouton "submit" (voye) la.

Plis Resous

- Eta New York pwopoze twa pwogram enpòtan pou ede rezidan ki gen fèb revni yo ak bezwen debaz yo: SNAP, HEAP, ak WIC.
 - SNAP (Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman) bay avantaj elektwonik ki kapab itilize pou achte pwovizyon nan magazen ki otorize.
 - HEAP (Pwogram Asistans Enèji nan Kay) ede peye pou depans chofaj nan sezon freda a ak depans klimatizasyon an ete.
 - WIC (Fanm, Tibebe, ak Timoun) bay manje ki bon pou sante ak lòt sèvis sipò pou fanm ansent, nouvo manman ak jèn timoun yo.
 - Pou jwenn plis enfòmasyon epi aplike, vizite mybenefits.ny.gov
- Pou enfòmasyon sou Salè Minimòm Eta New York la: labor.ny.gov/minimumwage
- Pou plis enfòmasyon konsènan pwogram Konje Peye pou Fanmi nan Eta Nouyòk la: paidfamilyleave.ny.gov

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Prezantasyon nan Asirans-Chomaj

Seksyon sa a bay yon apèsi sou pwogram Asirans Chomaj la. Men, ou gen obligasyon pou w li tout dokiman enfòmasyon sa a. Ou gen responsablite pou w konn enfòmasyon ki ladan l yo.

Apèsi

- Kesyon Moun Poze Souvan Konsènan Asirans Chomaj: dol.ny.gov/claimant-frequently-asked-questions
- **Gade lis mo ki nan chapit 12 la** ki bay definisyon ekspresyon enpòtan nou itilize nan dokiman enfòmasyon sa a
- **Asirans Chomaj** se yon lajan yo peye travayè ki kalifye ki pèdi travay yo san se pa fòt yo. Moun ki kalifye yo ka resevwa yon pèman avantaj chak semèn pandan 26 semèn konplè antou pandan yon peryòd ki dire yon lane. Nan Eta Nouyòk, konpayi yo peye pou avantaj yo, se pa travayè yo. Yo pa retire anyen nan lajan yo peye travayè a. Se Depatman Travay la deside si w kalifye pou avantaj yo, se pa konpayi w ap travay la.
- **Gen kèk kondisyon pou w kalifye** ou dwe ranpli pou w resevwa avantaj yo. Ou dwe:
 - Pèdi travay ou san se pa fòt ou
 - Te gentan touche yon montan ki ase nan travay ou pou w depoze yon reklamasyon
 - Pare, vle, e ka travay tousuit
 - Kontinye ap chèche travay
 - Ekri tout rechèch travay ou fè chak semèn ou mande avantaj yo oswa sèvi ak zouti rechèch travay la ki sou labor.ny.gov/careerservices/jobzone/index.shtm
 - Al nan randevou ki obligatwa nan Sant Karyè ki nan zòn ou an

Fè reklamasyon ak resevwa avantaj yo

- Kou w fin depoze yon reklamasyon pou avantaj, **ou dwe reklame avantaj yo chak semèn tousuit** pou chak semèn ou p ap travay la ak ranpli kondisyon pou w kalifye yo. Yo rele sa a tou "**fè deklarasyon pou avantaj.**" W ap konfime ou pa t ap travay pandan tout oswa yon pati nan semèn ki te pase a e w ranpli tout kondisyon pou w resevwa avantaj yo. Reklame avantaj chak semèn ou yo chak semèn sou entènèt sou labor.ny.gov/signin oswa lè w rele nan **888-581-5812**. **Gade Chapit 6: "Kijan pou m reklame lajan asirans lan bay chak semèn nan?"** pou w jwenn plis esplikasyon.
- Premye semèn konplè reklamasyon w lan se yon **semèn ki annatant**. Nou p ap peye w pou semèn sa a, men ou ka toujou reklame avantaj chak semèn yo epi ranpli tout kondisyon pou w kalifye yo. **Gade Chapit 5: "Kilè m ap kòmanse resevwa lajan asirans lan?"** pou w jwenn plis enfòmasyon.
- Si w kalifye, **an jeneral n ap voye premye pèman w lan nan de jiska twa semèn** ki kòmanse konte depi lè w depoze reklamasyon w lan. Sa konn rive nou dwe gen plis enfòmasyon anvan nou voye pèman an e premye pèman w lan ka pran plis tan. Nou sèvi ak tan sa pou nou analize ak trete aplikasyon w fè pou w resevwa avantaj yo. Ou p ap resevwa lajan pandan peryòd sa a. Kontinye reklame avantaj yo chak semèn depi w nan chomaj e w ranpli kondisyon pou w kalifye yo. Epi, verifiye bwat ou resevwa lèt lapòs la ak imel ou, epi reponn nenpòt kesyonè, ranpli fòmilè sou entènèt, oswa reponn apèl ki soti nan Depatman Travay la tousuit pou w anpeche gen reta nan pèman w yo.
- Si nou wè ou kalifye, w ap resevwa nenpòt avantaj pou semèn pase nou te dwe w nan premye pèman w lan. W ap resevwa lajan an pa **depo dirèk oswa kat debi labank**.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

- Si nou wè ou pa kalifye, w ap resevwa yon desizyon k ap esplike w rezon an. Si w pa dakò, ou ka mande yon odyans nan espas 30 jou ki kòmanse konte apati dat ki nan desizyon an.
- Odyans lan ap fèt devan yon jij dwa administratif. Ou gen dwa pou w yon moun reprezante w, menmsi w pa oblije. Pou w jwenn yon lis ki gen mwayen legal, tankou avoka, reprezantan ki anrejistre, pwogram sèvis legal ak òganizasyon ki bay avoka benevòl, ale sou sit entènèt Komite Kontestasyon Asirans Chomaj la ki se uiappeals.ny.gov. Klike sou seksyon “Helpful Information” (Enfòmasyon Itil) la apres a klike sou “Guides and Resources” (Gid ak Mwayen). Chwazi “List of Attorneys & Authorized Agents” (Lis Avoka ak Ajan Otorize). Ou ka rele **518-402-0205** pou w mande lis sa a.
- Kontinye reklame avantaj yo chak semèn depi w nan chomaj e w ranpli kondisyon pou w kalifye yo. Si w genyen nan odyans ou a, w ap resevwa nenpòt avantaj pou semèn pase nou te dwe w.
- **Montan pèman avantaj (montan avantaj)** chak semèn ou depann de konbyen ak kilè w te touche anvan w te vin nan chomaj la. Se fòmil sa nou itilize pou n kalkile montan w lan. **Gade Chapit 4: “Konbyen kòb m ap resevwa nan men asirans lan chak semèn?”** pou w jwenn plis enfòmasyon. Pi gwo montan pou avantaj la se \$504. Pou reklamasyon ki fèt apati 1 janvyè 2024 oswa apre sa, montan avantaj ki pi piti a se \$132.

Asirans Chomaj ak travay

- Ou dwe rapòte tout travay ou fè. Lè w ap fè reklamasyon pou avantaj yo, ou dwe bay tout travay ou te fè, tankou tan pasyèl oswa tanporè, travay ki pa peye oswa travay endepandan. Ou dwe rapòte travay pou semèn ou te fè travay la, se pa lè yo te peye w pou travay la. Ou ka travay jiska 10 èdtan nan yon semèn pou yo pa retire nan avantaj pou chomaj ou a e w ka rapòte zewo (0) jou travay nan deklarasyon w ap fè chak semèn nan dapre nouvo règkeman DOL yo. **Gade Chapit 6: “Kijan pou m reklame lajan asirans lan bay chak semèn nan?”** pou w jwenn plis esplikasyon.
- Ou ka resevwa yon pati nan avantaj yo si w te travay jiska 30 èdtan e w te touche pi gwo montan pou w jwenn avantaj la (\$504, lajan w fè nan travay endepandan pa konte) oswa mwen nan yon semèn.
- **Si w travay plis pase 30 èdtan oswa w touche plis pase pi gwo montan pou avantaj la (\$504 lajan w fè nan travay endepandan pa ladan l) nan yon semèn**, ou p ap kalifye pou avantaj yo pou semèn sa a, menmsi w yo potko peye w pou travay ou te fè a. Ou pa bezwen reklame avantaj pou semèn nan.

Fason pou w evite magouy

- **Pa bay okenn moun – menm moun nan fanmi w – PIN, ID NY.gov ak modpas ou, oswa kat debi w e pa kite okenn moun fè reklamasyon avantaj yo pou ou.** Se magouy sa a ye. Sof si w pa ka antre pwòp enfòmasyon w akoz yon andikap ou genyen oswa ou gen pwoblèm ak lang nan. Si se sa, ou ka mande yon moun antre enfòmasyon sa a pou ou. Men, ou dwe ansanm ak moun k ap ede w la lè l ap antre modpas oswa PIN ou. Remak: Moun k ap fè reklamasyon yo pa oblije itilize yon moun pou ki ede yo pou okenn sèvis nan Depatman Travay tankou asirans chomaj. Sèvis entèprèt yo disponib gratis.
- **Ou pa ka reklame avantaj pou okenn peryòd ou pa t Etazini, Kanada, Pòtoriko oswa Zile Vyèj yo.** Pa eseye fè deklarasyon pou avantaj yo si w pa nan peyi oswa tèritwa sa yo. Sa ap bloke reklamasyon w la e ka gen reta nan pèman w yo. Epi, pa mande yon lòt moun fè deklarasyon pou ou pandan w ap vwayaje nan lòt peyi. Se magouy sa ye e w ka resevwa gwo sanksyon. Gade **“E si m vwayaje nan yon lòt zòn oswa yon lòt peyi?” ki nan chapit 6 la** pou w jwenn plis enfòmasyon.
- Men apre w fin kòmanse resevwa avantaj yo, nou ka kanpe avantaj yo si nou vin gen enfòmasyon ki gen enpak sou desizyon pou w kalifye w pou w jwenn avantaj yo. Kontinye reklame avantaj yo chak semèn depi w nan chomaj e w ranpli kondisyon pou w kalifye yo. Epi, verifye bwat ou resevwa lèt lapòs la ak imel ou, epi reponn nenpòt kesyonè oswa reponn apèl ki soti nan Depatman Travay la tousuit. Lè ankèt nou an fini, w ap resevwa tout lajan nou dwe w yo oswa w ap resevwa yon desizyon pa lapòs.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

- Si w te eseye fè reklamasyon pou avantaj, men **sistèm telefòn nan pa kite w fè deklarasyon**, gen gwo chans pou se paske nou resevwa enfòmasyon ki montre ou ka t ap travay pandan w te deklare ou pa t ap travay. Lè sa a rive, nou dwe mennen ankèt epi konfime ou nan chomaj vre. Pou w rezoud sa, ou dwe ale sou **labor.ny.gov/signin** epi suiv etap pou w fè reklamasyon avantaj chak semèn nan. Si w pa gen yon òdinatè, prepare enfòmasyon konsènan travay ou yo epi rele nan **877-280-4541**.
- **Avètisman:** Depatman Travay la resevwa enfòmasyon konsènan travay ak salè w nan men Konpayi w travay yo ak lòt sous. Si w fè espere w bay fo enfòmasyon oswa ou kenbe enfòmasyon pandan w ap aplike pou avantaj yo, fè reklamasyon pou avantaj chak semèn, oswa pandan yon ankèt se **magouy sa rele**. Si w fè magouy, w ap gen pou w remèt lajan an. N ap touche yon penalite nan lajan w gen pou w resevwa yo.
- Depatman Travay la ka jwenn yon jijman kont ou pou yo ka touche lajan anplis ou resevwa akoz magouy ou te fè yo. Kou l fin fèt, yon jijman ka valab e yo ka itilize l kont ou pandan ven lane e yo ka pran lajan w, tankou yon pati nan salè w ak/oswa kont bank ou. Epi, yon jijman ka gen move enpak sou nòt kredi w e l ka gen enpak sou kapasite w pou w lwe yon kay, jwenn yon travay oswa prete lajan.
- Reklamasyon ki gen magouy yo ka mennen nan penalite pou senp sitwayen ak amann, dosye kriminel e menm prizon. Penalite kriminel yo pa anile pèman anplis ou dwe Depatman Travay la.

Eta Nouyòk rele sa a "Dwa Konpansasyon" tou. Si w pa remèt lajan yo te peye w anplis la, nou ka sezi pèman Eta Nouyòk ka dwe w. Sa yo gen ladan l lajan pou Asirans Chomaj, pèman kontra, taks eta a ak lòt pèman. Nou ka sezi lajan taks federal ou t ap gen pou w resevwa a ak lòt pèman federal yo pou nou ka touche nenpòt lajan w dwe, ansanm ak lajan pou chomaj ou ka dwe nan lòt eta.

Pwoteje dwa w genyen pou w jwenn avantaj yo

- **Konsève dosye travay ou yo**
 - Depatman Travay la ka touche pou tout ane ki pase yo si nou wè lè w t ap fè reklamasyon pou avantaj yo, ou te fè espere ou pa rapòte tout lè ou te travay pandan yon reklamasyon nan moman an oswa ou te fè anvan. Si se sa ki rive, w ap bezwen prèw dosye travay ou pou w konteste yon akizasyon magouy. Pou w prepare w pou sa, asire w ou konsève orè w, dosye lè w, ak resi pou lajan w te touche yo.
- **Bay enfòmasyon ki verite, ki konplè, e ki kòrèk**
 - Nenpòt mesaj ou voye oswa resevwa pa mwayen mesaj sekirize ka sèvi kòm prèw nan yon odyans ki gen pou fèt.
 - Nou ka anrejistre oswa fè rezime konvèsasyon w ak anplwaye Depatman Travay la e yon rezime konvèsasyon w lan ka sèvi kòm prèw nan yon odyans ki gen pou fèt.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize vidyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Enfòmasyon konsènan onètete pèsonèl ak Asirans Chomaj

Pifò moun ki aplike pou avantaj Asirans Chomaj yo fè yon bagay ki dwat. Yo tonbe nan chomaj san se pa fèt yo, yo bezwen èd pandan y ap chèche yon nouvo travay, yo kontinye ap chèche travay e yo pare, vle e yo ka retounen travay.

Se egzakteman sa onètete vle di: fè sa ki dwat. Antanke yon patisipan nan sistèm Asirans Chomaj la, nou espere w ap respekte prensip yo, w ap onèt e w ap fè sa k dwat. Nou atann pou konpayi yo, anplwaye eta a ak piblik la aji ak onètete. Lè nou tout aji ak onètete, sa ede nou asire nou lajan an ap disponib pou peye moun ki konte sou Asirans Chomaj pandan yo p ap travay.

Biwo Asirans Chomaj nan Depatman Travay la ap travay ak moun ki fè reklamasyon yo, konpayi yo, piblik la ak lòt ajans federal ak eta yo pou asire yo sistèm Asirans Chomaj la onèt. N ap travay pou nou dekouvri ak elimine pèman ki pa t dwe fèt (sa rele "pèman ki fèt anlès") e pou nou bloke magouy grasa nouvo teknoloji, konparezon enfòmasyon ak anpil lòt baz done e lè nou chanje règleman ak pwosedi pou nou bloke moun ki chwazi fè sa k pa sa.

Si w te fè yon erè — pa egzanp, ou te resevwa lajan w pa t sipoze resevwa — nou ka ede w. Tanpri fè nou konn sa kou sa posib. Voye yon mesaj sekirize pou nou sou labor.ny.gov/signin. Mete non itilizatè ak modpas NY.gov ou a. Nan paj My Online Services la, nan seksyon Messages la, klike sou "Go to My Inbox". Chwazi "Compose New." Chwazi Tit: "Kesyon Reklamasyon yo." Chwazi Dezyèm Tit la: "Certification Questions." Nan sa w ap ekri nan mesaj la, esplike erè a. Oswa, ou ka rele Sant Reklamasyon nan Telefòn nou an*, menm si w pa fin kwè gen yon pwoblèm. Si w di nou sa depi kounye a, sa ap konsève dwa w genyen pou w resevwa lajan ki pase, nan moman an, ak sa w gen pou w resevwa.

Enfòmasyon konènan magouy nan Asirans Chomaj

Si w fè espere w bay fo enfòmasyon oswa ou kenbe enfòmasyon pandan w ap aplike pou avantaj yo oswa pandan w ap fè reklamasyon pou lajan an chak semèn, se magouy sa a rele. Si w fè magouy, n ap fè w peye 15% penalite kach oswa \$100 (nenpòt sa k plis la) sou pèman anlès pou avantaj yo. Met sou sa a, w ap gen pou w remèt lajan an e w ap pèdi lajan w gen pou w resevwa pou asirans chomaj la. Epi, Depatman Travay la ka jwenn yon jijman kont ou pou yo ka touche lajan anlès ou resevwa akoz magouy ou te fè yo. Kou l fin fèt, yon jijman ka valab e yo ka itilize l kont ou pandan ven lane e yo pran lajan w, tankou yon pati nan salè w ak/oswa kont bank ou. Epi, yon jijman ka gen move enpak sou nòt kredi w e l ka gen enpak sou kapasite w pou w lwe yon kay, jwenn yon travay oswa prete lajan.

Ou dwe rapòte yon fason ki onèt, san manke anyen, tout biznis ou gen pati pa w landan yo oswa w gen yon pozisyon ladan yo, epi rapòte tout aktivite w fè ki ka ba w nenpòt lajan. Si w pa fè sa, sa ka gen konsekans pou senp sitwayen oswa kriminel.

Si nou deside ou pa kalifye pou avantaj yo e w pa dakò, ou gen dwa pou w al nan odyans devan Jij Dwa Administratif la e sa p ap koute w anyen. Si nan odyans lan nou vin wè se magouy ou te fè pou w jwenn lajan an, w ap gen pou w remèt lajan an. N ap touche yon penalite nan lajan w gen pou w resevwa yo. Si w pa remèt lajan an, n ap ka depoze yon jijman kont ou jan sa dekri pi wo a.

Si w fè magouy lè w ap aplike oswa fè reklamasyon pou avantaj Asirans Chomaj yo, sa ka fè w resevwa penalite pou senp sitwayen oswa amann, ou ka gen dosye kriminel e w ka menm pran prizon. Pa egzanp, si w koupab yon move zak sou do w, penalite yo ka amann ki rive jiska \$500, jiska ennan prizon oswa toulède. Yon kondanasyon pou krim ka mennen w nan prizon pou ennan. Met sou sa, ou t ap gen pou w remèt nenpòt lajan yo te peye w anlès. Penalite kriminel yo pa anile pèman anlès ou dwe Depatman Travay la.

Ou ta dwe konnen, dapre lwa federal la, se yon krim sa ye pou w chanje, achte oswa kopye yon kat Sekirite Sosyal. Zak malonèt sa ka fè w peye amann oswa pran prizon.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Dis pwoblèm ki rive pi souvan ki ka gen enpak negatif sou avantaj ou yo

Men dis bagay moun k ap fè reklamasyon yo plis fè ki gen enpak negatif sou avantaj yo:

1. **Reklame avantaj yo lè w fin retounen travay.** Lè w ap fè reklamasyon avantaj apre w fin retounen travay, ou dwe rapòte tout èdtan w te travay yo (jiska 10 pa jou) menm si yo pa t peye w. Si w travay plis pase 30 èdtan pa semèn oswa w touche plis pase \$504 nan yon semèn, ou p ap kalifye pou avantaj yo e w pa bezwen reklame pou semèn sa a.
2. **Travay pandan w ap resevwa lajan e pa rapòte pandan w ap fè deklarasyon,** menm si yo pa t peye w. **Remak:** Nou aksepte travay benevòl. Tanpri **Gade Chapit 6: "E si m fè travay benevòl?"** pou w jwenn plis enfòmasyon.
3. **Travay "ki pa anrejistre" oswa "anba tab"** pandan w ap fè reklamasyon pou avantaj.
4. **Fè yon fo deklarasyon oswa kenbe enfòmasyon** pou Depatman Travay la.
5. **Eseye aplike pou Asirans Chomaj oswa fè reklamasyon pou avantaj chak semèn yo (sa yo rele deklarasyon pou avantaj yo tou) pandan w pa Etazini, Pòtoriko, Zile Vyèj yo oswa Kanada.**
6. **Bay yon lòt moun PIN oswa idantifyan ak modpas NY.gov ou** pou yo ka fè reklamasyon avantaj yo pou ou. Pa bay okenn moun – menm moun nan fanmi w – PIN ou oswa idantifyan oswa modpas NY.gov ou. Se magouy sa a ye. Si w panse yo vòlè PIN, ID NY.gov ou, modpas oswa kad debi w, kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn* nan tousuit. **Sof si w pa ka antre pwòp PIN ou, ou ka bezwen yon moun antre l pou ou. Men, ou dwe ansanm ak moun k ap ede w la lè l ap antre modpas oswa PIN ou. Remak: Moun k ap fè reklamasyon yo pa oblije itilize yon moun pou ki ede yo pou okenn sèvis nan Depatman Travay tankou asirans chomaj. Sèvis entèprèt yo disponib gratis.**
7. **Ou pa al nan randevou ki obligatwa nan yon Sant Karyè.** Si w pa ale sa ka bloke reklamasyon w lan jiskaske w al nan Sant Karyè a pou w rapòte.
8. **Di ou te chèche travay pandan se manti.** Tanpri **Gade Chapit 7: "Kisa egzijans pou rechèch travay yo ye?"** pou w jwenn enfòmasyon konsènan fason pou w chèche travay.
9. **Bay manti pou w di ou disponib pou w travay pandan w pa ka travay,** kit se akòz maladi, vakans, aranjman pou gadri oswa nenpòt lòt rezon. Ou pa kalifye pou avantaj yo pou nenpòt jou ou pa t ka oswa disponib pou w aksepte travay tousuit.
10. **Pa di nou vrè rezon kifè w te kite travay ou.**

Si w panse konpayi w ap travay la oswa lòt moun ka fè magouy nan Asirans Chomaj, denonse l nan **888-598-2077**. Ou pa oblije bay non w.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Sa k Ladan I

Pou w reklame avantaj Asirans Chomaj (fè deklarasyon pou avantaj) oswa verifye nan ki nivo pèman lajan an ye	III
Pou w aplike pou avantaj yo (depoze yon reklamasyon) oswa poze kesyon presi konsènan reklamasyon w lan	III
Pou w kreye oswa itilize yon ID NY.Gov	III
Pou w chanje adrès oswa nimewo telefòn ou	IV
Èd ak kat debi – Pwogram Sèvis Kliyan Way2Go	IV
Pou w enskri nan depo dirèk.....	IV
Pou w chanje montan taks yo kenbe a	IV
Pou w jwenn fòmilè 1099-G w la.....	IV
Pou w jwenn Sant Karyè a.....	IV
Pou w denonse magouy moun ap fè nan asirans chomaj.....	V
Pou w rapòte yon erè w te fè l w t ap fè reklamasyon pou avantaj chak semèn yo	V
Pou w korije konpayi w ap travay la oswa enfòmasyon sou salè w pou lè y ap Deside Kantite Lajan w dwe resevwa.....	V
Pou w mande yon peryòd debaz pwolonje (paske w pa kalifye pou avantaj yo lè w itilize Peryòd Debaz Senp oswa Lòt Opsyon yo, men w resevwa dedomajman pou travayè yo oswa lajan yo bay ponpye benevòl yo pandan peryòd debaz senp lan)	V
Pou w mande yo peye w pou yon semèn ou te rate	V
Pou w mande Depatman Travay si w kalifye lè w kite peyi a oswa ou kite mache travay nan zòn ou an.....	VI
Pou m jwenn dat m ap fin resevwa avantaj	VI
Pou m mande yon dosye pèman pou asirans chomaj mwen resevwa yon (Pèman yo gentan fè yo).....	VI
Pou w mande yon odyans.....	VI
Lòt Mwayen.....	VI
Apèsi	VII
Fè reklamasyon ak resevwa avantaj yo	VII
Asirans Chomaj ak travay	VIII
Fason pou w evite magouy.....	VIII
Pwoteje dwa w genyen pou w jwenn avantaj yo	IX
Enfòmasyon konènan magouy nan Asirans Chomaj.....	X
Dis pwoblèm ki rive pi souvan ki ka gen enpak negatif sou avantaj ou yo.....	XI

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

1 Kisa Asirans Chomaj lan ye?	1
2 Kondisyon pou w kalifye pou Asirans Chomaj	2
Kondisyon pou w resevwa avantaj yo	2
Rezon ki ta ka fè nou refize ba w avantaj yo.....	2
3 Resevwa lajan avantaj ou yo: PIN, ID NY.gov, depo dirèk ak kat debi w	5
Kreye Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl (Personal Identification Number, PIN) ou	5
Kreye ID NY.gov ou a.....	5
Anrejistre metòd pèman w lan.....	6
Depo dirèk	6
Anile depo dirèk.....	8
Kat debi	8
Kat debi ki pèdi oswa yo vòlè	8
4 Konbyen kòb m ap resevwa nan men asirans lan chak semèn?	9
Konprann sa "peryòd debaz" ou a ye	9
Kantite lajan ou dwe fè pou w kalifye pou avantaj yo.....	10
Fason nou kalkile montan avantaj chak semèn ou an	10
Si salè a ak/oswa konpayi w ap travay la pa mansyone sou avi Desizyon pou Lajan w ap Resevwa a.....	11
Mande pou yo rekalkile montan avantaj ou yo dapre Lòt Opsyon Peryòd Debaz la	12
Dedomajman pou travayè oswa avantaj pou ponpye benevòl yo ak peryòd debaz la	12
Itilize salè ki nan trimès nan moman an pou w depoze yon reklamasyon	12
Mande pou yo rekalkile montan avantaj ou yo dapre salè mwayen pa semèn nan.....	13
Nou pa ka sèvi ak salè pou travay ou pèdi akoz move konduit ou genyen oswa zak kriminel	13
Montan ki pi plis ak sa ki pi piti pou avantaj chak semèn nan	13
5 Kilè m ap kòmanse resevwa lajan asirans lan?	14
Kilè m ap resevwa premye pèman m nan?	14
Voye tout fòmilè yo tounen rapid.....	14
Ki sa pou w fè si w pèdi yon fòmilè.....	15
Semèn ann atant pou avantaj yo	15
Kijan m ap fè konnen kilè m ap kòmanse resevwa avantaj yo?	15
6 Kijan pou m reklame lajan asirans lan bay chak semèn nan?	16
Kijan pou m jwenn lajan pou avantaj mwen yo (fè reklamasyon pou avantaj chak semèn/fè deklarasyon pou avantaj)?.....	16
Se ou menm ki pou fè reklamasyon pou avantaj yo	16
Fè reklamasyon pou avantaj chak semèn sou entènèt.....	16
Fè reklamasyon pou avantaj chak semèn nan telefòn	17
Kilè pou m fè reklamasyon pou avantaj yo	17
Kesyon anrapò ak Deklarasyon Chak Semèn.....	18
E si m bezwen èd pou m fè reklamasyon pou avantaj chak semèn yo?	19

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize vidyò oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

E si m wwayaje nan yon zòn ki pa zòn mwen oswa nan yon lòt peyi ki pa Etazini, Kanada, Pòtoriko oswa Zile Vyèj yo?	19
Kisa pou m fè pou m depoze yon reklamasyon pou yon semèn mwen te nan peyi a pandan kèk jou e m te pare, vle, e ka travay?	20
E si m travay a tan pasyèl?.....	20
Kisa travay vle di?.....	21
Mwen te eseye fè reklamasyon pou avantaj chak semèn yo, men sistèm telefòn nan pa t kite m fè deklarasyon. Mwen resevwa yon mesaj ki fè m konnen mwen dwe konekte nan labor.ny.gov oswa rele yon nimewo telefòn byen presi. Sa k ap pase?	22
E si m vle ouvri pwòp biznis mwen?	22
E si m se yon otorite yo te vote?.....	23
E si m fè travay benevòl?	23
Kite adrès ak nimewo telefòn ou ajou lè w ap fè reklamasyon pou avantaj yo	24
Kisa m ta dwe fè si non m chanje?	24

7 Kisa egzijans pou rechèch travay yo ye?25

Èske dwe chèche travay?	25
Kisa efò ki òganize e w ap kontinye fè pou w jwenn travay vle di?	25
Ki aktivite rechèch travay n ap aksepte kòm prèv rechèch travay?.....	26
Pandan konbyen tan mwen dwe konsève dosye rechèch travay mwen an?.....	26
Kisa yon Plan Rechèch Travay ye?	26
Pou kiyès yo retire kondisyon rechèch travay yo?.....	27
Ki kalite travay mwen dwe chèche? Èske m ka refize yon travay paske salè a twò piti?	27
E si m refize yon travay ki respekte kondisyon yo jan sa dekri nan kesyon ki pi wo yo, men ki ofri yon tikras avantaj ki mwens pase sa yo ofri nan menm travay la?	28
Ki zòn ki mache travay nan zòn mwen an?.....	28
Jis nan ki zòn mwen dwe ale pou m chèche travay?	28
Sant Karyè Eta Nouyòk.....	28
Rankont Sant Karyè ki obligatwa yo	28
Kisa k ap pase si m pa al nan rankont Sant Karyè m nan?	29
E si eta fizik mwen fè m pa ka chèche oswa aksepte travay?.....	29
E si m pa ka chèche oswa aksepte travay paske yo te rele m pou m fè pati yon komite jij? ...	30
Èske si m ansent sa ap gen enpak sou avantaj mwen yo?	30

8 Touche plis pase sa w ta dwe touche ak magouy 31

Kisa pèman ki plis pase sa w ta dwe resevwa a ye?.....	31
Kisa fo deklarasyon ou fè espere w fè vle di?	31
Kisa k ap pase si m pa remèt lajan ki plis pase sa m ta dwe resevwa a oswa m pa peye penalite lajan an?	31
Kisa m ta dwe fè si m resevwa desizyon ki fè konnen mwen te resevwa pèman ki plis pase sa m ta sipoze resevwa?	32
Pèman anplis lòt pwogram eta a oswa federal fè	32

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize vidyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

9 Kisa m dwe fè lè m retounen travay?	33
Kisa m dwe fè lè m retounen travay a tan plen?	33
E si m retounen travay e apre sa m tonbe nan chomaj ankò?	33
10 Fason Odyans ak Kontestasyon Fèt	34
Èske m ka konteste yon desizyon anrapò ak reklamasyon m nan?	34
Kijan pou m mande yon odyans?	34
A kisa m ta dwe atann mwen lè m fin mande yon odyans?	35
Ki sa k ap rive avantaj mwen yo lè m gen yon odyans ki planifye?	35
E si konpayi m ap travay la mande yon odyans?	35
Èske m ka gen yon reprezantan nan odyans yo?	36
Kijan pou m prepare pou yon odyans?	37
Verifye epi jwenn yon kopi dosye w la	37
Kisa k ap pase si m pa al nan rankont lan?	37
Nimewo Telefòn — Biwo Odyans yo:	38
Kijan e kilè m ap resevwa desizyon jij la?	38
Kijan pou m fè yon lòt kontestasyon si m pa dakò ak desizyon jij la?	38
Kijan pou m fè yon lòt kontestasyon si m pa dakò ak desizyon Komite Kontestasyon an?	39
11 Sitiyasyon espesyal	40
E si m gen yon kesyon konsènan avantaj wmen yo?	40
E si m panse avantaj mwen yo rive anreta? Epi, ki jan pou m verifye pèman m resevwa deja yo ak/oswa nan ki nivo pèman m nan ye?	40
Yo sispann ban m lajan an. Sa k ap pase?	40
Si m resevwa pèman poutèt yo revoke m oswa pou dedomajman, èske sa a ap gen enpak sou avantaj mwen yo?	41
Si m pèdi travay a tan plen m nan e m gen yon travay tan pasyèl sou kote, èske m dwe kenbe travay tan pasyèl la?	41
Èske m ka itilize sèvis militè pou m depoze yon reklamasyon?	42
Nan ki sans fòmasyon nan rezèv militè a gen enpak sou reklamasyon m gen nan moman an?	42
E si m travay pou yon etablisman edikasyon?	42
Èske si m ansent sa ap gen enpak sou avantaj mwen yo?	42
Èske si m ap resevwa sekirite sosyal sa ap gen enpak sou avantaj mwen yo?	43
Èske si m ap resevwa dedomajman pou travayè yo sa ap gen enpak sou avantaj mwen yo?	43
Èske m ka al lekòl oswa nan fòmasyon pandan m ap resevwa avantaj yo?	43
E si m nan Pwogram Aprantisaj Anrejistre nan Eta Nouyòk la?	44
Ouvri yon biznis: Pwogram Èd pou Travay Endepandan (Self-Employment Assistance Program, SEAP) a	44
Mwen pèdi travay mwen akòz komès entènasyonal.	
Kisa Èd nan kad Aranjman pou Komès (Trade Adjustment Assistance, TAA) la ye?	44

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize vidyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Li p ap fasil pou m jwenn yon lòt travay nan domèn oswa pwofesyon m te ye a.	
Kisa sèvis pou “travayè ki revoke” yo ye?	45
E si m pa t travay nan Eta Nouyòk nan 18 mwa ki sot pase yo?.....	46
E si m te travay nan Eta Nouyòk ak youn oswa plis lòt eta nan 18 mwa ki sot pase yo?	46
Avantaj nan kad Asirans Chomaj yo ka al nan deklarasyon revni	46
Deklarasyon revni fen ane (Fòmilè 1099-G).....	46
Konpayi m ap travay la peye m antanke travayè endepandan e/oswa li pa anrejistre pèman m yo. Kisa pou m fè?.....	47
Mwen fin touche tout 26 semèn avantaj mwen yo. Èske m ka pwolonje avantaj mwen yo?...	47
Ki fason m ka jwenn prèv m ap resewva oswa mwen te resewva lajan pou Chomaj?	47
12 Lis ki gen ekspresyon enpòtan yo.....	48
13 Apendis I: Biwo k ap Defann Moun ki Fè Reklamasyon yo	52
Li la pou ede moun ki fè reklamasyon yo konprann dwa ak responsabilite yo pandan tout pwosesis Asirans Chomaj la	52
A ki pwoblèm Biwo k ap Defann Moun ki Fè Reklamasyon yo ka ede w?	52
Biwo k ap Defann Moun ki Fè Reklamasyon yo pa ka:.....	52
Kilè m ta sipoze kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn nan (TCC) olye pou m kontakte Biwo k ap Defann Moun ki Fè Reklamasyon yo?	53
Kontakte Biwo k ap Defann Moun ki Fè Reklamasyon yo	53
14 Apendis II: Voye yon mesaj sekirize.....	54
15 Apendis III: Règleman ak kondisyon pou w depoze yon dosye entènèt	55
17 Fòmilè.....	59

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize vidyeyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

1 KISA ASIRANS CHOMAJ YE?

Asirans Chomaj se yon lajan, pou yon ti tan, yo peye travayè ki kalifye ki pèdi travay yo san se pa fòt yo. Yo konn rele travayè ki nan chomaj k ap resevwa lajan nan kad Asirans Chomaj la "Moun k ap Fè Reklamasyon." W ap wè ekspresyon sa a nan tout dokiman enfòmasyon sa ak sou sit entènèt nou an.

Ou ka resevwa lajan pou Asirans Chomaj pandan 26 semèn konplè antou pandan yon peryòd ki dire yon lane ki rele "ane avantaj."

Nan Eta Nouyòk, konpayi yo peye pou avantaj yo, se pa travayè yo. Yo pa retire anyen nan lajan yo peye travayè a pou Asirans Chomaj.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

2 KONDISYON POU W KALIFYE POU ASIRANS CHOMAJ

Si w pa fin konnen si w kalifye pou w resevwa lajan yo bay pou Asirans Chomaj la, ou ta dwe aplike kan menm kou sa posib. N ap decide si w kalifye.

Kondisyon pou w resevwa avantaj yo

Ou ka aplike pou w resevwa lajan pou Asirans Chomaj la (depoze yon reklamasyon pou avantaj) si w te travay nan Nouyòk oswa lòt eta. Pou w resevwa avantaj yo, ou dwe:

- Pèdi travay ou san se pa fòt ou
- Te gentan touche yon montan ki ase nan travay ou pou w depoze yon reklamasyon
- Pare, vle, e ka travay tousuit
- Kontinye ap chèche travay
- Ekri tout rechèch travay ou fè chak semèn ou mande avantaj yo oswa sèvi ak zouti rechèch travay la ki sou dol.ny.gov/jobzone
- Al nan randevou ki obligatwa nan Sant Karyè ki nan zòn ou an

Rezon ki ta ka fè nou refize ba w avantaj yo

Ou dwe ranpli kondisyon lalwa met sou pye pou w resevwa lajan pou Asirans Chomaj la. Ou pa ka resevwa avantaj si w gen mwens pase kantite tan travay ak salè yo mande pou w depoze yon reklamasyon jan sa parèt **nan Chapit 4 la: "Konbyen kòb m ap resevwa nan men asirans lan chak semèn?"** Lòt rezon ki ta ka fè nou refize w:

1. Disponibilite, kapasite ak rechèch travay. N ap refize ba w avantaj yo si w:

- Pa pare, vle, e ka travay
- Pa prepare pou w travay tousuit
- Pa gen kapasite fizik oswa mantal pou w travay
- P ap kontinye chèche travay epi w pa kenbe yon dosye ki gen aktivite rechèch travay ou fè yo (sou entènèt oswa pa ekri) pou chak semèn ou fè reklamasyon pou avantaj yo

Si w pa kalifye pou avantaj yo paske w pa disponi oswa ka travay, ou ka vin kalifye lè w montre Depatman Travay la ou disponib pou w travay, ou ka travay e w kontinye ap chèche travay, e w kenbe yon dosye aktivite rechèch travay ou yo.

Ou dwe al nan randevou ki obligatwa nan Sant Karyè ki nan zòn ou an. Si w pa al nan randevou obligatwa w la, n ap kanpe avantaj ou yo tousuit. Premye bagay ou dwe fè se pou w ale, an pèsòn, nan Sant Karyè ki nan avi randevou w la nan lè sant sa ouvri. Ou ka rele nan Sant Karyè sa a tou epi pale ak yon ajan nan Depatman travay la pou w rapòte.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

2. Ou decide kite ak lè yo voye w ale: Ou ka vin pa kalifye pou w resevwa lajan pou Asirans Chomaj la si nou vin konnen:

- Ou kite travay ou san w pa gen yon bon rezon pou sa, oswa
- Yo voye w ale (revoke w) pou move konduit

Si w vin pa kalifye pou rezon sa yo, sa ap rete konsa jiskaske w travay ankò e w rive fè omwen dis fwa montan avantaj nou te kalkile lè w te depoze reklamasyon w lan. Lajan w fè nan travay endepandan an p ap konte. Kou w travay ase pou w vin kalifye ankò, ou dwe vin p ap travay ankò san se pa fòt ou.

Si w te gen yon bon rezon pou w kite travay ou, ou p ap pèdi privilèj pou w kalifye pou w resevwa lajan pou Asirans Chomaj la. Men kèk egzanp bon rezon:

- Sitiyasyon kote w ap sibi vyolans nan fwaye w kote sekirite w, oswa sekirite fanmi pwòch ou, t ap an danje si w te ret nan travay la
- Si yon manm nan fanmi pwòch ou gen yon maladi oswa yon andikap ki mande pou w pran swen l pandan plis tan pase sa anplwaye w la vle ba ou (konje peye oswa ki pa peye)
 - "Andikap" gen ladan l: andikap fizik ak mantal, andikap pèmanan ak sa k ap rete pou yon ti tan, andikap nan yon pati nan kò w ak nan tout kò w
- Si kote konjwen w travay chanje e w dwe demenaje avè l nan yon zòn kote w p ap ka fè distans lan pou w al travay
- Depatman Travay decide salè w ak/oswa lè w travay yo te diminye anpil
- Depatman Travay te decide ansyen konpayi w t ap travay la pa rezoud yon danje pou sekirite

Si w te pèdi nenpòt travay nan 18 mwa ki sot pase yo akòz move konduit, salè w te touche nan travay sa a pa ka sèvi pou w depoze yon reklamasyon oswa pou yo kalkile montan avantaj ou a. Sa ka gen enpak negatif sou privilèj pou w kalifye pou avantaj yo oswa sa ka diminye nan montan avantaj la.

Si w te pèdi nenpòt travay nan 18 mwa ki sot pase yo san gen yon rezon pou sa, salè w te touche nan travay sa a ka toujou sèvi pou w depoze yon reklamasyon oswa pou yo kalkile montan avantaj ou a, depi w fè omwen dis fwa montan avantaj ou a apre travay sa a fin kanpe e w vin pa gen travay ankò san se pa fòt ou.

- **Egzanp A:** Ou nan chomaj paske w kite dènye travay ou te ye a pou rezon pèsònèl. Ou depoze yon reklamasyon pou lajan yo bay pou asirans chomaj la e montan avantaj ou a se \$400. Men, paske w kite dènye travay ou a san w pa gen yon rezon, ou vin pa kalifye pou w resevwa avantaj yo. Ou p ap ka depoze yon reklamasyon jiskaske w travay e w fè omwen \$4,000 (\$400 miltipliye pa dis) nan nouvo travay ou a e w vin nan chomaj ankò san se pa fòt ou.
- **Egzanp B:** Ou depoze yon reklamasyon pou avantaj yo e montan avantaj ou a se \$400. Ou nan chomaj paske yo te voye w ale nan dènye travay ou te ye a, Travay A, kote w te travay pandan twa mwa. Anvan travay A, ou te travay pou yon lòt konpayi, Travay B, pou sis mwa. Se sèl nan travay A ak Travay B ou te travay nan 18 mwa ki sot pase yo. Ou pèdi travay B paske yo te revoke w pou move konduit Donk, salè ou te touche nan travay B a pa ka sèvi pou w depoze yon reklamasyon oswa pou yo kalkile montan avantaj ou a. N ap annik konsidere salè nan Travay A pou nou decide si w kalifye e pou nou kalkile montan avantaj ou a.
- **Egzanp C:** Ou depoze yon reklamasyon pou avantaj yo e montan avantaj ou a se \$400. Ou nan chomaj paske yo te voye w ale nan dènye travay ou te ye a, Travay A. Ou te travay nan Travay A pandan twa mwa e w te fè \$6,000. Anvan travay A, ou te travay pou yon lòt konpayi, Travay B, pou sis mwa. Ou pèdi travay B paske w te kite l pou rezon pèsònèl. Piske w te touche plis pase dis fwa montan avantaj ou a ($\$400 \times 10 = \$4,000$) nan Travay A, w ap kalifye pou avantaj yo. Donk, salè ou te touche nan travay B a paka sèvi pou w depoze yon reklamasyon oswa pou yo kalkile montan avantaj ou a menmsi w te kite Travay B san w pa gen yon rezon.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

3. Refize travay: Ou ka vin pa kalifye pou w resevwa lajan pou Asirans Chomaj la tou si, lè w fin aplike, ou refize pran yon travay ki reponn ak kritè ki dekri nan **Chapit 7 la: "Ki kalite travay mwen dwe chèche? Èske m ka refize yon travay paske salè a twò piti?"**

Ou pa ka refize yon travay ou kalifye pou w fè sa w pa gen yon bon rezon pou sa. Men kèk egzanp bon rezon:

- Travay la t ap bloke dwa w genyen pou w fè pati oswa rete nan yon sendika, oswa anpeche oswa pa respekte yon antant negosyasyon kolektif.
- Gen yon grèv, konpayi a pa kite anplwaye yo vin travay, oswa gen yon konfli nan etablisman kote w ap travay la
- Travay ka nan yon distans ki pa rezonab parapò ak kote w abite a, oswa fè wout la pou w ale ak sot travay pi chè lontan pase sa w te konn fè nan travay ou te gen anvan an
- Salè, dedomajman, lè, oswa kondisyon yo mwens lontan pase sa yo bay nan menm travay la nan zòn nan oswa yo diminye salè a oswa kondisyon travay yo nèt
- Ou te chwazi travay a tan pasyèl nan 18 mwa anvan w te depoze reklamasyon w lan e w te jwenn travay ki pa ka konpare ak travay a tan pasyèl ou a.

4. Grèv oswa lòt konfli nan konpayi a, sof blokaj konpayi a enpoze: Si w pèdi travay ou akòz yon konfli nan travay la, tankou yon grèv, ou ka kalifye pou avantaj yo bay pou Asirans Chomaj yo. Nòmalmman, grèv la dwe dire 14 jou anvan w kalifye pou w resevwa avantaj yo. Sa rele yon peryòd arè. Peryòd arè a pa aplike si yo bloke w nan travay la akòz yon konfli ki gen nan travay la. Ou ka kalifye pi bonè si:

- Konfli nan travay la sispann e w toujou nan chomaj, oswa
- Konpayi w ap travay la anboche travayè pou ranplase yon fason pèmanan

5. Zak kriminèl: W ap vin pa kalifye pou w resevwa avantaj yo pou 12 mwa apre w fin pèdi travay ou, kit se kite w te kite oswa se revoke yo te revoke w, si w:

- Te pèdi travay ou paske w te fè yon krim ki gen rapò ak travay ou, EPI
- Ou te dakò ou antò nan yon deklarasyon siyen oswa ou te fè krim nan

Met sou sa, salè yo peye w poutèt ou te pèdi travay ou paske w te fè yon krim pa ka sèvi pou w depoze yon reklamasyon.

6. Prizon: Si w nan prizyon, ou pa disponib pou w aksepte travay tousuit. Donk, ou pa kalifye pou w resevwa avantaj Asirans Chomaj.

Epi, sa kont lalwa pou w pèmèt oswa fè yon moun fè reklamasyon pou avantaj yo pandan w nan prizon.

Ka gen lòt sitiyasyon ki pa rive souvan ki ka anpeche w kalifye pou w resevwa avantaj pou Asirans Chomaj yo. Gen plis detay sou sa nan **Chapit 11 lan: "Sitiyasyon espesyal."**

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize vidyò oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

3 RESEVWA LAJAN AVANTAJ OU YO: PIN, ID NY.GOV, DEPO DIRÈK AK KAT DEBI W

Kreye Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl (PIN) ou

Si w depoze yon reklamasyon nan telefòn, yo te mande w kreye yon Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl, oswa PIN. Li enpòtan pou w sonje PIN ou. Ou pral sèvi avè l lè w:

- Rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* nan pou w poze kesyon konsènan avantaj chak semèn ou yo, oswa
- Fè reklamasyon pou avantaj yo (fè deklarasyon pou avantaj) pa telefòn grasa Tel-Service

Si w bliye PIN ou oswa w panse gen yon lòt moun ki konn PIN ou a, ou ka rele Sant Reklamasyon Telefòn* nan pou w chanje l. Chwazi opsyon “For PIN or address changes” (Pou chanjman PIN oswa adrès) nan meni an.

Kreye ID NY.gov ou a

Si w chwazi depoze reklamasyon pou avantaj chak semèn (fè deklarasyon pou avantaj) sou sit entènèt nou an, w ap bezwen kreye epi itilize yon ID NY.gov. Se pa menm bagay ak PIN ou kreye lè w depoze yon reklamasyon. Ak ID NY.gov w la, ou ka fè reklamasyon chak semèn epi jwenn enfòmasyon konsènan sit entènèt ou a. Ou ka poze yon kesyon byen presi konsènan reklamasyon w lan pa mwayen mesaj sekirize. Ou ka sèvi ak ID NY.gov ou a tou pou w gen aksè ak sèvi ajans Eta Nouyòk ofri yo. Enstriksyon pou w kreye yon ID NY.gov sou sit entènèt nou an ki se labor.ny.gov/signin. Si w gen difikilte pou w kreye yon ID NY.gov, gade enstriksyon ki dekri nan paj pou w konekte a, gade Kesyon Moun Poze Souvan yo ki sou NY.gov yo, oswa rele **800-833-3000** lendi - vandredi, 8:30 am pou rive nan 4:30 pm. Tanpri pa rele Sant Reklamasyon Telefòn* nan pou w esplike pwoblèm ou gen ak ID NY.gov ou yo, paske yo pa rezoud pwoblèm teknoloji.

Enpòtan: Lè w kite yon moun revevwa lajan an oswa gen aksè ak reklamasyon w lan pa mwayen PIN, ID ak modpas NY.gov ou a, se yon gwo zak malonèt. Ou ka resevwa gwo sanksyon, tankou dosye kriminel e w ka al nan prizon. Ou ka pèdi jiska 20 semèn avantaj. Pa pataje PIN, ID ak modpas NY.gov ou ak okenn moun. Pa ekri yo yon kote lòt moun ka wè yo. PIN, ID ak modpas NY.gov ou se siyati w sou fòm elektwonik. Yo se mwayen sekirite pou pa gen okenn moun, sof ou menm, ki ka reklame ak resevwa lajan Asirans Chomaj ou a oswa gade enfòmasyon prive anrapò ak reklamasyon w lan. Ou responsab pou w pwoteje ak itilize PIN, ID NY.gov ak modpas ID NY.gov ou yo. Sof si w bezwen yon moun pou ede w ranpli oswa fè deklarasyon pou avantaj yo; pa egzanp, si w gen yon andikap oswa ou gen pwoblèm ak lang nan. Si w pa ka antre pwòp PIN ou oswa enfòmasyon NY.gov pou w konekte yo, ou ka mande yon moun pou w l antre enfòmasyon sa a pou ou. Men, ou dwe ansanm ak moun k ap ede w la lè l ap antre modpas oswa PIN ou. Remak: Moun k ap fè reklamasyon yo pa oblije itilize yon moun pou ki ede yo pou okenn sèvis nan Depatman Travay tankou asirans chomaj. Sèvis entèprèt yo disponib gratis.

Si w bliye non itilizatè ak modpas ou pou ID NY.gov ou a oswa si w panse yon lòt moun ka konnen yo, ou ka chanje yo nenpòt lè. Suiv enstriksyon yo pou w chanje non itilizatè ak modpas NY.gov ou a sou labor.ny.gov/signin oswa rele **800-833-3000** soti 8:30 am rive 4:30 pm lendi - vandredi pou w mande èd.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Si w te depoze yon reklamasyon sou entènèt e apresa ou ta renmen rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* nan konsènan reklamasyon w la oswa avantaj chak semèn nan grasa tel-Service, y ap mande w pou w kreye yon PIN. Y ap mande w pou w antre yon PIN ki gen kat chif e apre sa y ap mande w pou w konfime PIN la lè w antre menm nimewo a ankò.

Enpòtan: Lè w kreye yon ID NY.gov, tanpri asire w pa gen yon lòt moun k ap itilize imel ou chwazi a pou yon kont NY.gov. Yon ID NY.gov ka asosye ak yon sèl imel. Pa egzanp, si ou menm ak konjwen w pataje yon imel e konjwen w gentan gen yon ID NY.gov ki asosye ak imel nou pataje a, w ap bezwen itilize yon lòt imel pou ID NY.gov ou a. Asire w ou itilize yon imel ou ka toujou verifye. Lè w anrejistre pou sèvis sou entènèt, sa vle di ou dakò resevwa mesaj nou grasa sistèm mesaj sekirize nan kont NY.gov ou. Lè nou voye yon mesaj sekirize pou ou, n ap voye yon mesaj sou imel ou a tou pou n fè w konn sa. Apresa ou dwe konekte nan kont NY.gov ou a pou w gade mesaj la.

Ou dwe verifye ak reponn mesaj sekirize a ak fòmilè nou ka voye pou ou pa mwayen sistèm mesaj sekirize NY.gov la. Ou dwe reponn tout mesaj, fòmilè ak lèt nan espas tan ki make nan mesaj sa yo. Se responsabillite w pou w verifye imel pèsònèl ou ak kont NY.gov ou a pou w asire w ou pa rate mesaj nou voye yo. Ajoute noreply@labor.ny.gov nan kontak ou pou imel nou yo pa al nan dosye imel ou pa vle yo.

Tanpri Remake: nou p ap voye kopi papyè mesaj sekirize yo pou ou.

Anrejistre metòd pèman w lan

Si w te aplike pou Asirans Chomaj sou entènèt, yo te mande si w te vle resevwa avantaj ou yo pa depo dirèk oswa kat debi. Si w te aplike nan telefòn, w ap resevwa lajan avantaj ou yo otomatikman pa kat debi sof si w te gen yon reklamasyon anvan sa e w te resevwa yo pa depo dirèk. Si yo pa t resevwa lajan pou reklamasyon w te fè a pa depo dirèk, n ap kontinye depoze lajan pou avantaj nan kont bank nou gen nan dosye w la. Si w chanje kont bank, tanpri mete enfòmasyon w yo ajou tousuit sou sit entènèt nou an. Nou pa voye chèk pou lajan avantaj yo. Men sa w bezwen konnen konsènan depo dirèk ak kat debi.

Depo dirèk


Depo dirèk vle di depoze lajan pou avantaj yo dirèkteman nan kont chèk ou. Anjeneral, kou w anrejistre nan depo dirèk, lajan avantaj yo rive dirèkteman nan kont chèk ou nan espas twa jou ouvrab lè Depatman Travay fin fè pèman an. Ou ka enskri pou depo dirèk lè w depoze yon reklamasyon sou sit entènèt nou an ki se labor.ny.gov/signin oswa ou ka chanje pou w mete opsyon pou depo dirèk lè w fè reklamasyon pou avantaj chak semèn (fè deklarasyon pou avantaj yo) sou entènèt. Konekte nan kont ou a sou labor.ny.gov/signin. Mete non itilizatè ak modpas NY.gov ou a. Klike sou bouton "Unemployment Services" la ki nan paj My Online Services la. Klike sou "Update Your Personal Information." Klike sou "Update/Register for Direct Deposit." **Enpòtan: Ou pa ka rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* nan pou w enskri oswa chanje pou w met depo dirèk oswa fè sa lè w ap fè reklamasyon pou avantaj chak semèn grasa sistèm Tel-Service nou an.**

Kou w fin enskri pou depo dirèk, l ap valab jiskaske reklamasyon w lan fini, sof si w chanje l oswa anile l. Pou sekirite w, si w depoze yon lòt reklamasyon pou Asirans Chomaj alavni, w ap gen pou w enskri pou depo dirèk ankò.

Si w reklame avantaj chak semèn yo sou entènèt, w ap toujou wè enfòmasyon konsènan depo dirèk ou a sou paj konfimasyon w lan, menmsi w chwazi resevwa pèman yo sou kat debi lè w te depoze reklamasyon w lan. Se pou w ka toujou gen opsyon pou w kòmanse oswa anile depo dirèk la. Sa pèmèt ou tou pou w mete enfòmasyon depo dirèk ou a ajou si w chanje bank oswa si enfòmasyon bank ou yo chanje.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Pou w enskri oswa chanje pou w mete depo dirèk, w ap bezwen gen yon chèk toupre w. Antre **nimewo idantifikasyon bank la** ak **nimewo kont chèk la** jan l parèt sou chèk ou a. Imaj ki pi ba a montre ki kote sou chèk la w ap jwenn nimewo sa yo. **Enpòtan: Pa itilize yon resi depo kont chèk pou nimewo idantifikasyon bank ou a oswa nimewo kont ou a.** Resi sa yo ka gen chif ki pa koresponn ak depo dirèk. Si bank ou sèvi a fenk fè yon sèl ak yon lòt enstitisyon, sa ka rive nimewo idantifikasyon ak nimewo kont chèk ou a chanje. Kontakte bank ou a pou yo ba w yon nouvo nimewo idantifikasyon ak nimewo kont anvan w anrejistre pou depo dirèk.



Remak: Nimewo idantifikasyon ak kont lan ka yon lòt kote sou chèk ou a

Enpòtan: Tanpri asire w ou byen antre enfòmasyon kont bank ou yo. Si w pa antre bon enfòmasyon yo, ka gen 14 jiska 21 jou reta nan pèman pou avantaj ou yo. Epi, tanpri enprime yon kopi paj Verifikasyon Enfòmasyon Depo Dirèk la anvan w klike sou lyen "submit" la. Se sèl mwayen w genyen pou w gen prèv enfòmasyon kont ou te mete a. W ap bezwen prèv sa a si te gen nenpòt pwoblèm nan enfòmasyon kont chèk ou a.

Lè nou fin resevwa nouvo oswa chanjman nan nimewo kont ou yo, sa ap pran anviwon senk jou ouvrab pou nou anrejistre depo dirèk la epi voye pèman avantaj Asirans Chomaj yo pa mwayen elektwonik nan kont chèk ou. Sa aplikab kit w ap anrejistre yon nouvo kont oswa w ap chanje enfòmasyon kont ki la nan moman an. Si w gen yon kat debi, n ap transfere lajan pou avantaj chak semèn ou yo sou kat debi w la annatandan. Kou w anrejistre pou depo dirèk, ou ta dwe verifye lajan an nan kont ou anvan w bay chèk pou lajan sa a.

Ou pa ka itilize depo dirèk si w ap patisipe nan pwogram ki annapre yo:

- Alokasyon pou Anranjman pou lòt opsyon oswa Anboche Moun Ankò (Alternate or Reemployment Trade Adjustment Allowances, ATAA/RTAA)
- Alokasyon pou Reyadaptasyon Pwofesyonèl (Trade Readjustment Allowances, TRA), oswa
- Asistans pou Chomaj lè gen Katastwòf (Disaster Unemployment Assistance, DUA)

Men, si w te enskri pou depo dirèk pandan w ap resevwa lajan ou abitye resevwa pou Asirans Chomaj la, l ap kontinye pandan w ap resevwa lajan nan pwogram sa yo.

Ou ka enskri oswa chanje enfòmasyon depo dirèk ou yo sou entènèt:

- Lendi pou rive vandredi, 7:30 jiska minui, ak
- Samdi ak dimanch, pandan tout jounen an

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Anile depo dirèk

Ou ka anile depo dirèk nan kont sou entènèt ou a sou labor.ny.gov/signin. Klike sou "Unemployment Services" ki nan paj My Online Services la. L ap voye w sou paj Avantaj Asirans Chomaj Sou Entènèt la. Klike sou "Update Your Personal Information." Klike sou "Update/Register for Direct Deposit." Koche kare "Cancel Direct Deposit" (Anile Depo Dirèk) la ki toupre pati anba paj Enfòmasyon sou Depo Dirèk la. N ap mete dosye nou yo ajou e n ap sispann voye transfè eletwonik pou avantaj chak semèn yo sou kont chèk ou a.

N ap depoze lajan pou avantaj chak semèn ou yo sou kat debi Way2Go w la.

- Si w pa t janm gen yon kat debi, n ap voye youn pou ou otomatikman nan yon anvlòp ki pa make anyen sou li sou anviwon sèt jou apre w fin fè reklamasyon pou avantaj pou semèn k ap vini an.
- Si w te gen yon kat debi Way2Go e l te ekspire oswa pèdi, ou dwe kontakte Sèvis Kliyan Pwogram Way2Go a nan **844-649-9845**.

Kat Debi

Yon kad debi Way2Go se yon kat debi MasterCard. Li pèmèt ou retire lajan avantaj ou yo nan yon ATM (Gichè Otomatik) epi achte tout kote yo aksepte MasterCard. Se sèl Depatman travay la ki ka depoze lajan sou kont kat debi w la. N ap voye kat sa a pou ou otomatikman, sof si w te enskri pou depo dirèk.

N ap voye youn pou ou otomatikman sou anviwon dis jou apre w fin apwouve pou w resevwa lajan pou avantaj yo. Pou rezon sekirite, w ap resevwa kat debi w la nan yon anvlòp blan ki pa make anyen sou li. Tanpri siveye lè l ap rive nan bwat lapòs la epi **pa jete l**, menm si w te enskri pou depo dirèk. Lè w resevwa kat ou a, ale sou GoProgram.com oswa rele Sèvis Kliyan Way2Go a nan **844-649-9845** pou w ka aktive l rapid. Oswa w ka telechaje aplikasyon mobil Way2Go Card la nan Apple App Store oswa Google Play Store epi aktive kat ou a la a.

Nan etap aktivasyon an, y ap mande w pou w kreye yon PIN pou kat ou a. PIN sa a se yon nimewo ki gen kat chif ou antre nan klavye machin ATM yo ak nan kote yo vann. PIN kat debi w la se pa menm bagay ak PIN ou te kreye lè w t ap depoze reklamasyon Asirans Chomaj ou a, ki se yon nimewo ki gen kat chif tou. Pou rezon sekirite, itilize nimewo ki gen kat chif ki diferan pou PIN kat debi a ak PIN Asirans Chomaj ou a.

Enfòmasyon sou balans kat debi w la pa disponib nan Detatman Travay. Ou ka verifye balans kont ou gratis nan tout ATM Allpoint ak MoneyPass yo, lè w rele Sèvis Kliyan Way2Go a nan **844-649-9845**, itilize aplikasyon mobil Way2Go Card la, oswa lè w al sou sit entènèt Pwogram Way2Go a ki se GoProgram.com. Ou ka gade relve yo soti chak mwa a sou sit Pwogram Way2Go a ak nan aplikasyon mobil Way2Go a. Ou ka chwazi resevwa relve papye pa lapòs, men pwogram Way2Go a ap fè w peye pou sèvis sa a.

Kat debi w la valab pou senk jou e l ap sèvi pou reklamasyon nan moman an ak sa w ka fè alavni. Menmsi w p ap resevwa avantaj nan moman an, sere kat la yon kote ki an sekirite. Si w resevwa lajan pou Asirans Chomaj la apre, menm PIN kat debi ou te kreye a ap aktive kat ou a ankò. Si w fè senkan ou pa t itilize kat ou a oswa si w te depoze yon nouvo reklamasyon apre senkan, rele Sèvis Kliyan Pwogram Way2Go a nan **844-649-9845** pou w mande yon nouvo kat. Anplwaye Depatman Travay la pa ka ranplase oswa mande yon nouvo kat pou ou.

Kat debi ki pèdi oswa yo vòlè

Si w pèdi kat debi w oswa yo vòlè l, rele Sèvis Kliyan Pwogram Way2Go a tousuit nan **844-649-9845** pou w rapòte sa e pou w mande yon nouvo kat.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

4 KONBYEN KÒB M AP RESEVWA NAN MEN ASIRANS LAN CHAK SEMÈN?

Itilize zouti sou entènèt pou w kalkile montan avantaj ou a ki sou labor.ny.gov/benefit-rate-calculator pou w ka wjenn yon ide sou lajan avantaj chak semèn nan. **Remak:** Zouti pou fè kalkil la se yon ide li bay **sèlman**. Sa pa bay garanti w ap kalifye pou avantaj yo oswa pou yon montan presi. Ou dwe fè reklamasyon pou Asirans Chomaj pou w konnen si w kalifye e pou w ka konn montan pou avantaj ou a.

Konprann sa "peryòd debaz" ou a ye

Montan pèman avantaj Asirans Chomaj ou a depann de konbyen ak kilè nou te peye w pandan yon "peryòd debaz". Yon peryòd debaz reprezante ennan travay ak salè w (kat trimès). Trimès sou baz kalandriye yo se peryòd twa mwa ki parèt nan tablo ki pi ba a. Salè ou touche nan peryòd debaz ou a sèvi pou kalkile montan avantaj ou a. Salè yo kalkile dapre trimès dat pèman, se pa peryòd pèman an. Montan avantaj ou a se kantite lajan ou ka resevwa si w kalifye pou yon semèn konplè pou lajan yo bay pou Asirans Chomaj la.

Gen de kategori peryòd debaz ki parèt nan tablo ki pi ba a. **Peryòd Debaz Senp** lan se **premye kat** nan **senk dènye** trimès ki fini sou baz kalandriye yo anvan trimès ou te mande lajan avantaj yo. Si w touche ase salè nan Peryòd Debaz Senp ou an, nou itilize lè nou kalkile pèman lajan pou avantaj yo.

Fason Peryòd Debaz Mache

Egzanp sèlman. Vrè peryòd ou travay yo kapab pa menm ak sa ki mansyone yo

Ane Anvan an				Ane Sa a	
1ye Trimès 1ye Janvyè - 31 Mas	2yèm Trimès 1ye Avril - 30 Jen	3yèm Trimès 1ye Jiyè - 30 Septanm	4yèm Trimès 1ye Oktòb - 31 Desanm	5yèm Trimès 1ye Janvyè - 31 Mas	Trimès ou te depoze demann pou avantaj yo 1ye Avril - 30 Jen
Peryòd Debaz Senp Salè yo peye w pandan kat trimès sa yo kouvri pou Peryòd Debaz Senp ou a.					
Lòt Peryòd Debaz Salè yo peye w pandan kat trimès sa yo kouvri pou Lòt Peryòd Debaz ou a.					

Si w pa touche ase salè nan Peryòd Debaz Senp ou an, nou itilize **Lòt Opsyon Peryòd Debaz** ou a pou kalkile pèman lajan pou avantaj yo. Lòt Opsyon Peryòd Debaz la se premye kat nan senk dènye trimès ki fini yo anvan trimès ou te mande lajan avantaj yo. **Enpòtan: Si w pa touche ase salè nan Peryòd Debaz Senp ou an, nou pa verifye otomatikman pou nou wè si montan avantaj ou yo t ap plis pase Lòt Peryòd Debaz ou a si nou itilize l pito.** Si w panse montan avantaj ou a t ap plis si nou itilize Lòt Opsyon Peryòd Debaz ou a, ou ka mande nou pou nou itilize Lòt Peryòd Debaz ou a pou nou kalike pèman lajan pou avantaj yo.

Men, si w chwazi itilize salè nan lòt trimès la pou reklamasyon nan moman an, ou pa ka itilize salè sa yo ankò alavni. Sa ka gen enpak sou kapasite w pou w kalifye pou yon reklamasyon alavni. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri gade **"Mande yo rekalkile to benefis ki baze sou Altènatif Peryòd Debaz" nan Chapit 4.**

Pou tout peryòd debaz, trimès ou depoze dosye pou w resevwa avantaj yo pa konte nan peryòd de baz la. Sa vle di montan yo peye pandan trimès ou te depoze dosye a p ap sèvi pou kalkile montan avantaj ou a.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Kantite lajan ou dwe fè pou w kalifye pou avantaj yo

Pou w kalifye pou avantaj yo, ou ka ranpli **tout twa** kondisyon pou lajan pou w fè ki annapre yo pandan peryòd debaz ou a (debaz oswa lòt opsyon):

- Ou dwe te travay e yo te peye w salè nan travay Asirans Chomaj la kouvri nan omwen de trimès sou baz kalandriye
- Pou reklamasyon ou depoze nan lane 2024, ou dwe te touche omwen \$3,300 nan yon trimès nan kalandriye a, e
- Total salè ou touche yo dwe omwen 1.5 fwa montan yo peye w nan trimès ki ou resevwa plis la
 - Trimès ou touche plis la se peryòd debaz kote w resevwa plis lajan. Eksepsyon: Si salè pou trimès ou a te \$11,088 oswa plis, ou dwe te touche omwen \$5,544 (mwatye \$11,088) antou pou twa lòt trimès peryòd debaz ou a. Egzanp: Salè pou trimès ou resevwa plis lajan an se te \$4,000. Ou dwe te touche omwen \$6,000 ($\$4,000 \times 1.5 = \$6,000$) antou pou twa lòt trimès peryòd debaz ou a.

Tanpri Remake: Pou w kalifye pou avantaj yo, ou dwe te pèdi travay ou tou san se pa fòt ou, ou pare, vle, e ka travay, e w kontinye ap chèche travay.

Fason nou kalkile montan avantaj chak semèn ou an

Si w te touche salè nan tout **kat trimès** peryòd debaz ou a ak trimès kote w resevwa plis lajan an se:

- **Plis pase \$3,575:** Montan avantaj ou a se montan pou trimès ou resevwa plis lajan an divize pa 26. Si kalkil sa a mwens pase \$143, montan avantaj ou a se \$143.
 - **Egzanp 1:** Salè pou trimès ou resevwa plis lajan an se te \$4,030. Montan avantaj chak semèn ou an se \$155 ($\$4,030 \div 26 = \155).
 - **Egzanp 2:** Salè pou trimès ou resevwa plis lajan an se te \$3,640. Rezilta nan montan avantaj ou pou \$140 ($\$3,640 \div 26 = \140). Piske sa mwens pase \$143, montan avantaj ou a se \$143.
- **\$3,575 oswa mwens:** Montan avantaj ou a se montan pou trimès ou resevwa plis lajan an divize pa 25.
- **Egzanp:** Salè pou trimès ou resevwa plis lajan an se te \$3,350. Montan avantaj chak semèn ou an se \$134 ($\$3,350 \div 25 = \134).

Si w te touche salè pou **de oswa twa trimès** sèlman pou peryòd debaz ou a ak montan pou trimès kote w resevwa plis lajan an se:

- **Plis pase \$4,000:** Montan avantaj ou a se montan an mwayèn pou de trimès ou resevwa plis lajan an, divize pa 26. Si kalkil sa a mwens pase \$143, montan avantaj ou a se \$143.
 - **Egzanp:** Salè pou trimès ou resevwa plis lajan an se \$4,500 e montan pou pwochen trimès kote w resevwa plis lajan an se \$4,288, yon mwayèn \$4,394 ($\$4,500 + \$4,288 = \$8,788$, $\$8,788 \div 2 = \$4,394$). Montan avantaj ou a se \$169 ($\$4,394 \div 26 = \169).
- **\$3,576 rive \$4,000:** Montan avantaj ou a se montan pou trimès ou resevwa plis lajan an divize pa 26. Si rezilta kalkil sa a mwens pase \$143, montan avantaj ou a se \$143.
 - **Egzanp:** Salè pou trimès ou resevwa plis lajan an se te \$3,640. Rezilta nan montan avantaj ou pou \$140 ($\$3,640 \div 26 = \140). Piske sa mwens pase \$143, montan avantaj ou a se \$143.
- **\$3,575 oswa mwens:** Montan avantaj ou a se montan pou trimès ou resevwa plis lajan an divize pa 25.
- **Egzanp:** Salè pou trimès ou resevwa plis lajan an se te \$3,350. Montan avantaj chak semèn ou an se \$134 ($\$3,350 \div 25 = \134).

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sévis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Tanpri Remake: Depi premye lendi nan mwa oktòb 2019 la, pi gwo montan yon moun resevwa avantaj yo te ogmante jiska \$504. **Pou reklamasyon ki fèt apati 1 janvyè 2024 oswa apre sa, montan avantaj ki pi piti a se \$132. Pou reklamasyon ki depoze nan 2024 yo, kantite ki pi piti pou trimès ou resevwa plis lajan an se \$3,300.**

Kou nou fin kalkile pèman avantaj chak semèn nan, w ap resevwa yon avi Desizyon sou Lajan Pou Avantaj pa lapòs. L ap di w si w gen ase salè pou w kalifye pou avantaj yo, e si se sa, kisa montan avantaj chak semèn nan ap ye si nou deside ou kalifye. Avi sa a ap gen tout konpayi ou te travay pandan peryòd debaz ou a, se pa sèlman dènye konpayi ou te travay la. L ap gen salè yo te peye w jan konpayi sa yo rapòte sa a.

Ou ta dwe li avi Desizyon sou Lajan w ap Resevwa tousuit pou w asire w li kòrèk. Si w dakò ak enfòmasyon ki ladan l lan, pa fè anyen. Konsève avi a nan dosye w. Si gen nenpòt enfòmasyon ki sou avi a ki pa kòrèk, tanpri gade pati ki rele **"Si salè a ak/oswa konpayi w ap travay la pa mansyone sou avi Desizyon pou Lajan w ap Resevwa a."**

Enpòtan: Desizyon pou Lajan w ap Resevwa a pa konfime si w ap resevwa lajan pou avantaj yo. Li annik montre si w te fè ase lajan oswa w pa t fè ase lajan pou w kalifye. Ka gen lòt rezon ki fè w pa kalifye. **Gade Chapit 2 "Kondisyon pou w kalifye pou Asirans Chomaj".** Lè w fin resevwa Desizyon pou Lajan pou Avantaj la, si nou wè w kalifye, w ap kòmanse resevwa lajan. Si nou wè w pa kalifye, w ap resevwa yon lòt Avi Desizyon pa lapòs k ap di w pouki w pa kalifye.

Enfòmasyon enpòtan pou moun k ap fè reklamasyon ki pa konprann Anglè oswa Espanyòl byen: Nan moman an, Depatman Travay la ka enprime Desizyon pou Lajan w ap Resevwa a ann Anglè ak Espanyòl sèlman. Pou nou ede w konprann avi enpòtan sa a, nou met yon tradiksyon Desizyon pou Lajan w ap Resevwa a nan do dokiman enfòmasyon sa a. Si dokiman sa a tradui enfòmasyon ki nan Desizyon pou Lajan w ap Resevwa a nan lang ou mande dokiman enfòmasyon w lan.

Epi, si lè w t ap aplike pou avantaj yo ou te di nou ou pale yon lòt lang ki pa Anglè oswa Espanyòl, w ap resevwa yon avi ki gen Desizyon pou Lajan w ap Resevwa a ki di w rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* nan pou ede w konprann avi a. Y ap ba w yon moun ki pou tradui gratis.

Si salè a ak/oswa konpayi w ap travay la pa mansyone sou avi Desizyon pou Lajan w ap Resevwa a

Si w wè salè w oswa konpayi w yo pa mansyone sou avi Desizyon pou Lajan w ap Resevwa a, ranpli epi voye fòmilè Demann pou Analize Dosye a Ankò nou te voye ak avi a ba nou (ou ka jwenn fòmilè Demann pou Analize Dosye a Ankò tou nan do dokiman enfòmasyon sa a). **Enpòtan: Nou dwe resevwa fòmilè sa a nan espas 30 jou ki kòmanse konte apati Dat Lapòs la jan sa mansyone nan dènye avi Desizyon pou Lajan w ap Resevwa a.**

Tanpri di nou konbyen kòb pou salè w ou te resevwa pandan tout kat trimès Peryòd Debaz Senp met sou trimès Lòt Peryòd Debaz la. Mete prèv travay ak w salè yo, tankou kopi resi lajan w touche nan travay ou, pou tout salè ki mansyone nan fòmilè a ak pou tout peryòd ki konsène a. Salè a gen ladan l lajan poubwa, bonis, manje ak lojman, ansanm ak komisyon ak pèman pou vakans. Si w pa gen okenn prèv pou salè w, mete yo nan fòmilè a kan menm epi di nou rezon ki fè w pa gen okenn prèv. Si yo te peye w kach, ou ta dwe mete salè sa yo nan fòmilè Demann pou Analize Dosye a Ankò a, menm si w pa gen resi pou lajan yo te peye w nan travay ou oswa lòt prèv yo te peye w. Nou ka mennen ankèt sou rezon konpayi w te travay la pa t rapòte nou salè w la.

N ap analize nouvo enfòmasyon ou voye ba nou sou Demann pou Analize Dosye a Ankò. Lè nou fin fè analiz la, n ap voye yon lòt avi Desizyon pou Lajan w ap Resevwa a.

Si w te travay pou yon ajans gouvènman federal la, yon domèn nan sèvis militè oswa yon lòt kote ki pa Eta Nouyòk, oswa si w te touche antanke yon travayè endepandan, salè w ka pa mansyone sou avi Desizyon pou Lajan w ap Resevwa a. Si w te resevwa nenpòt kalite lajan pou travay ou, ranpli epi retounen fòmilè Demann pou Analize Dosye a Ankò a. **Enpòtan: Nou dwe resevwa fòmilè sa a nan espas 30 jou ki kòmanse konte apati Dat Lapòs la jan sa mansyone nan dènye avi Desizyon pou Lajan w ap Resevwa a.** Sa ap fè nou konnen pou nou konsidere lajan w resevwa pou travay lè w kalkile montan pou avantaj ou yo.

Si w te fè kòb antanke travayè endepandan, tanpri gade **"Konpayi m ap travay la peye m antanke travayè endepandan e/oswa li pa anrejistre pèman m yo. Kisa pou m fè?" nan chapit 11 lan.**

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Enpòtan: Si Desizyon pou Avantaj pou w Resevwa a mansyone konpayi ou pa t travay pou yo oswa li montre salè yo pa t peye w, ou dwe voye yon mesaj sekirize pou w di nou sa kou sa posib. Ale sou labor.ny.gov/signin. Klike sou "Sign In." Mete non itilizatè ak modpas NY.gov ou a. Nan paj My Online Services la, nan seksyon Messages la, klike sou "Go to My Inbox". Chwazi "Compose New." Chwazi Tit: "Benefit Rate and Monetary Determination" (Montan Avantaj ak Desizyon sou kantite lajan) Chwazi Dezyèm Tit la: "Benefit Rate/Monetary Determination-Other." Nan sa w ap ekri nan mesaj la, esplike enfòmasyon ki pa kòrèk la. Oswa, rele Sant Reklamasyon nan Telefòn nan.*

Mande pou yo rekalkile montan avantaj ou yo dapre Lòt Opsyon Peryòd Debaz la

Si montan pou trimès ou resevwa plis lajan nan lòt trimès ou a, montan avantaj ou yo ka plis lè nou sèvi ak Lòt Peryòd Debaz ou a. Ou ka mande nou pou nou itilize Lòt Peryòd Debaz ou a pou nou rekalkile pèman lajan pou avantaj yo.

Pou w fè sa a, ranpli fòmilè Demann pou Lòt Peryòd Debaz TC403HA, nou jwenn nan dol.ny.gov/forms-and-publications, ki nan fen dokiman enfòmasyon sa a tou. **Enpòtan: Nou dwe resevwa fòmilè sa a nan espas 10 jou ki kòmanse konte apati Dat Lapòs la jan sa mansyone nan dènye avi Desizyon pou Lajan w ap Resevwa a.** Avi Desizyon pou Lajan w ap Resevwa a ap montre dat presi yo ak montan salè yo. Si salè w pou lòt trimès la pa parèt sou Desizyon pou Lajan w Resevwa a, mete montan ou te touche a nan lòt trimès la sou fòmilè Demann pou Lòt Peryòd Debaz la. Mete prèv travay ak salè w yo, tankou kopi resi lajan w touche nan travay ou, pou tout salè ki mansyone nan fòmilè a ak pou tout peryòd ki konsène a. Salè a gen ladan l lajan poubwa, bonis, manje ak lojman, ansanm ak komisyon ak pèman pou vakans. Mete montan yo te peye w kach la.

Si salè w ki sou Desizyon pou Lajan w Resevwa pou lòt trimès yo pa plis pase salè pou trimès ou fè plis kòb la oswa si montan avantaj la se montan ki pi wo a, pa mande pou yo refè kalkil la. **Enpòtan: Si w chwazi itilize salè nan lòt trimès la pou reklamasyon nan moman an, ou pa ka itilize salè sa yo ankò alavni.** Sa ka gen enpak sou kapasite pou w kalifye pou yon reklamasyon alavni.

Dedomajman pou travayè oswa avantaj pou ponpye benevòl yo ak peryòd debaz la

Si w pa kalifye pou avantaj yo lè w itilize Peryòd Debaz Senp oswa Lòt Opsyon yo, men w resevwa dedomajman pou travayè yo oswa lajan yo bay ponpye benevòl yo pandan Peryòd Debaz Senp lam, ou ka toujou kalifye. Peryòd Debaz Senp lan ka pwolonje pou retounen sou de trimès sou baz kalandriye, sa depan de kantite trimès pou peryòd debaz w ap resevwa lajan pou avantaj sa yo.

Pou w aplike pou Peryòd Debaz Pwolonje, ou dwe ranpli fòmilè ki mansyone pi ba yo. **Enpòtan: Nou dwe resevwa fòmilè sa a nan espas 30 jou ki kòmanse konte apati Dat Lapòs la jan sa mansyone nan dènye avi Desizyon pou Lajan w ap Resevwa a.**

- Dedomajman pou Travayè: Ranpli fòmilè Demann pou Analyze Dosye a Ankò (ki disponib nan do dokiman enfòmasyon sa a) epi voye l ansanm ak yon kopi dènye fòmilè SROI (Subsequent Report of Injury) w la nan Dedomajman pou Travayè yo
- Avantaj pou ponpye volontè yo: Ranpli fòmilè Demann pou Analyze Dosye a Ankò (ki disponib nan do dokiman enfòmasyon sa a)

Itilize salè ki nan trimès nan moman an pou w depoze yon reklamasyon

Si w pa kalifye pou w itilize okenn nan peryòd debaz sa yo, men w t ap travay nan trimès kote w te depoze reklamasyon w lan e w toujou p ap travay lè trimès la fini, ou ka kalifye lè w itilize dènye travay sa a. Ou ta dwe aplike pou avantaj yo ankò **sou premye lendi a oswa aprè** nan trimès k ap vini an. Trimès sou baz kalandriye a kòmanse 1ye janvyè, 1ye avril, 1ye jiyè ak 1ye oktòb.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize vidyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Mande pou yo rekalkile montan avantaj ou yo dapre salè mwayen pa semèn nan

Si w pa t travay tout semèn nan trimès peryòd debaz yo ki gen salè pou trimès kote w touche plis lajan an, lè nou itilize salè mwayen pa semèn nan sa ap ogmante montan avantaj ou a. Anvan w ka mande pou yo refè kalkil sa a, men ki kondisyon pou w ranpli:

- Nou dwe wè ou kalifye pou avantaj yo lè nou itilize Peryòd Senp, Lòt Peryòd oswa Peryòd Debaz Pwolonje a.
- Peryòd debaz ou a ak montan avantaj la dwe konfime epi finalize. Ou ka jwenn enfòmasyon sa a sou dènye avi Desizyon pou Lajan w ap Resevwa a.
- Ou dwe gen omwen 20 semèn travay nan peryòd debaz ou a.
- Nou dwe resevwa ak analize tout fòmilè Demann pou Analize Dosye a Ankò yo.

Montan avantaj ou a ap kalkile kòm mwaye nan salè mwayen pa semèn ou an (mwaye total salè peryòd debaz yo divize pa semèn total ou te travay) **sèlman** si montan avantaj ki ogmante a se omwen plis pase senk dola pase montan avantaj pou moman an.

Pou w mande pou yo refè kalkil la, ranpli fòmilè Demann pou Analize Dosye a Ankò pou Semèn Travay yo ki disponib nan do dokiman enfòmasyon sa a. **Enpòtan: Nou dwe resevwa fòmilè sa a nan espas 10 jou ki kòmanse konte apati Dat Lapòs la jan sa mansyone nan dènye avi Desizyon pou Lajan w ap Resevwa a.** Ou dwe bay prèv travay ou ak lajan w te touche, tankou resi salè w te touche, pou chak semèn travay. Salè a gen ladan l lajan poubwa, bonis, manje ak lojman, ansanm ak komisyon ak pèman pou vakans, ak montan yo te peye w kach.

Nou pa ka sèvi ak salè pou travay ou pèdi akoz move konduit ou genyen oswa zak kriminel

Si w te pèdi nenpòt travay ou akoz move konduit, nenpòt salè w te touche nan travay sa a pa ka sèvi pou w depoze yon reklamasyon oswa pou yo kalkile montan avantaj ou a. Move konduit se nenpòt bagay ou fè oswa pa fè ou te konnen ou pa t dwe fè nan travay la e ki lakoz oswa ta gen move konsekans sou konpayi a.

Montan ki pi plis ak sa ki pi piti pou avantaj chak semèn nan

Depi premye lendi nan mwa oktòb 2019 la, pi gwo montan pou yon moun resevwa avantaj yo te monte nan \$504. Tanpri ale sou sit entènèt nou an ki se labor.ny.gov pou montan avantaj pa semèn ki pi plis la. ***Pou reklamasyon ki fèt apati 1 janvyè 2024 oswa apre sa, montan avantaj ki pi piti chak semèn lan se \$132.***

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize vidyèyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

5 KILÈ M AP KÒMANSE RESEVWA LAJAN ASIRANS LAN?

Kilè m ap resevwa premye pèman m nan?

Lè w fin depoze reklamasyon w lan, ou dwe fè deklarasyon chak semèn pandan w kalifye dapre analiz ki te fèt ankò a. Si w kalifye, an jeneral n ap voye premye pèman w lan nan de jiska twa semèn ki kòmanse konte depi lè w depoze reklamasyon w lan. Sa konn rive nou dwe gen plis enfòmasyon anvan nou voye pèman an, kidonk premye pèman w lan ka pran plis tan. Lè sa rive, nou analize ak trete aplikasyon w lan, deside montan avantaj chak semèn ou an epi nou verifye enfòmasyon anrapò ak travay ou ak ansyen konpayi w t ap travay yo. **Ou p ap resevwa lajan pandan peryòd revizyon sa a.**

Si nou wè ou kalifye pou avantaj yo, w ap resevwa nenpòt avantaj pou semèn pase nou te dwe w nan premye pèman w lan.

Pandan moman sa a, gen de bagay ou dwe fè:

- Ranpli epi retounen nenpòt fòmilè epi reponn apèl ki soti nan Depatman Travay la tousuit, epi
- Kontinye reklame avantaj yo chak semèn depi w nan chomaj e w ranpli kondisyon pou w kalifye yo, ki kòmanse nan semèn tousuit apre w fin depoze reklamasyon w lan. Tanpri gade **"Kijan pou m reklame lajan asirans lan bay chak semèn nan? ki nan chapit 2 a.** Met sou sa, ou dwe ranpli tout kondisyon pou rechèch travay ak dosye w ap konsève anrapò ak sa yo. Tanpri gade **"Kisa egzijans pou rechèch travay yo ye?" nan chapit 7 la.**

Voye tout fòmilè yo tounen rapid

Si w te depoze yon reklamasyon sou entènèt, sa vle di ou dakò verifye ak reponn mesaj ak fòmilè nou ka voye pa mwayen sistèm mesaj sekirize NY.gov la ak tout mesaj, fòmilè ak lèt nou voye pa lapòs ba ou. Ou dwe reponn nan delè ki mansyone nan dokiman sa yo.

Si w pa:

- Kenbe enfòmasyon pou nou kontakte w ajou
- Verifye bwat mesaj sekirize NY.gov ou a, epi/oswa
- Reponn mesaj nou yo nan delè ki mansyone nan dokiman sa yo

ka gen reta nan lajan pou avantaj ou yo, nou ka sispann yo oswa refize yo.

Si w resevwa yon fòmilè ki sanble pa koresponn avè w, tanpri voye fòmilè a tounen tousuit. Ekri nan tèt oswa nan fen fòmilè a pou w di w panse gen yon erè ki fè epi bay detay ki apwopriye yo. Apresa voye l tounen pa mesaj sekirize. Konekte nan kont ou a sou labor.ny.gov/signin. Mete non itilizatè ak modpas NY.gov ou a. Nan paj My Online Services la, nan seksyon Messages la, klike sou "Go to My Inbox". Chwazi "Compose New." Chwazi Tit: "Kesyon Reklamasyon yo." Chwazi Dezyèm Tit la: "Kesyon Reklamasyon-Lèt." Nan sa w ap ekri nan mesaj la, esplike rezon k fè w panse erè a te fèt. Oswa, voye l pa faks nan nimewo faks la oswa pa lapòs nan adrès ki parèt sou fòmilè. N ap analize ak korije erè a si sa apwopriye. Si nou bezwen plis enfòmasyon, n ap kontakte w nan telefòn oswa mesaj sekirize pa mwayen kont sou entènèt ou a. Ou pa bezwen rele Sant Reklamasyon nan Telefòn nan.*

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Ki sa pou w fè si w pèdi yon fòmilè

Ou ka mande yon lòt kopi kesyonè/fòmilè/lèt pa mesaj sekirize nan kont sou entènèt ou a. Gade **"Apendis II: Voye yon mesaj sekirize" ki nan Chapit 14 la** pou w jwenn enstriksyon. Oswa, rele Sant Reklamasyon nan Telefòn nan.* **Enpòtan: Tanpri mande yon lòt.** Ou dwe ranpli epi voye yo tounen nan espas sèt jou nan dat premye kesyonè a. Dat limit sa yo pa chanje, menm si nou voye yon lòt pou ranplase l.

Semèn ann atant pou avantaj yo

Premye semèn konplè ou nan chomaj la, sa yo rele semèn ki annatant, pa peye. Ou p ap resevwa lajan pou Asirans Chomaj la pou semèn sa a, men ou dwe pare, vle, e ka travay epi ranpli tout kondisyon pou w kalifye yo. Ou dwe fè reklamasyon pou avantaj pou semèn sa. Met sou sa, ou dw ranpli tout kondisyon pou rechèch travay ak dosye w ap konsève anrapò ak sa yo. Tanpri gade **"Kisa egzijans pou rechèch travay yo ye?" nan Chapit 7 la.**

Si w travay 11 èdtan oswa plis oswa ou pa kalifye pou lòt rezon pandan premye semèn reklamasyon w lan, peryòd annatant ki pa peye a ap pwolonje nan semèn apre a. Apre peryòd annatant sa a, w ap resevwa avantaj Asirans Chomaj pou chak semèn ou toujou nan chomaj la, jiska 26 semèn. Pou w jwenn plis konvèsasyon, gade definisyon "Dat Aplikab" **ki nan Chapit 12 la: "Lis ki gen ekspresyon enpòtan yo."** Ou dwe fè reklamasyon pou avantaj yo chak semèn, pare, vle, e ka travay, epi rapli tout kondisyon pou rechèch travay yo **ki nan Chapit 7: "Kisa egzijans pou rechèch travay yo ye?"**

Kijan m ap fè konnen kilè m ap kòmanse resevwa avantaj yo?

Lè nou fin analize enfòmasyon reklamasyon w lan, n ap deside si w kalifye pou w resevwa lajan pou avantaj yo. Anjeneral, pwosesis revizyon sa a ka pran de jiska twa semèn sof si nou dwe resevwa plis enfòmasyon anvan nou voye pèman an, lè sa a, premye pèman w lan ka pran plis tan. Si w kalifye, w ap annik kòmanse resevwa lajan an pa depo dirèk oswa kat debi. Ou p ap resevwa yon lèt k ap di ou kalifye anvan avantaj ou yo kòmanse. Pou w verifye nan ki nivo pèman pou avantaj ou yo ye (pèman ki fèt deja), ale sou labor.ny.gov/signin. **Mete non itilizatè ak modpas NY.gov ou a. Klike sou bouton "Unemployment Services" la ki nan paj My Online Services la epi klike sou "View Payment History."** Oswa, rele **888-581-5812** epi suiv enstriksyon yo pou w mande dosye pèman yo gentan fè yo.

Si nou wè w kalifye pou avantaj yo, n ap voye yon Avi Desizyon k ap di w rezon ki fè sa a. Avi sa a ap di w tou pou ki peryòd nou refize ba w avantaj yo, fason pou w kalifye ankò alavni ak fason pou w mande yon odyans si w pa dakò ak desizyon an.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

6 KI JAN POU M REKLAME LAJAN ASIRANS LAN BAY CHAK SEMÈN NAN?

Kijan pou m jwenn lajan pou avantaj mwen yo (fè reklamasyon pou avantaj chak semèn/fè deklarasyon pou avantaj)?

Pou chak semèn ou nan chomaj e w ap chèche travay, ou dwe reklame avantaj chak semèn lè w mande pèman pa mwayen sit entènèt nou an oswa sistèm telefòn Tel-Service la. Sa rele tou w ap fè deklarasyon pou avantaj yo, paske w ap konfime ou pa t ap travay pandan tout oswa yon pati nan semèn ki te pase a e w ranpli tout kondisyon pou w resevwa avantaj yo.

Kit ou chwazi sit entènèt nou an oswa Tel-Service, sistèm nan ap poze w yon seri kesyon. Pou w kalifye pou avantaj chak semèn yo sa ap depann de jan w reponn kesyon yo. Li oswa koute kesyon ak esntriksyon yo anvan w reponn.

Si w pa reponn yon kesyon, rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* nan pou w jwenn plis detay. **Enpòtan: Lalwa kondane fo deklarasyon pandan deklarasyon chak semèn ou fè pou w resevwa avantaj yo.** Ou ka peye enterè ak penalite, sa gen ladan l posibilite pou w pèdi avantaj yo oswa dosye kriminèl.

Se ou menm ki pou fè reklamasyon pou avantaj yo

Enpòtan: Pa bay okenn moun PIN oswa non itilizatè ak modpas NY.gov ou. Si w kite yon lòt moun fè reklamasyon pou avantaj yo (fè deklarasyon pou avantaj) pou ou oswa antre nan reklamasyon w lan sou entènèt oswa pa mwayen sistèm telefòn Tel-Service la, ou ka peye gwo penalite. Sa ka gen ladan l dosye kriminèl ak prizon. Ou ka pèdi jiska 20 semèn avantaj tou. Si w bezwen èd pou w fè reklamasyon pou avantaj yo, tanpri gade *"E si m bezwen èd pou l fè reklamasyon pou avantaj chak semèn yo?"* ki nan **chapit 6 la**.

Fè reklamasyon pou avantaj chak semèn sou entènèt

Fè reklamasyon pou avantaj yo (fè deklarasyon pou avantaj) sou sit entènèt nou an. Ale sou labor.ny.gov/signin. Mete non itilizatè ak modpas NY.gov ou a. Klike sou bouton "Unemployment Services" la ki nan paj My Online Services la, epi klike sou "Claim Weekly Benefits" epi suiv enstriksyon yo.

Remak: Si w gen yon sèvis ki fè lokalizasyon entènèt ou a anonim, tanpri etenn li lè w ap fè reklamasyon pou avantaj yo. Si w pa fè sa, deklarasyon w lan ka bloke.

W ap bezwen yon ID NY.gov pou w anrejistre pou yon kont sou entènèt. Si w gentan gen yon non itilizatè ak modpas pou NY.gov, ou ka itilize l pou sistèm nou an. Si w pa gen yon kont NY.gov, suiv enstriksyon yo ki sou sit entènèt nou an ki se labor.ny.gov/signin pou w kreye youn. Lè w gen yon kont sou entènèt, ou ka fè reklamasyon pou avantaj, verifye nan ki nivo yo ye ak pèman lajan pou avantaj yo, enprime pèman ki fèt deja yo ak fòmilè 1099 la, al sou sit ki gen resous nou an ki rele JobZone ak plis bagay toujou. Ou ka itilize ID NY.gov ou a tou pou w jwenn sèvis sou enpènèt nan lòt ajans gouvènman nan Eta Nouyòk yo. **Enpòtan: Pa bay okenn moun non itilizatè oswa modpas ID NY.gov ou a oswa ekri yo yon kote lòt moun ka wè yo.**

Pou w jwenn èd pou w kreye oswa itilize yon ID NY.gov, tanpri gade lis ki dekri enstriksyon yo ak Kesyon Moun Poze Souvan yo sou labor.ny.gov/signin. Si w gen pwoblèm ak ID NY.gov ou a, rele Sant Kontak Depatman Travay la nan **800-833-3000** soti 8:30 am pou rive 4:30 pm, lendi pou rive vandredi.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Fè reklamasyon pou avantaj chak semèn nan telefòn

Ou ka fè reklamasyon chak semèn tou lè w rele sitèm telefòn nou an, Tel-Service, gratis nan **888-581-5812** Moun k ap itilize TTY/TDD ap rele **877-205-3119**. Moun k ap itilize Sèvis Transmisyon Videyo: rele operatè transmisyon a epi mande l pou l rele **888-783-1370**. Y ap poze w yon seri kesyon, e apre sa y ap mande w pou w konfime tout repons ou yo se laverite e yo kòrèk. Lè w reponn wi oswa w peze 1 pou kesyon sa a, se menm bagay lè w siyen yon dokiman. Se paske se sèl ou menm ki konn PIN ou te kreye a lè w t ap depoze reklamasyon an. **Enpòtan: Pa bay okenn moun PIN ou, menm moun nan fanmi w.** Se sè l ou ki ka fè reklamasyon pou avantaj yo.

Sof si w pa ka antre pwòp PIN ou (pa egzanp, si w gen yon andikap oswa ou gen pwoblèm pou w konprann lang la), ou ka bezwen yon moun antre l pou ou. Men, ou dwe ansanm ak moun k ap ede w la lè l ap antre modpas oswa PIN ou. Remak: Moun k ap fè reklamasyon yo pa oblije itilize yon moun pou ki ede yo pou okenn sèvis nan Depatman Travay tankou asirans chomaj. Sèvis entèprèt yo disponib gratis.

Enpòtan: Si w apèl ou a koupe oswa ou rakwoche telefòn nan anvan w tande "Your claim has been entered for processing," ou pa fini ak pwosesis pou w reklame lajan pou avantaj chak semèn nan. W ap oblije rele ankò.

Enpòtan: Si w fè yon erè lè w ap fè deklarasyon pou avantaj yo, fè konn sa a tousuit. Voye yon mesaj sekirize pou nou sou kont sou entènèt ou a sou labor.ny.gov/signin. Mete non itilizatè ak modpas NY.gov ou a. Nan paj My Online Services la, nan seksyon Messages la, klike sou, "Go to My Inbox." Chwazi "Compose New." Chwazi Tit: "Kesyon Reklamasyon yo." Chwazi Dezyèm Tit la: "Certification Questions." Nan sa w ap ekri nan mesaj la, esplike erè a. Gade "**Apendis II: Voye yon mesaj sekirize**" ki nan **Chapit 14 la** pou w jwenn enstriksyon. Oswa, rele Sant Reklamasyon nan Telefòn nan.*

Kilè pou m fè reklamasyon pou avantaj yo

Pou Asirans Chomaj la, yon semèn kòmanse lendi li fini dimanch. Ou dwe depoze reklamasyon pou semèn ki pase a nan dènye jou semèn sa a (dimanch) rive nan samdi ki vin apre a. Sa a rele **peryòd reklamasyon**. Nenpòt deklarasyon ki fèt nan yon dimanch pou semèn ki fini nan jou sa a. Gade egzanp ki pi ba a nan itilize yon semèn chomaj ki kòmanse lendi 19/10 ki fini dimanch 25/10. Peryòd pou fè reklamasyon sa a se dimanche 25/10 pou rive samdi 31/10.

SEMÈN CHOMAJ (LENDI - DIMANCH)

Lendi 19/10	Madi 20/10	Mèkredi 21/10	Jedi 22/10	Vandredi 23/10	Samdi 24/10	Dimanch 25/10							
<table border="1"> <tr> <td>Dimanch 25/10</td> <td>Lendi 26/10</td> <td>Madi 27/10</td> <td>Mèkredi 28/10</td> <td>Jedi 29/10</td> <td>Vandredi 30/10</td> <td>Samdi 31/10</td> </tr> </table>							Dimanch 25/10	Lendi 26/10	Madi 27/10	Mèkredi 28/10	Jedi 29/10	Vandredi 30/10	Samdi 31/10
Dimanch 25/10	Lendi 26/10	Madi 27/10	Mèkredi 28/10	Jedi 29/10	Vandredi 30/10	Samdi 31/10							

LÈ W KA DEPOZE REKLAMASYON POU AVANTAJ YO SOU ENTÈNÈT OSWA TELEFÒN POU SEMÈN OU P AP TRAVAY LA KI FINI 25/10

Fason pou w mande yo peye w pou yon semèn ou te rate

Ou pa ka depoze yon reklamasyon pou yon semèn ki pa nan peryòd reklamasyon an pou semèn sa a sou entènèt oswa sistèm Tel-Service la. Nan egzanp ki pi ba a, ou pa ka depoze yon reklamasyon pou semèn ki fini 10/25 apre 10/31 an. Si w pa fè reklamasuon pou avantaj nan yon semèn pandan w te nan chomaj la, ou ka mande yon pou yo peye w pou semèn sa a pa mesaj sekirize, faks oswa lapòs. Pa rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* nan pou w mande yo pou yo peye w pou yon semèn ou te rate.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Ou ka voye yon demann pa mesaj sekirize sou labor.ny.gov/signin. Mete non itilizatè ak modpas NY.gov ou a. Nan paj My Online Services la, nan seksyon Messages la, klike sou "Go to My Inbox". Chwazi "Compose New." Chwazi Tit: "Kesyon Reklamasyon yo." Chwazi Dezyèm Tit la: "Request Backdating of claim/Request to claim benefits for a prior week." Nan sa w ap ekri nan mesaj la, bay semèn ou ta renmen mande pou yo peye pou yo a.

Ou ka voye demann ou an pa faks nan 518-457-9378 oswa voye l pa lapòs nan:

New York State Department of Labor
PO Box 15130
Albany, NY 12212-5130

Lè w itilize youn nan twa metòd yo, tanpri asire w ou mete kòmansman ak fen chak peryòd ou pa t reklame avantaj yo ak rezon ki fè w pa t reklame avantaj yo tousuit. Epi, mete kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou a nan pati anlè sou bò dwat.

N ap analize demann ou an e n ap decide si w kalifye pou w resevwa lajan pou avantaj yo pou peryòd sa a.

Analiz sa a ka pran de jiska twa semèn sof si nou bezwen plis enfòmasyon, si se sa dosye a ka pran plis tan. Pandan tan sa a, asire w ou kontinye fè reklamasyon pou tout semèn ou chomaj la e w kalifye pou avantaj yo. Si nou ekri oswa rele w pou nou mande plis enfòmasyon, tanpri reponn rapid pou pa gen reta nan analiz dosye w la.

Kesyon anrapò ak Deklarasyon Chak Semèn

Lè w fè reklamasyon pou avantaj pa semèn nan, y ap poze w kesyon konsènan yon semèn ki te kòmanse yon lendi e ki te fini yon dimanch. Pran san w pou w gade dat yo.

Enpòtan: Tanpri pran san w pou w li oswa tande kesyon deklarasyon yo. Lè w voye repons ou yo ale, sa vle di devan lalwa ou deklare repons ou yo se laverite, yo konplè, e yo kòrèk. Nou konpare repons ou yo ak enfòmasyon konpayi w t ap travay la ak lòt ajans gouvènman yo. Si w pa bay verite pou tout kesyon yo, ou ka pèdi avantaj ou yo e yo ka fè w peye penalite.

- Si w te sispann reklame avantaj yo pou yon semèn oswa plis e w rekòmanse, y ap poze w kesyon sou rezon k fè w te sispann fè reklamasyon.
- Pandan semèn ki fini (dat), èske w te refize yon travay yo te pwopozè w oswa yon referans?
 - Si w te refize yon pwopozisyon travay oswa referans, n ap analize enfòmasyon reklamasyon w lan pou nou decide si w kalifye pou w resevwa lajan pou avantaj yo.
- Konbyen jou w te travay, sa gen ladan l travay endepandan, pandan semèn ki fini (dat)? Depi janvyè 2021, sistèm pou fè deklarasyon an ap mande pou w konvèti lè w te travay nan sn semèn yo an jou. **Gade pati ki rele "E si m travay a tan pasyèl?" ki nan paj 20 an.**
 - "Travay" vle di nenpòt sèvis ou bay yon konpayi oswa yon moun. Sa gen ladan l travay endepandan oswa ou fè chak lè yo rele w, menm si yo pa t peye w.
- Si w te travay nan nenpòt jou, y ap mande w: "Lè w retire travay endepandan, èske w te fè plis pase \$504?"
 - Si w pa t travay ditou pandan semèn nan, ou dwe di si w te touche plis pase \$504 anvan taks. Sa pa gen nenpòt lajan w te touche nan travay endepandan.
- Konbyen you ou PA t pare, vle, e ka travay?
 - Pou w pare, vle, e ka travay, ou dwe prepare w pou w kòmanse travay tousuit. Ou dwe gen kapasite pou w travay.
 - Si w te pare, vle, e ka travay pandan semèn w ap reklame avantaj yo, ou t ap reponn "0" jou.
 - Si w pa t pare, vle, e ka travay pou yon jou, ou t ap reponn "1" jou.
 - Si w pa t pare, vle, e ka travay pou de jou, ou t ap reponn "2" jou.
 - Si w pa t pare, vle, e ka travay pou twa jou, ou t ap reponn "3" jou.
 - Si w pa t pare, vle, e ka travay pou kat oswa plis jou, ou t ap reponn "4" oswa plis jou.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize vidèyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

- Konbyen jou w yo te dwe w lajan pou vakans, oswa èske w te resevwa lajan nan vakans ou?
 - "Pèman pou Vakans" pa gen ladan l pèman ou te resevwa oswa yo dwe w pou jou vakans ou pa t pran pakse ou p ap travay ankò. Sa gen ladan l pèman w te resevwa oswa yo te dwe w pou jou vakans ki te pwograme anvan w te pèdi travay ou e ki te tonbe nan semèn w ap fè reklamasyon an. **Remak:** Si w te resevwa oswa yo te dwe w pèman pou vakans pou nenpòt jou pandan yo planifye pou travay la fèmen, sa rele "pèman pou vakans".
- Konbyen jou w yo te dwe w lajan pou konje, oswa èske w te resevwa lajan pou konje w?
 - "Pèman pou Vakans" pa gen ladan l pèman ou te resevwa oswa yo te dwe w pou konje ou pa t itilize. Sa pa gen ladan l pèman w te resevwa oswa yo te dwe w pou konje ki te tonbe nan semèn w ap fè reklamasyon an.
- Èske w te retounen travay?
 - Si w fenk retounen travay a tan plen oswa tan pasyèl, ou dwe rapòte tout lè w travay yo, menm si w poko resevwa premye chèk ou.

E si m bezwen èd pou m fè reklamasyon pou avantaj chak semèn yo?

Si w gen yon andikap oswa w gen difikilte pou w pale oswa konprann Anglè, ou ka bay yon moun ede w ak sèvis sou entènèt nou yo oswa Tel-Service. Si w pa gen oswa w pa konn fason pou w itilize yon òdinatè, sa pa rele yon andikap piske w toujou ka itilize telefòn pou w reklame avantaj chak semèn yo.

Si w pa ka antre pwòp PIN ou, ou ka bezwen yon moun antre l pou ou. Men, ou dwe ansanm ak moun k ap ede w la lè l ap antre modpas oswa PIN ou. Remak: Moun k ap fè reklamasyon yo pa oblije itilize yon moun pou ki ede yo pou okenn sèvis nan Depatman Travay tankou asirans chomaj. Sèvis entèprèt yo disponib gratis. Ou responsab aksyon moun k ap ede w la. Si w pa la lè moun k ap ede w la itilize sèvis nou yo, se magouy sa rele e w ka peye penalite. Penalite sa yo ka gen jou ki pèdi. Jou ki pèdi yo se avantaj ou reklame alavni w ap pèdi kòm penalite. Menm si w ou kalifye, nenpòt reklamasyon ou depoze ap aplike sou penalite sa a anvan yo peye w. Ou ka gen pou w remèt nenpòt lajan pou avantaj ou ta dwe resevwa, e ou ka gen pou w peye penalite.

E si m vwayaje nan yon zòn ki pa zòn mwen oswa nan yon lòt peyi ki pa Etazini, Kanada, Pòtoriko oswa Zile Vyèj yo?

Pou nenpòt peryòd ou pa t Etazini, Kanada, Pòtoriko oswa Zile Vyèj yo.

- Ou **PA** kalifye pou w resevwa lajan avantaj yo paske w pa t konsidere kòm yon moun ki disponib pou travay (menm si w ap chèche travay). Pa fè deklarasyon ou pare, vle, e ka travay.
- **PA** eseye fè deklarasyon pou avantaj pa mwayen sistèm sou entènèt la oswa Tel-Service. Deklarasyon w lan ap bloke e n ap kenbe lajan pou avantaj yo pou nou fè verifikasyon jiskaske nou konfime ou retounen nan peyi a. Y ap mande w pou w bay yon kopi wout vwayaj ou ak tout paj paspò w.
- **PA** bay yon lòt moun non itilizatè, modpas, nimewo asirans sosyal, ak/oswa nimewo PIN ou pou l fè deklarasyon nan non w.
- **PA** di ou te pare, vle, e ka travay pou nenpòt jou ou pa t Etazini, Kanada, Pòtoriko oswa Zile Vyèj yo.

Nenpòt aksyon ki ka lakoz gwo penalite, tankou pèman anplis, ou pèdi jiska 20 semèn avantaj, penalite lajan, dosye kriminel ak prizon.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Kisa pou m fè pou m depoze yon reklamasyon pou yon semèn mwen te nan peyi a pandan kèk jou e m te pare, vle, e ka travay?

Si w ap retounen Etazini, Kanada, Pòtoriko oswa Zile Vyèj yo pandan peryòd reklamasyon an pou semèn ou te nan peyi pou kèk jou, depoze reklamasyon w lan lè w retounen. Gade "**Kilè pou m fè reklamasyon pou avantaj yo**" ki nan **Chapit 6 la**.

Lè w retounen nan zòn pa w nan Etazini, Kanada, Pòtoriko oswa Zile Vyèj yo, ou dwe konfime ankò ou pare, vle, e ka travay lè w fè deklarasyon pou avantaj yo. Si w ap eseye fè yo peye w pou yon semèn ou pa t fè reklamasyon pandan w pa t nan peyi a, ou ka mande pou yo peye w. Gade "**Fason pou w mande yo peye w pou yon semèn ou te rate**" ki nan **Chapit 6 la**. Pa egzanp, si w te pare, vle, e ka travay nan mache travay ki nan zòn ou an, soti lendi pou rive vandredi, men w pa t nan peyi a soti samdi pou rive nan lòt dimanch lan (plis pase yon semèn), ou pa ka depoze yon reklamasyon chak semèn jan w t ap toujou fè sa pou semèn ou pa t nan peyi a lendi pou rive vandredi. Ou dwe depoze yon demann pou yo peye w pou semèn sa a lè w retounen nan peyi a.

Kou w retounen sou mache travay nan zòn ou nan Etazini, Kanada, Pòtoriko oswa Zile Vyèj yo, ou ka kòmanse fè deklarasyon ankò sou entènèt oswa grasa sistèm telefòn nan.

E si m travay a tan pasyèl?

Ou dwe rapòte tout travay, sa gen ladan l travay tan pasyèl oswa travay tanporè. Si w pa t rapòte tout travay yo lè w reklame avantaj chak semèn yo, ou ka peye gwo penalite sa gen ladan l ou ka pèdi avantaj yo, penalite pou senp sitwayen ak kriminel ak amann.

Depi 18 janvyè 2021, Eta Nouyòk mete sou pye yon règleman ki di fason travay tan pasyèl gen enpak sou lajan yo bay pou chomaj la. Sistèm chomaj tan pasyèl la sèvi ak yon metòd "ki baze sou lè". Si w te pèdi travay ou e w ap travay a tan pasyèl 30 èdtan oswa mwens pa semèn e w fè \$504 oswa mwens, enstriksyon ki annapre yo aplike lè w ap rapòte travay tan pasyèl.

Depi 16 out 2021 e alavni, moun k ap reklame yo ta dwe gade enstriksyon ki annapre yo lè y ap rapòte travay a tan pasyèl (awondi pou l rive nan èdtan ki pi pwòch la):

0 - 10 èdtan travay = 0 jou travay:	Yo p ap retire anyen nan montan avantaj la
11 - 16 èdtan travay = 1 jou travay:	75% montan avantaj chak semèn nan
17 - 21 èdtan travay = 2 jou travay:	50% montan avantaj chak semèn nan
22 - 30 èdtan travay = 3 jou travay:	25% montan avantaj chak semèn nan
31+ èdtan travay = 4 jou travay:	0% montan avantaj chak semèn nan

Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou on.ny.gov/partialui.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Kisa travay vle di?

Nenpòt aktivite ki bay oswa ki ka bay lajan nenpòt lè ta dwe rapòte kòm travay. Sa gen ladan l fòmasyon, ansanm ak travay tan plen, tan pasyèl, pa sezon, pa jou, staj, yon lè konsa, tanporè oswa pèmanan. Menmsi yo pa t peye w, ou dwe rapòte aktivite sa a kòm travay. Men kèk egzanp:

- Tout aktivite ki gen rapò ak travay endepandan oswa lè yo rele w, sa gen ladan l men se pa sa yo sèlman: prepare chèk, pran apèl, ekri oswa reponn mesaj nan yon konpayi, oswa nenpòt lòt travay ki koresponn ak yon konpayi ki fenk kòmanse oswa ki kontinye ap fonksyone.
- Travay lè yo rele w oswa lè yo bezwen w
- Fòmasyon nan travay
- Oryantasyon sou travay
- Travay ak yon lòt moun
- Travay pou yon zanmi oswa nan yon konpayi fanmi w oswa rann yo sèvis
- Travay tanporè
- Travay tan pasyèl
- Fòmasyon aktif nan yon domèn nan lame
- Aktivite pou jere yon kay ki nan lokasyon ki pou plizyè fanmi (de oswa plis apatman ki nan lwaye)
- Travay antanke direktè yon batiman
- Travay pou poubwa
- Estaj peye ak/oswa estaj ki pa dire lontan
- Travay pou etidyan
- Aktivite antanke otorite piblik/sa yo te vote
- Fòmasyon yo fè chak ane sou teren pou Gad Nasyonal oswa Rezèv
- Travay sou baz komisyon (se travay menmsi w poko resevwa komisyon, ou poko vann, ou poko resevwa okenn pèman)
- Yon entèvyou pou travay, kote yon konpayi ki ka anboche w mande w pou w travay - ki peye oswa ki pa peye - pou w ka pwouve ou ka fè travay la
- Demach ki gen rapò ak ouvri yon konpayi (sof si w apwouve e w ap patisipe nan Pwogram Èd pou Travay Endepandan Depatman Travay la)
- Tout aktivite ou te fè ou pa t resevwa pèman oswa avantaj tankou lwaye ki pi ba pri, oswa kado ak sèvis gratis oswa ki gen rabè.

Ou pa gen pou w rapòte kalite aktivite ki annapre yo kòm travay:

- Sèvis jiridik
- Fòmasyon ki pa aktif nan yon domèn nan lame
- Seyans pratik ki fèt chak semèn oswa chak mwa pou Gad Nasyonal oswa Rezèv
- Nenpòt aktivite ki gen ladan l jere yon kay pou yon sèl fanmi (pa egzanp: yon kay ki gen de fanmi kote w viv nan etaj anlè e w lwe apatman anva a, oswa ou lwe kay ou a)

Si w travay yon orè ki kontinye jiska minui, di ou te travay nan jou orè w la te kòmanse lè w te fè reklamasyon pou avantaj chak semèn yo. Eksepsyon: si w travay yon orè ki kòmanse a 7è pm oswa pita nan dimanch e w kontinye aprè minui, di ou te travay nan lendi lè w te fè reklamasyon pou avantaj chak semèn yo.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Ou dwe rapòte nenpòt ak tout travay ou fè. Tout konpayi yo gen obligasyon pou yo rapòte yon moun yo anboche oswa yo anboche yon lòt fwa nan Rejis Nasyonal Nouvo Moun yo anboche. Enfòmasyon sa a pataje ak gouvènman federal la ak Depatman Travay la pou yo ka asire yo obligasyon pou lajan pou timoun yo respekte e pou asire yo moun yo p ap travay pandan y ap touche lajan pou Asirans Chomaj la tou. Chak lè w eseye fè reklamasyon pou avantaj chak semèn yo, nou verifye non w nan Rejis Nasyonal Nouvo Moun yo nboche. Si non w parèt nan Rejis sa a, n ap ba w enstriksyon sou fason pou w rezoud pwoblèm nan. Ou dwe reponn kesyon konsènan travay ou kit se sou entènèt oswa lè w rele Liy Entegrite a, anvan w fè reklamasyon pou lajan pou avantaj yo. N ap verifye enfòmasyon w yo tou ak konpayi w ap travay la ki te rapòte w antan ke yon moun yo anboche oswa anboche yon lòt fwa.

Si w pa fin konnen si sa w ap fè a se travay, oswa si w fè yon deklarasyon pou avantaj ki pa kòrèk, tanpri rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* nan tousuit epi pale ak yon ajan. Ou ka voye yon kesyon w lan pa mesaj sekirize sou labor.ny.gov/signin. Mete non itilizatè ak modpas NY.gov ou a. Nan paj My Online Services la, nan seksyon Messages la, klike sou "Go to My Inbox". Chwazi "Compose New." Chwazi Tit: "Kesyon Reklamasyon yo." Chwazi Dezyèm Tit la: "Kesyon Reklamasyon yo." Nan sa w ap ekri nan mesaj la, esplike sa w ap fè a epi mande si se travay li ye. Si w pa kontakte nou, ou ka gen pou w remèt lajan pou avantaj yo e w ka peye penalite pou senp sitwayen e w ka pèdi lajan avantaj alavni yo.

Enpòtan: Rapòte tout travay lè w ap fè reklamasyon pou avantaj yo. Si w pa kalifye pou avantaj yo pou nenpòt semèn ou travay plis pase 30 èdtan owa w touche plis pase montan ki pi plis pou w resevwa lajan avantaj la.

Mwen te eseye fè reklamasyon pou avantaj chak semèn yo, men sistèm telefòn nan pa t kite m fè deklarasyon. Mwen resevwa yon mesaj ki fè m konnen mwen dwe konekte nan labor.ny.gov oswa rele yon nimewo telefòn byen presi. Sa k ap pase?

Depatman Travay la te vin konnen ou k a t ap travay pandan w te deklare ou pa t ap travay. Enfòmasyon sa a soti nan yon konpayi w t ap travay oswa nan yon baz done nasyonal nou konpare deklarasyon chak semèn nan. Pafwa baz done a montre ou t ap travay menmsi w te fenk tonbe nan chomaj. Lè sa a rive, Depatman Travay la dwe konfime ou nan chomaj vre.

Pou w rezoud sa, ou dwe ale sou labor.ny.gov/signin epi suiv etap pou w fè reklamasyon avantaj pou Asirans Chomaj chak semèn nan. Se pou w pare pou w bay tout dat ou te travay depi kòmansman reklamasyon an. W ap bezwen bay non, adrès ak nimewo telefòn tou pou tout konpayi ou te travay yo depi nan kòmansman reklamasyon w lan. Si w pa gen yon òdinatè, prepare enfòmasyon konsènan travay ou yo epi rele nan **877-280-4541**.

E si m vle ouvè pwòp biznis mwen?

Rele Sant Reklamasyon Telefòn* nan **anvan** w franchi nenpòt etap pou w ouvri yon biznis, antre nan yon biznis ki ouvri deja, ouvri yon biznis ki pa t ap fonksyone, oswa vin nenpòt kalite dirijan nan nenpòt biznis. Ou se yon moun k ap travay si w ap jere oswa ouvri yon biznis poukont ou, ak yon moun oswa an gwoup. Sa gen ladan l tan w pase pandan jounen an, sware oswa nan wikenn, menm si w pa vann anyen oswa w pa antre okenn lajan. Sof si w enskri nan Pwogram Èd pou Travay Endepandan an, demach pou w ouvri yon biznis yo ka lakoz ou pèdi avantaj pou lajan Asirans Chomaj la. Pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan Pwogram Èd pou Travay Endepandan an, tanpri gade sit entènèt nou an ki se labor.ny.gov/seap ak **"Starting a business: the Self-Employment Assistance Program (SEAP)"** ki nan **chapit 11 lan**.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

E si m se yon otorite yo te vote?

Si w fè travay, sèvis oswa aktivite antanke yon otorite yo te vote, y ap konsidere w kòm yon moun k ap travay nan jou w fè travay sa yo. Travay ou fè a, kantite tan w pase ap travay chak jou, oswa si w te fè lajan oswa w pat fè lajan oswa resevwa nenpòt lòt pèman, pa enpòtan. **Tout travay, menm si se inèdtan oswa mwens, ki fèt parapò ak manda yo te vote w pou li a dwe deklare kòm travay lè w ap reklame avantaj chak semèn yo.**

E si m fè travay benevòl?

Ou ka kalifye pou avantaj Asirans Chomaj yo lè w ap fè benevola. Men, ou dwe rapòte aktivite benevòl ki mansyone annapre yo kòm travay lè w ap fè reklamasyon pou avantaj yo:

- Travay benevòl ki anpeche w chèche travay oswa ki gen enpak sou kantite travay ou disponib pou w travay
- Travay benevòl pou yon zanmi oswa nan yon konpayi fanmi
- Travay benevòl ou fè nan yon lekòl pou w ka pa peye lekòl la oswa pou yo ba w bous etid
- Travay benevòl ou fè pou yon konpayi benevola kote w se fondatè, dirijan oswa manm komite
- Travay benevòl pou yon montan fiks ou resevwa ki plis pase salè minimòm
- Travay benevòl ou fè ak kondisyon pou yo anboche w oswa anboche w ankò pou yon travay peye
- Travay benevòl ou fè nan kad estaj oswa pwogram fòmasyon nan travay, ak
- Travay benevòl pou egzamen lisans pwofesyonèl oswa lòt diplòm ou resevwa

Ou pa gen pou w rapòte aktivite benevola ki pa sa ki mansyone pi wo a antanke travay lè w ap fè reklamasyon pou avantaj yo. Sa gen ladann travay pou yon òganizasyon benevòl, relijyon oswa kilti. Men, ou dwe:

- Pare, vle, e ka travay
- Fè efò ki òganize e w ap kontinye fè pou w jwenn travay
- Kenbe yon Dosye Rechèch Travay sou entènèt oswa ekri pou chak semèn w ap reklame avantaj yo, epi
- Prepare w pou w bay Depatman Travay la yon kopi Dosye Rechèch Travay ou a (tanpri gade **"Kisa egzijans pou rechèch travay yo ye?" ki nan Chapit 7 la**)

Si w pa fin konnen si travay volontè w fè a pèmèt ou respekte tout kritè sa yo, ou ta dwe voye yon mesaj sekirize ba nou nan labor.ny.gov/signin. Mete non itilizatè ak modpas NY.gov ou a. Nan paj My Online Services la, nan seksyon Messages la, klike sou "Go to My Inbox". Chwazi "Compose New." Chwazi Tit: "Kesyon Reklamasyon yo." Chwazi Dezyèm Tit la: "Kesyon Reklamasyon-Lòt." Nan sa w ap ekri nan mesaj la, esplike travay benevola w la. Oswa, rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* nan pou w bay tout detay sou travay benevola w la anvan w fè reklamasyon pou semèn sa a.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize vidèyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Kite adrès ak nimewo telefòn ou ajou lè w ap fè reklamasyon pou avantaj yo

Lapòs la ka pa voye anvlòp w ap voye pou Asirans Chomaj la. Lajan pou avantaj ou yo ka rive anreta si w pa voye enfòmasyon nou mande yo oswa yon avi randevou nou te voye pou ou nan adrès nou gen nan dosye w la.

Ou ka met adrès lapòs ou a oswa nimewo telefòn ak Depatman Travay lè w fè reklamasyon chak semèn ou an sou entènèt, konekte nan kont ou a sou entènèt sou labor.ny.gov/signin. Klike sou bouton "Unemployment Services" la ki nan paj My Online Services la. Klike sou "Update Your Personal Information." Klike sou bouton "Change Your Address and/or Your Phone Number" a pou w chanje adrès ak/oswa nimewo telefòn ou.

Ou ka mete adrès lapòs ou a ajou tou lè w voye yon mesaj sekirize pou nou. Ale sou labor.ny.gov/signin Mete non itilizatè ak modpas NY.gov ou a. Nan paj My Online Services la, nan seksyon Messages la, klike sou "Go to My Inbox". Chwazi "Compose New." Chwazi Tit: "Personal Information." Chwazi Dezyèm Tit la: "Address/phone number change." Nan sa w ap ekri nan mesaj la, mete adrès pou lapòs ou a epi klike "Send."

Pou w chanje adrès oswa nimewo telefòn ou pa telefòn, rele Sant Reklamasyon Telefòn* nan epi chwazi opsyon meni "For PIN or address changes" pou w chanje adrès ak nimewo telefòn ou.

Si w kite Eta Nouyòk, ou ka al nan randevou sèvis travay la nan eta w ap viv la.

Kisa m ta dwe fè si non m chanje?

Ou dwe voye yon lèt pou nou ansanm ak dokiman legal (tankou kopi papyè maryaj, papyè divòs, manda tribinal ofisyèl, oswa yon paspò Etazini ki gen non w gen nan moman an) k ap verifye chanjman non an epi voye l pa lapòs nan:

New York State Department of Labor
PO Box 15130
Albany, NY 12212-5130

Ou ka mande yon chanjman non lè w voye yon mesaj sekirize nan kont sou entènèt ou a sou labor.ny.gov/signin. Mete non itilizatè ak modpas NY.gov ou a. Nan paj My Online Services la, nan seksyon Messages la, klike sou "Go to My Inbox". Chwazi "Compose New." Chwazi Tit: "Personal Information." Chwazi Dezyèm Tit la: "Address/phone number change." Nan sa w ap ekri nan mesaj la, mete nouvo non w lan epi esplike ki dokiman legal w ap voye. Mete yon vèsyon PDF dokiman legal ou a nan demann ou a (nou prefere fòm PDF).

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

7 KISA EGZIYANS POU RECHÈCH TRAVAY YO YE?

Èske dwe chèche travay?

Wi, ou dwe kontinye ap chèche travay pandan w ap fè reklamasyon pou avantaj yo. Daprè Lwa Travay Eta Nouyòk la, ou dwe fè "efò ki òganize e w ap kontinye fè pou w jwenn travay" jan sa dekri pi ba a. Ou dwe bay Depatman Travay prèv efò w fè pou w chèche travay la tou si yo mande sa a. Enpòtan: Nou ka refize ba w lajan pou avantaj yo si w p ap fè efò ki òganize e w ap kontinye fè pou w jwenn travay.

Kisa efò ki òganize e w ap kontinye fè pou w jwenn travay vle di?

Efò ki òganize e w ap kontinye fè pou w jwenn travay la vle di ou eseye fè omwen twa rechèch travay chak semèn w ap fè reklamasyon pou lajan avantaj yo. Nou ka retire kondisyon sa a pou ou sèlman si w gen yon Plan Rechèch Travay Depatman Travay la apwouve oswa Depatman Travay la chwazi w pou w pa respekte kondisyon rechèch travay sa a. Tanpri gade "Kisa yon Plan Rechèch Travay ye?" e "Pou kiyès yo retire kondisyon rechèch travay yo?" ki nan chapit 7 la.

• Aktivite rechèch travay yo ka gen ladan l, men se pa sa sèlman:

1. Itilize resous travay ki disponib nan Sant Karyè Eta Nouyòk ki nan zòn ou, tankou
 - Rankontre ak konseye Sant Karyè yo,
 - Jwenn enfòmasyon nan men anplwaye Sant Karyè a konsènan travay ki ka disponib nan yon domèn oswa rejyon presi (jwenn enfòmasyon konsènan mache travay la),
 - Kolabore ak anplwaye Sant Karyè a pou w evalye konpetans ou epi asosye yo ak pwofesyon ak travay ki ka genyen (evalyasyon konpetans pou asosye pwofesyon),
 - Patisipe nan atelye fòmasyon, ak
 - Jwenn yon referans pou travay nan Sant Karyè a ak aktivite kote y ap asosye moun ak travay ki ale avè yo epi fè suivi ak konpayi yo.
2. Voye yon aplikasyon pou travay ak/oswa cv bay konpayi yo oswa ansyen konpayi w te travay yo.
3. Al nan seminè rechèch travay, planifye rankont pou konekte ak moun k ap bay travay, aktivite pou jwenn travay oswa atelye ki bay fòmasyon pou amelyore konpetans pou moun jwenn travay.
4. Fè enfèvyou ak konpayi ki ka anboche w.
5. Enskri ak anrejistre nan ajans prive ki bay travay yo, sèvis plasman, sendika ak biwo plasman nan lekòl yo, fakilte oswa inivèsite ak/oswa òganizasyon pwofesyonèl yo.
6. Itilize telefòn, rejis konpayi, entènèt oswa sistèm pou asosye moun ak travay pou moun chèche travay, jwenn direksyon, mande referans oswa pran randevou pou entèvyou travay.
7. Anrejistre, aplike, oswa pase tès ki gen rapò ak travay ak anvan yo anboche w pou yon konpayi piblik oswa prive, sa gen ladan l egzamen fonksyon piblik pou senp sitwayen.
8. Nenpòt lòt aktivite rezonab ki ka ede w jwenn travay.

Ki aktivite rechèch travay n ap aksepte kòm prèv rechèch travay?

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize vidyò oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Ou dwe kenbe yon Dosye Rechèch Travay sou entènèt oswa ekri pou chak semèn w ap reklame avantaj yo, epi prepare w pou w bay Depatman Travay la yon kopi dosye sa a si nou mande w li. Dosye a dwe gen dat, non, adrès (lapòs, imel, oswa adrès entènèt) ak nimewo telefòn konpayi w te kontakte yo, non ak/oswa tit travay moun presi w te kontakte yo, mwayen w te kontakte yo, pozisyon oswa tit travay ou te aplike pou yo a oswa yon deskripsyon lòt demach nan kad rechèch travay ou te fè (al nan aktivite rechèch travay oswa atelye, elt.). N ap verifiye enfòmasyon ki nan fòmilè a pou kontak ou mete yo. Si w fè espere ou ba nou fo enfòmasyon konsènan demach rechèch travay ou, se magouy sa rele, e nou ka refize ba w lajan avantaj pou Asirans Chomaj yo.

Si w chwazi kenbe dosye w la sou entènèt, nou konseye w itilize sit entènèt JobZone nan ki se dol.ny.gov/jobzone. Se yon kote w ka mete ajou ak konsève tout dosye rechèch travay ou nan yo dosye elektwonik sekirize: ki pa ka pran dife, yo pa ka vòlè oswa ki pa ka pèdi. Pou w antre nan kont JobZone ou, annik klike sou lyen dosye rechèch travay JobZone yo te ba w lè w t ap fè reklamasyon lajan pou avantaj yo sou entènèt, oswa ale sou labor.ny.gov/signin. Si w gentan gen yon kont Asirans Chomaj sou entènèt, sa vle di w gen yon kont JobZone. Si w gen kesyon konsènan fason pou w kreye yon kont, tanpri kontakte yon Sant Karyè Eta Nouyòk.

Si w pa sèvi ak Dosye Rechèch Travay sou entènèt nan JobZone, nou konseye w pou w kenbe yon dosye ki gen demach rechèch travay ou fè chak semèn yo grasa fòmilè Rechèch travay ki nan dokiman enfòmasyon sa a. Ou ka kenbe yon dosye ekri ki menm jan an tou olye w sèvi ak fòmilè Rechèch Travay la si l nan enfòmasyon ki obligatwa yo. Kèlkeswa fòma ekri w chwazi, mete dokiman kòm prèv. Pa egzanp, si w aplike pou yon travay anliy, enprime aplikasyon an oswa konfimasyon aplikasyon konpayi a voye pou ou a. Si w voye yon cv oswa yon aplikasyon pa imel, anrejistre yon kopi enprime tout mesaj yo. Ou ta dwe konsève tou yon kopi imel ou voye yo oswa konfimasyon konpayi a resevwa cv oswa aplikasyon an. Pami lòt egzanp prèv gen enpresyon demach nan kad rechèch travay yo, yon lis aktivite pou anboche moun, yon kat biznis yon konpayi ki ka anboche w, elt. Ou ka jwenn plis Fòmilè Rechèch Travay nan yon Sant Karyè Eta Nouyòk, sou entènèt sou labor.ny.gov oswa nan do liv sa a.

Pandan konbyen tan mwen dwe konsève dosye rechèch travay mwen an?

Si w pa t kenbe yon Dosye Rechèch Travay nan JobZone, konsève kopi Dosye Rechèch travay yo pou ennan. Si nou mande w pou nou wè dosye w yo, ou dwe ba nou kopi. Pa voye Dosye Rechèch Travay ou a bay Depatman Travay sof si nou mande w sa. **Nou fè verifikasyon dosye rechèch travay ou yo pa aza.** Si lè nou verifiye nou ta wè ou pa respekte kondisyon rechèch travay yo, n ap refize ba w lajan pou avantaj yo e nou ka mande w pou w remèt sa w te gentan touche yo.

Kisa yon Plan Rechèch Travay ye?

Yon Plan Rechèch Travay se yon antant ofisyèl ou kreye e ou menm ak konseye nan domèn travay nan Sant Karyè Eta Nouyòk la ap siyen l. Se pa tout moun y ap mande yo kreye yon antant ofisyèl pou rechèch travay. Antant sa a dekri alekri egzakteman ki kalite travay w ap chèche, ki demach w ap fè nan kad rechèch travay la e chak kilè w ap fè yo, ak salè w ap chèche ak aksepte si yo pwopoze w yon travay. Plan ap gen nenpòt limit ak restriksyon tou ki ka gen enpak sou rechèch travay ou a. Ou ka gen pou w kreye yon Plan Rechèch Travay ofisyèl si nou vin wè demach rechèch travay w ap fè nan moman an pa apwopriye, si pwogram federal yo mande w pou w gen youn oswa si w mande youn. (Gade Rankont Sant Karyè ki Obligatwa yo)

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Pou kiyès yo retire kondisyon rechèch travay yo?

Depatman Travay la ap di w si yo retire kondisyon rechèch travay yo pou ou lè w ap depoze reklamasyon w lan. Yon anplwaye nan Sant Karyè a ap di w tou si yo retire kondisyon yo pou ou. Yo ka rekire kondisyon yo pou ou si w:

- Yo voye w ale nan yon travay pou yon ti tan oswa ou se yon anplwaye ki travay pa sezon e konpayi ki anboche w la ba w yon lèt ki di ki dat, jiska uit semèn youn dèyè lòt, w ap retounen travay Konpayi ki anboche w la ka bay yon dat pou w retounen travay ak yon demann ekri Depatman Travay la otorize pou kat lòt semèn.
- Yon manm sendika a dwe jwenn travay grasa sendika a. Ou dwe respekte règleman ak kondisyon rechèch travay sendika a.
- Patisipe nan yon pwogram fòmasyon Depatman Travay la apwouve, tankou sa ki apwouve dapò Lwa §599 anrapò ak Travay Eta Nouyòk la.
- W ap fè sèvis jiridik.
- W ap patisipe nan Pwogram Pataj Travay Depatman Travay la Apwouve.
- W ap patisipe nan Pwogram Èd pou Travay Endepandan (Self-Employment Assistance Program, SEAP) Depatman Travay la Apwouve.
- Kouvri grasa nenpòt eksepsyon lwa eta a oswa federal la mande oswa Depatman Travay aksepte oswa pwolonje e ki respekte lwa, règ, règleman, oswa enstriksyon eta a oswa federal yo.
- Aksepte yon pwopozisyon travay onèt k ap kòmanse nan yon delè rezonab jan Depatman Travay la mande sa.

Ki kalite travay mwen dwe chèche? Èske m ka refize yon travay paske salè a twò piti?

Ou dwe chèche epi pare pou w aksepte "travay ki koresponn" avè w pandan w ap touche lajan pou Asirans Chomaj la. Travay ki koresponn avè w la se travay ki rezonab pou w fè grasa fòmasyon ak eksperyans ou te gen deja.

Pou premye 10 semèn konplè ou fè reklamasyon pou Asirans Chomaj yo, travay ki koresponn avè w vle di ou dwe chèche travay nan tout dènye pwofesyon ou te travay yo.

Li enpòtan pou w konprann sa salè limit Asirans Chomaj la ye. Salè limit Asirans Chomaj se yon salè ki 10% pi ba pase salè Asirans Chomaj ki aplikab nan moman an pou yon pwofesyon. Ou ka jwenn kisa salè ki aplikab nan moman an ak limit pou Asirans Chomaj la ye pou yon pwofesyon sou sit entènèt nou an ki se statistics.labor.ny.gov/ui/wages.shtm oswa lè w verifye ak anplwaye Sant Karyè Eta Nouyòk la.

Si yo pwopoze w yon travay ki peye omwen salè limit Asirans Chomaj la pou travay ki nan dènye pwofesyon ou te travay yo, ou dwe aksepte l oswa riske pèdi avantaj ou yo. Si yo pwopoze w yon travay ki peye omwen salè limit Asirans Chomaj la pou travay ki nan dènye pwofesyon ou te travay yo, ou ka refize l pou rezon ki gen rapò ak salè ki aplikab nan moman an. Men, si w refize yon travay, menmsi l pa respekte kondisyon salè ki aplikab nan moman yo oswa ou panse l pa koresponn avè w, **ou dwe toujou di Depatman Travay la** sa nan deklarasyon w fè chak semèn nan. Sa a ta dwe rapòte nan semèn ou pran desizyon pou w refize travay la, se pa nan semèn travay la t ap gen pou l kòmanse.

Lè w fin reklame 10 semèn avantaj Asirans Chomaj konplè, definisyon sa nou konsidere ki travay ki koresponn avè w la vin gen ladan l nenpòt travay ou **ka** fè, menm si w pa gen okenn eksperyans oswa fòmasyon pou kalite travay sa a. Si yo ofri w yon travay lè w fin fè reklamasyon pou avantaj yo pandan 10 semèn, ou dwe aksepte l si:

- Ou ka fè travay la
- Li peye omwen 80% salè peryòd debaz pou trimès ou touche plis lajan an, epi
- Li peye omwen salè limit pou Asirans Chomaj pou yon travay konsa

Ou ka vin pa kalifye pou w resevwa lajan pou Asirans Chomaj la si:

- Ou refize yon travay ki respekte twa kondisyon ki pi wo yo lè w fin resevwa avantaj yo pandan 10 semèn
- Ou pa reponn yon pwopozisyon travay (se menm bagay ak si w refize yon travay)

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

E si m refize yon travay ki respekte kondisyon yo jan sa dekri nan kesyon ki pi wo yo, men ki ofri yon tikras avantaj ki mwens pase sa yo ofri nan menm travay la?

Nenpòt lòd w refize yon pwopozisyon travay, Depatman Travay la dwe analize sitiyasyon yo. Gen kèk sitiyasyon kote w ka kontinye resevwa lajan pou avantaj Asirans Chomaj la, sof si salè pou pwopozisyon travay la ka ranplase sa k manke oswa kantite ki pi ba a pou avantaj yo. Si w refize yon travay paske w li pa gen avantaj sosyal oswa yo mwens, prepare w pou w bay plis enfòmasyon.

Ki zòn ki mache travay nan zòn mwen an?

An jeneral, kote nan zòn ou ki mache travay pou ou se zòn ou ka fè depasman pou yon distans inèdtan nan transpò prive oswa inèdtan edmi nan transpò piblik. Ou ta dwe santi w alèz pou w chèche travay nan zòn ki pi lwen pase zòn sa yo. Lè nou itilize l nan liv enfòmasyon sa a, zòn mache travay ki nan zòn ou se nenpòt kote nan Eta Nouyòk e ki nan espas senkant (50) milyaj distans fwontyè l yo.

Jis nan ki zòn mwen dwe ale pou m chèche travay?

Ou dwe gen volonte pou w fè pakou a pou yon distans ki rezonab pou w al travay. An jeneral, distans rezonab pou pakou a se inèdtan nan transpò prive oswa inèdtan edmi nan transpò piblik.

Sant Karyè Eta Nouyòk

Sant Karyè nou gen nan Eta Nouyòk yo bay sèvis pou ede w jwenn travay pi rapid. Pou w jwenn Sant Karyè nan Eta Nouyòk ki pi pre w la, ale sou dol.ny.gov/career-centers oswa rele Sant Kontak la nan **888-469-7365** soti 8:30 am pou rive 4:30 pm, lendi - vandredi. Men kèk sèvis yo ofri:

- Fè CV ak konpetans pou entèvyou
- Konsèy pou karyè ak direksyon
- Evalyasyon konpetans pou ede w konn ki travay ki ka koresponn avè w
- Atelye rechèch travay
- Enfòmasyon konsènan travay ki disponib nan yon zòn oswa domèn presi (enfòmasyon sou mache travay la)
- Referans pou travay
- Enfòmasyon konsènan okazyon pou fòmasyon ak referans pou fòmasyon lè sa a apwopriye

Rankont Sant Karyè ki obligatwa yo

Yo ka egzije w pou w al nan rankont yon Sant Karyè Eta Nouyòk. Si se sa a, y ap voye yon lèt ki gen dat, lè ak kote rankont lan ap fèt. Si w pa ka al nan randevou a paske w ap travay oswa pou yon lòt rezon, rele Sant Karyè Eta Nouyòk la kou sa posib pou w pran yon lòt randevou. Si w pa ka jwenn yon moun lè w rele a e w dwe kite yon mesaj pou w mande yo tounen w apèl la, yon moun dwe rele w nan espas 24 èdtan. Si yo pa retounen w apèl la nan espas 24 èdtan aprè w fin kite mesaj la, tanpri, voye yon mesaj sekirize pa mwayen kont sou entènèt ou a. Gade "**Apendis II: Voye yon mesaj sekirize**" ki nan **Chapit 14 la** pou w jwenn enstriksyon oswa rele ankò. Ale sou labor.ny.gov/career-center-locator pou w jwenn Sant Karyè ki pi pre w la.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Randevou nan Sant Karyè yo fèt pou ede w jwenn travay pi rapid. Pa egzanp, nou ka ede w kreye yon plan rechèch travay ekri ki konsidere bezwen presi w genyen yo. Si gen chans pou w fin touche tout avantaj ou yo, ou ka gen pou w patisipe nan lòt pwogram. N ap di w ki kote ak kilè rankont oswa pwogram yo ap fèt.

Nou ka voye yon rapèl pou rankont ou genyen yo pa mwayen sistèm mesaj sekirize **NY.gov** la oswa nou ka rele w nan telefòn pa mwayen liy telefòn Edikasyon Pi wo Nivo NYS la, met sou lèt nou voye pa lapòs pou ou a.

Kisa k ap pase si m pa al nan rankont Sant Karyè m nan?

Si w pa al nan randevou nan Sant Karyè w la oswa reponn lèt la, n ap kanpe avantaj ou yo tousuit. Premye bagay ou dwe fè se pou w ale, an pèsòn, nan Sant Karyè ki nan avi randevou w la nan lè sant sa ouvri. Ou ka pa bezwen yon randevou. Ou ka rele nan Sant Karyè sa a tou epi pale ak yon ajan nan Depatman travay la pou w rapòte. Pa rele Sant Reklamasyon Telefòn* nan, paske yo pa ka ede w lè w fin al nan rankont Sant Karyè a.

Si nou vin wè ou pa gen yon rezon valab pou w rate randevou w la e w pa t kontakte Sant Karyè anvan dat randevou w la, ou p ap kalifye pou w resevwa avantaj pou semèn nan (semèn ou pa t al nan randevou w la) ak chak semèn apres a jiskaske w al nan Sant Karyè a an pèsòn.

Lè w sot nan Sant Karyè a, y ap mande w pou w ranpli yon fòmilè sou entènèt la e w dwe voye l ale nan espas 48 èdtan. Ranpli fòmilè sa a nan Sant Karyè a pou w ka voye l e pou nou ka analize l pi rapid. N ap verifye fòmilè a pou nou gade si w kalifye pou avantaj yo pou peryòd ou pa t al nan randevou a.

N ap kenbe avantaj yo pou semèn ou te rate randevou w la jiska semèn ou t al nan Sant Karyè a. Si nou wè ou pa gen yon rezon valab pou w rate randevou w la, ou p ap kalifye pou w resevwa pèman pou semèn nou kenbe yo. Kontinye reklame avantaj yo chak semèn pandan yo kenbe avantaj yo pou chak semèn ou nan chomaj e w ranpli kondisyon pou w kalifye yo.

Remak: Si w aksepte yon pwopozisyon travay ak yon dat ou gen pou w kòmanse, kontakte Sant Karyè nan zòn ou an paske w ap gen pou w montre yo prèv pwopozisyon an ak dat kòmansman. Sant Karyè a ap fè w konnen si y ap aksepte absans ou nan randevou a.

E si eta fizik mwen fè m pa ka chèche oswa aksepte travay?

Ou dwe nan eta fizik ki pèmèt ou travay pou w ka kalifye pou avantaj lajan pou Asirans Chomaj yo.

Si w vin malad oswa ou vin gen yon andikap, pandan w ap resevwa lajan Asirans Chomaj la oswa ou pa ka travay pandan yon moman oswa ou gen lòt rezon ki fè w pa ka aksepte travay, e w gen kesyon konsènan kondisyon pou w kalifye pou avantaj yo, kontakte nou nan **labor.ny.gov/signin** oswa rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* nan tousuit. Ou ka kalifye pou w kontinye resevwa lajan pou avantaj yo kou w ka travay ankò. Si w fè reklamasyon pou avantaj yo, ou dwe rapòte tout jou ou pa t ka travay yo. Si w te gen pou w travay men w te rele di w pa ka ale paske w malad, ou dwe rapòte ou pa t pare, vle, e ka travay nan jou sa a lè w fè deklarasyon pou avantaj yo. Si w pa t ka travay pandan kat oswa plis jou nan yon semèn ou p ap kalifye pou avantaj yo e w pa bezwen fè reklamasyon pou semèn sa a. Tanpri gade **"E si m travay a tan pasyèl?" ki nan Chapit 6 la.**

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

E si m pa ka chèche oswa aksepte travay paske yo te rele m pou m fè pati yon komite jij?

Si yo rele w pou sèvis jiridik, n ap refize ba w avantaj yo. Sa ap rive si yo rele w pou w fè yon travay oswa jijman nan nenpòt eta nan Etazini. W ap konsidere kòm yon moun ki pare, vle, e ka travay pandan w nan travay jiridik la. Met sou sa, ou ka pa gen pou w ranpli kondisyon anrapò ak rechèch travay la pou nenpòt semèn w ap fè travay jiridik la. Kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn* nan pou w jwenn plis enfòmasyon.

Èske si m ansent sa ap gen enpak sou avantaj mwen yo?

Dapè lwa federal ak eta a, yo pa ka refize ba w lajan pou Asirans Chomaj yo sèlman paske w ansent. Depatman Travay la pa ka fè diskriminasyon kont ou paske w ansent. Men, menm kondisyon pou yon moun kalifye a aplikab pou tout lòt moun k ap fè reklamasyon yo aplikab pou moun ki ansent k ap fè reklamasyon: yo dwe disponib pou yo travay, yo dwe gen kapasite fizik pou yo travay e yo dwe ap chèche travay.

Ou pa oblije di nou ou ansent **sof si sa gen enpak sou kapasite w pou w travay**. Si w pa ka travay akòz lòt pwoblèm sante ki gen rapò ak gwosès oswa akouchman, ou pa kalifye pou w fè reklamasyon pou lajan Asirans Chomaj pou jou oswa semèn sa yo. Pa egzansp, ou entène pou w akouche gen enpak sou kapasite w pou w travay. Ou pa ka reklame avantaj pou peryòd ou nan lopital la e w pa ka travay. Anvan w ka rekòmanse resevwa avantaj yo, nou ka mande w rapò doktè ki di ou ka travay apre w fin entène (se t ap menm bagay la si w te entène pou lòt rezon).

Pafwa, yon konpayi fè Sant Reklamasyon nan Telefòn* nan konnen yon moun k ap fè reklamasyon kite, pran konje maladi oswa yo te revoke l akòz gwosès. Nou dwe verifiye enfòmasyon sa a avè w. Men, si w te deside kite dènye travay ou a, menm si kapasite fizik ou te pèmèt ou kontinye travay, ou ka pa kalifye pou avantaj yo.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize vidyeyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

8 TOUCHE PLIS PASE SA W TA DWE TOUCHE AK MAGOUY

Kisa pèman ki plis pase sa w ta dwe resevwa a ye?

Lè w resevwa yon pèman ki plis pase sa w ta dwe resevwa se lè w revevwa lajan avantaj Asirans Chomaj ou pa t gen dwa. Sa ta ka rive pou plizyè rezon, pa egzanp: ou te fè yon erè lè w t ap fè reklamasyon pou avantaj yo, ou pa t pare, vle, e ka travay, ou pa t fè kantite rechèch travay yo mande pou yon semèn oswa plizyè semèn, oswa ou fè espere pou w ba nou fo oswa move enfòmasyon lè w ap depoze yon reklamasyon oswa w ap fè reklamasyon pou avantaj chak semèn yo.

Kisa fo deklarasyon ou fè espere w fè vle di?

Fo enfòmasyon volontè vle di ou **konnen** e ou **fè espere** ou fè fo deklarasyon pou w ka jwenn lajan yo bay pou Asirans Chomaj la. Sa a gen ladan l enfòmasyon ou konnen e w fè espere ou kenbe. **Enpòtan: Fo deklarasyon ou fè espere w fè vle se magouy.** Si w fè espere ou fè fo deklarasyon oswa ou bay fo dokiman pou w jwenn avantaj yo, ou ka:

- Oblije remèt lajan anplis ou te resevwa a
- Sibi evalyasyon pou "**jou ki anile,**" ki se avantaj ou reklame alavni k ap anile e w ap pèdi kòm penalite. (gade lis mo a), epi
- Ou ka peye \$100 oswa 15 pousan (nenpòt sa k plis la) **penalite lajan an** sou montan konplè avantaj yo peye w anplis la. W ap peye sa a met sou nenpòt lajan ou gen pou w remèt (gade lis mo a).

Kisa k ap pase si m pa remèt lajan ki plis pase sa m ta dwe resevwa a oswa m pa peye penalite lajan an?

Si w pa remèt lajan anplis pou avantaj ou te resevwa paske w te fè magouy la, Depatman Travay la ka fè yon jijman kont ou pou yo touche pèman anplis la.

Si w pa remèt nenpòt lajan pou avantaj ou te resevwa paske w te kenbe enfòmasyon oswa ou te bay Depatman Travay fo enfòmasyon, sa ka fè Depatman Travay la fè demach legal pou fè yon jijman kont ou. Kou l fin fèt, yon jijman ka valab e yo ka itilize l kont ou pandan 20 lane e yo ka pran lajan w, tankou yon pati nan salè w ak/oswa kont bank ou. Epi, yon jijman pral gen move enpak sou nòt kredi w e l ka gen enpak sou kapasite w pou w lwe yon kay, jwenn yon travay oswa prete lajan.

Eta Nouyòk rele sa a "Dwa Konpansasyon" tou. Si w pa remèt lajan yo te peye w anplis la, nou ka sezi pèman Eta Nouyòk ka dwe w. Sa yo gen ladan l lajan pou Asirans Chomaj, kontra pèman, ranbousman taks eta a ak lòt pèman. Nou ka sezi lajan taks federal ou t ap gen pou w resevwa a ak lòt pèman federal yo pou nou ka touche nenpòt lajan w dwe, ansanm ak lajan pou chomaj ou ka dwe nan lòt eta.

Si w dwe nenpòt lajan penalite, ou ka peye l pa chèk oswa manda pou fè pèman sèlman. Nou pa ka kenbe lajan avantaj alavni yo pou nou fè w peye penalite lajan yo.

Si w pa ka remèt tout montan anplis la, ou ka mande yon plan pèman lè w rele **800-533-6600**.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Kisa m ta dwe fè si m resevwa desizyon ki fè konnen mwen te resevwa pèman ki plis pase sa m ta sipoze resevwa?

Si w te resevwa plis lajan pase sa w te dwe resevwa, w ap resevwa yon Avi Desizyon pa lapòs. Avi sa a ap:

- Montre kantite lajan anplis ou resevwa e l ap di w fason w ap remèt li
- Montre w nenpòt penalite ak montan w pèdi
- Esplike kijan nou te fè peye w plis pase sa w te dwe resevwa e rezon ki fè w dwe remèt li

Si w resevwa desizyon ou te resevwa plis lajan pase sa w te sipoze resevwa a, ou dwe suiv enstriksyon pou w remèt li nan avi a. Si w pa dakò ak desizyon anrapò ak pèman anplis la, ou gen dwa pou w mande yon odyans. Tanpri gade "**Fason Odyans ak Kontestasyon Fèt**" nan **Chapit 10** pou w jwenn plis enfòmasyon. Si w mande yon odyans, demach pou remèt lajan anplis la ap sispann jiskaske odyans lan fini e yo pran yon desizyon.

Pèman anplis lòt pwogram eta a oswa federal fè

Si w te resevwa avantaj ou pa t dwe resevwa nan yon pwogram eta oswa federal, Depatman Travay la dwe retire lajan pou remèt la nan lajan pou avantaj Asirans Chomaj ou a.

AVÈTISMAN: Depatman Travay la ka touche pou tout ane ki pase yo si nou wè lè w t ap fè reklamasyon pou avantaj yo, ou te travay pandan yon reklamasyon nan moman an oswa ou te fè anvan. Si se sa ki rive, w ap bezwen prèw dosye travay ou pou w konteste yon akizasyon magouy. Pou w prepare w pou yon posibilite konsa, asire w ou konsève orè w, dosye lè w, ak resi pou lajan w te touche yo.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

9 KISA M DWE FÈ LÈ M RETOUPEN TRAVAY?

Kisa m dwe fè lè m retounen travay a tan plen?

Lè w jwenn yon travay, ou dwe rapòte tout èdtan w te travay lè w ap fè deklarasyon pou avantaj yo, menm si yo pa t peye w. Si w travay plis pase 30 èdtan pa semèn oswa w touche plis pase \$504 nan yon semèn, ou p ap kalifye pou avantaj yo e w pa bezwen reklame pou semèn sa a.

E si m retounen travay e apre sa m tonbe nan chomaj ankò?

Si tout twa kondisyon ki annapre yo koresponn avè w:

- Avantaj ou yo pa fini,
- Ou pa t resevwa lajan pou avantaj pandan 104 jou (sa egal ak 26 semèn avantaj konplè), epi
- Sa fè omwen yon semèn depi w dènye semèn ou te fè reklamasyon pou avantaj yo

Ou ka annik kòmanse fè reklamasyon pou avantaj yo ankò. Si w bezwen èd pou w fè reklamasyon pou avantaj yo, tanpri gade "*Kijan pou m reklame lajan asirans lan bay chak semèn nan?*" ki nan **chapit 6 la**.

Si w pa konnen kilè avantaj ou yo fini, ou ka jwenn dat sa a sou Desizyon pou Lajan w ap Resevwa a oswa nan kont anliy ou a sou labor.ny.gov/signin. Mete non itilizatè ak modpas NY.gov ou a. Klike sou bouton "Unemployment Services" la ki nan paj My Online Services la. Klike sou bouton "View Payment History" a sou paj Avantaj Asirans Chomaj Sou Entènèt la.

Enpòtan: Si w kòmanse fè reklamasyon pou avantaj yo ankò, lè w fin fè reklamasyon pou lajan pou avantaj yo pou youn oswa plis semèn, ou ka resevwa yon fòmilè sou entènèt oswa pa lapòs k ap mande w enfòmasyon konsènan peryòd ou pa t fè reklamasyon pou avantaj yo. Depatman Travay la ap kenbe lajan pou avantaj ou yo jiskaske w voye fòmilè a tounen. Si Depatman an bezwen plis enfòmasyon pou nou decide si w kalifye pou avantaj yo, n ap kenbe lajan avantaj ou yo pandan de jiska twa semèn oswa pandan plis tan.

Ranpli tout fòmilè sa a nèt epi voye l tounen ba nou kou sa posib. Si w pa ranpli fòmilè a oswa si w pa voye l tounen rapid, ka gen reta nan lajan pou avantaj ou yo, nou ka sispann yo oswa refize yo.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize vidyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

10 FASON ODYANS AK KONTESTASYON FÈT

Èske m ka konteste yon desizyon anrapò ak reklamasyon m nan?

Nan kad pwogram Asirans Chomaj la, yon detèminasyon se non ofisyèl yon desizyon Depatman Travay la pran anrapò ak reklamasyon w lan. Li enpòtan pou w li, konprann epi konsève nenpòt avi nou voye pou ou ki gen "determination" (desizyon) nan tit la, nan paj nan do a tou.

Si w pa dakò ak desizyon pou nou refize avantaj ou yon oswa ki gen enpak sou lajan w resevwa yo, ou gen dwa pou w mande yon odyans. Odyans lan ap fèt devan yon Jij Dwa Administratif san patipri ki nan Komite Kontestasyon Asirans Chomaj la.

Kijan pou m mande yon odyans?

Pou w mande yon odyans sou entènèt, ale sou [Labor.ny.gov/signin](https://labor.ny.gov/signin) epi konekte nan kont NY.gov ou a. Chwazi "Go to My Online Forms." Nan meni "Forms Available for Filing" agoch la, chwazi fòmilè "Claimant Request for Hearing" nan. Tanpri ranpli tout fòmilè a epi voye l ale.

Si w pa gen yon kont sou entènèt account avè nou, tanpri gade "*Receiving your benefits: Your PIN, NY.gov ID, direct deposit and the debit card*" (Resevwa avantaj ou yo: PIN, ID NY.gov, depo dirèk ak kat debi) **ki nan Chapit 3** pou w jwenn enstriksyon sou fason pou w kreye youn.

Ou ka fè yon demann tou lè w Ranpli fòmilè Demann Odyans Pou Moun K ap Fè Reklamasyon an ki nan do dokiman enfòmasyon sa a, oswa lè w ekri yon lèt. Voye demann ou an pa faks nan **518-457-9378**, oswa voye l pa lapòs nan:

New York State Department of Labor
PO Box 15131
Albany, NY 12212-5131

Enpòtan: Demann ou fè sou entènèt, ou voye pa faks oswa pa imel la dwe gen so lapòs oswa yon prèv ki montre ou te depoze l nan espas 30 jou aprè w fin voye l pa lapòs oswa nan dat ou te resevwa desizyon a. Si se pa sa k rive, n ap jije yon desizyon te ale pa lapòs nan dat ki mansyone a oswa nan dat moun ou voye l pou li a resevwa l ki pa pi ta pase senk jou ouvrab aprè dat li te ale pa lapòs la. Si demann odyans ou a anreta, ou ka pèdi dwa w genyen pou yo tande w sou dosye a. Konsève nòt ak nenpòt dosye ki montre dat ak lè ou te voye demann nan ale.

Nan demann ou an, mete:

- Non konplè w
- Kat dènnye chif nimewo Sekirite Sosyal ou
- Adrès lapòs ou nan moman an ak nimewo telefòn ou
- Dat lapòs ki sou desizyon an
- Yon esplikasyon ki gen detay sou rezon ki fè w panse desizyon an pa kòrèk
- Nenpòt dat ou pa disponib pou w vin nan yon odyans, tankou lè gen yon fèt relijyon
- Nenpòt bezwen espesyal oswa aranjman ou ka bezwen nan odyans lan
 - Si ou menm oswa temwen w yo gen yon andikap oswa nenpòt bezwen, ap gen aranjman ki fèt pou asire nou tout moun ki konsène yo ka patisipe nan odyans lan

Si w gen nenpòt dokiman ki sipòte deklarasyon yo, mete yo epi voye yo ale ak demann ou an.

Si w mande yon odyans aprè yon delè 30 jou, ou dwe esplike rezon ki fè demann ou a an reta. N ap pale sou san nan odyans ou a.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

A kisa m ta dwe atann mwen lè m fin mande yon odyans?

Depatman Travay la ap analize demann odyans ou a. Nou ka kontakte w pou plis enfòmasyon epi pran yon nouvo desizyon. Reponn apèl ak mesaj Depatman an tousuit. Si w pa reponn sa ka fè nou pran yon nouvo desizyon dapre enfòmasyon nou genyen yo.

Si nou pran yon nouvo desizyon ki nan avantaj ou, ou ka pa gen pou w prezante nan yon odyans. Si nou pran yon nouvo desizyon ki pa nan avantaj ou, ou ka gen pou w prezante nan yon odyans ankò.

Si pa gen okenn chanjman nan premye desizyon an, ou ka gen pou w mande yon odyans ankò. Anjeneral odyans yo fèt ant 15 ak 30 jou aprè w fin fè demann ou an. N ap voye yon avi Odyans pou ou 14 jou anvan odyans la fèt.

Enpòtan: Pandan n ap analize demann ou an, ou dwe kontinye fè reklamasyon chak semèn pou lajan yo bay pou chomaj pou nenpòt peryòd ou nan chomaj e w ap mande lajan pou avantaj yo. Si nou wè ou kalifye, w ap resevwa tout avantaj ou te mande yo.

Ki sa k ap rive avantaj mwen yo lè m gen yon odyans ki planifye?

Nou ka kenbe avantaj yo pandan w ap tann odyans lan. Si Jij Dwa Administratif la pran yon desizyon nan avantaj ou, n ap peye w nenpòt lajan pou avantaj nou dwe w (pou dat ki pase), toutotan w kontinye fè reklamasyon pou lajan avantaj yo (fè deklarasyon pou avantaj) pou chak semèn ou toujou nan chomaj oswa w ap travay 30 èdtan oswa mwens e w fè montan ki pi plis pou w mande avantaj yo oswa mwens.

ENPÒTAN: Si w te mande yon odyans oswa w ap tann yon odyans oswa yon desizyon, **ou dwe reklame avantaj yo chak semèn.** Sa ap pèmèt ou resevwa lajan pou avantaj ou pa t touche yo si desizyon odyans lan nan avantaj ou. Lè w ap fè reklamasyon avantaj apre w fin retounen travay, ou dwe rapòte tout èdtan w te travay yo menm si yo pa t peye w. Si w travay plis pase 30 èdtan pa semèn oswa w touche plis pase \$504 nan yon semèn, ou p ap kalifye pou avantaj yo e w pa bezwen reklame pou semèn sa a. Si w pa fè reklamasyon pou avantaj chak semèn pandan tan sa a, ou ka pèdi dwa w pou w resevwa avantaj pou semèn sa yo.

Kijan m ap fè konnen lè yo planifye odyans mwen an?

Seksyon Jij Dwa Asminitratif nan Komite Kontestasyon pou Asirans Chomaj la ap fè w konnen lè ak kote odyans ou a ap fèt lè l voye yon Avi Odyans pou ou. **Tanpri remake odyans sa a ka fèt an pèsòn oswa nan telefòn.** Si odyans ou an planifye pou l fèt nan telefòn. ou dwe asire w nimewo telefòn ki sou odyans lan kòrèk. Si w jwenn yon erè, ou dwe kontakte biwo odyans la ki make sou avi w la tousuit pou w fè koreksyon ki nesèsè, si se pa sa a odyans lan ka pa fèt. Si w bezwen chanje dat yon odyans, kontakte biwo ki mansyone sou avi odyans lan.

Enpòtan: Pran san w pou w li tout Avi Odyans lan, devan ak dèyè l, sa gen ladan l enstriksyon espesyal pou w konn ki dokiman ak temwen pou w genyen pou odyans lan. Ou ka voye lòt dokiman tou pa faks kòm prèv pou dosye w la nan biwo dyans ki mansyone nan Avi Odyans ou a anvan odyans lan. Gade videyo “How Can I Prepare for a Hearing?” (Kijan Mwen Ka Prepare pou yon Odyans) ki sou sit entènèt Komite Kontestasyon an nan uiappeals.ny.gov.

E si konpayi m ap travay la mande yon odyans?

Nenpòt konpayi ki mansyone nan reklamasyon w lan ka mande yon odyans si yo panse ou sispann travay pou yo paske w vin pa kalifye ankò pou rezon tankou:

- Ou te gen yon bon rezon pou w kite travay la
- Yo te revoke w akòz move konduit

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Lè sa a rive, Depatman Travay la dwe analize demann odyans konpayi a, e si sa nesèsè, konfime ou nan chomaj vre.

Nou ka kontakte w pou plis enfòmasyon epi pran yon nouvo desizyon. Reponn apèl ak mesaj Depatman an tousuit. Si w pa reponn sa ka fè nou pran yon nouvo desizyon dapre enfòmasyon nou genyen yo.

Si nou pran yon nouvo desizyon ki pa nan avantaj ou, ou ka sispann kalifye, oswa montan pou w resevwa avantaj yo ka diminye. Ou ka gen pou w remèt lajan avantaj ou te resevwa si nou wè ou te fè yon fo deklarasyon oswa ou te kenbe enfòmasyon pou w ka jwenn avantaj.

Si pa gen okenn chanjman nan premye desizyon an, ou ka gen pou w mande yon odyans ankò. Anjeneral odyans yo fèt ant 15 ak 30 jou aprè konpayi a fin fè demann nan. N ap voye yon avi Odyans pou ou 14 jou anvan odyans la fèt.

W ap kontinye resevwa lajan avantaj yo pandan pwosesis odyans lan toutotan w ranpli kondisyon pou w kalifye yo. Li enpòtan anpil pou w ale nan odyans ki pwograme a pou w pwoteje dwa w genyen pou w resevwa lajan avantaj yo e pou w ka kontinye kalifye. Si w pa ale, odyans lan ka kontinye sa ou. Jij Dwa Administratif la ka pran desizyon sou dosye a san l pa konsidere vèsyon pa w nan istwa a. Si desizyon an pa nan avantaj ou, ou ka sispann kalifye, oswa montan pou w resevwa avantaj yo ka diminye. Ou ka gen pou w remèt lajan avantaj ou te resevwa si nou wè ou te fè yon fo deklarasyon oswa ou te kenbe enfòmasyon pou w ka jwenn avantaj.

ENPÒTAN: Pandan n ap analize demann konpayi a, ou dwe kontinye fè reklamasyon chak semèn pou lajan pou avantaj chak semèn nan pou nenpòt peryòd ou nan chomaj e w ap mande lajan pou avantaj yo.

Si w pa t al nan odyans konpayi w la te mande a e w resevwa yon desizyon ki fè w konnen w pa kalifye ankò, ou ka ekri yon lèt pou w mande pou yo ouvri odyans lan ankò pou w ka prezante vèsyon pa w nan istwa a. Gade "*Kisa k ap pase si m pa al nan rankont lan?*" ki nan **Chapit 10 la** pou w jwenn plis enfòmasyon. Anvan w lòt odyans ki gen pou fèt la, jwenn yon kopi dosye a kou sa posib epi koute anrejistremant odyans ou te rate a. Gade "*Verifye epi jwenn yon kopi dosye w la*" ki nan **Chapit 10** pou w jwenn plis enstriksyon.

Èske m ka gen yon reprezantan nan odyans yo?

Ou gen dwa pou w vin ak yon avoka oswa yon lòt moun ou chwazi pou reprezante w nan odyans lan, menmsi w pa oblije. Dapre lalwa, nenpòt avoka oswa reprezantan ki anrejistre ak Komite Apèl Asirans Chomaj la ka touche nan men w pou yo reprezante w. **Enpòtan: Se sèl si w genyen dosye w la yo ka fè w peye montan sa a, sa gen ladan l nenpòt kontestasyon.** Yo pa ka mande w pou w peye yon montan pou sèvis yo jiskaske Komite Apèl Asirans Chomaj apwouve montan an. Ni ou, ni avoka oswa reprezantan anrejistre w la ap resevwa yon lèt ki sot nan Komite Kontestasyon an pou yo fè w konnen yo apwove nenpòt montan. Si w genyen odyans ou a e w resevwa yon fakti pou sèvis Komite Apèl la pa apwouve, ou ta dwe kontakte Komite Apèl la nan **518-402-0205**.

Si w pa ka peye yon avoka oswa yon reprezantan anrejistre, ou ka gen yon avoka ki reprezante w ki pa mande pou w peye oswa ou ka benefisye yon pwogram sèvis legal gratis.

Pou w jwenn yon lis ki gen mwayen legal, tankou avoka, reprezantan ki anrejistre, pwogram sèvis legal ak òganizasyon ki bay avoka benevòl, ale sou sit entènèt Komite Kontestasyon Asirans Chomaj la ki se **uiappeals.ny.gov**. Klike sou seksyon "Helpful Information" (Enfòmasyon Itil) la apresa klike sou "Guides and Resources" (Gid ak Mwayen). Chwazi "List of Attorneys & Authorized Agents" (Lis Avoka ak Ajan Otorize). Ou ka rele **518-402-0205** pou w mande lis sa a.

Pifò reprezantan ap vle wè dosye a anvan yo ofri sèvia yo, asire w ou jwenn yon kopi pou w ka al nan yon biwo sèvis legal. Gade "*Verifye epi jwenn yon kopi dosye w la*" ki nan **Chapit 10 la**.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Kijan pou m prepare pou yon odyans?

Ale sou sit entènèt Komite Apèl Asirans Chomaj la sou uiappeals.ny.gov epi gade videyo ki rele “Preparing for your Unemployment Insurance Hearing.”

Nan odyans la, ou ka bay temwayaj epi prezante temwen ak dokiman. Temwen yo ka parèt nan telefòn, donk si temwen w lan pa ka parèt an pèsòn, di l pou l disponib nan telefòn nan moman odyans lan epi bay jij la nimewo telefòn li. Si w pa ka gen prèv ki nesèsè yo, ou ka mande Jij Dwa Administratif la pou l fè yon manda bay moun oswa konpayi a dirèkteman ki gen prèv yo epi pote yo. W ap gen posibilite pou w poze moun ak temwen ki nan kan opoze a kesyon nan odyans lan.

Anvan odyans la, w ap gen yon bwochi ki gen enfòmasyon detaye ki pi byen dekri pwosesis odyans lan ak dwa w genyen yo. Si w gen kesyon avi sa a pa reponn, kontakte biwo odyans Komite Kontestasyon an ki sou Avi Odyans lan oswa kontakte Biwo K ap Defann Moun ki Fè Reklamasyon an.

Ou ka kontajte Biwo K ap Defann Moun Ki Fè Reklamasyon an nan telefòn nan **855-528-5618** soti lendi pou rive, 9 am jiska 4 pm. Ou ka voye yon mesaj sekirize tou (Anglè sèlman): Konekte sou labor.ny.gov/signin. Nan paj My Online Services la, nan seksyon Messages la, klike sou, "Go to My Inbox." epi chwazi "Compose New." Chwazi "UI Claimant Advocate Office" pou liy sijè a. **Gade pati ki rele "Biwo K ap Defann Moun ki Fè Reklamasyon" ki nan Chapit 13, Apendis I.**

Verifye epi jwenn yon kopi dosye w la

Dosye a gen dokiman Jij Dwa Administratif la pral itilize nan odyans la. Li gen dokiman enpòtan tou ki te sèvi pou pran desizyon an, e li ka gen yon anrejistremant odyans ki te fèt deja. Si odyans ou a ap fèt nan telefòn, n ap voye dokiman dosye a pa lapòs pou ou ansanm ak avi odyans lan. Si odyans ou a ap fèt an pèsòn, w ap gen dwa pou w verifye ak fè kopi dokiman nan dosye w la epi koute nenpòt anrejistremant kote odyans lan ap fèt la anvan odyans lan. Mache ak avi odyans ou a kote odyans lan ap fèt la yon bon tan anvan odyans lan epi mande pou w verifye ak/oswa fè kopi dokiman nan dosye a. Si w gen pwoblèm lajan, ou ka ranpli yon dokiman pou w renonse epi mande yon kopi gratis. Si w ap mande reprezantan legal, li enpòtan pou w prepare dokiman nan dosye w la pou avoka a ka verifye dosye w la.

Kisa k ap pase si m pa al nan rankont lan?

Li enpòtan anpil pou w ale nan tout odyans ki pwograme yo kit se ou oswa konpayi a ki mande odyans lan. Si w pa ale, ou ka ouvri dosye a ankò. Voye demann ou an pa faks oswa lapòs nan adrès biwo Jij Dwa Administratif ki anlè nan tèt premye paj avi desizyon an kou sa posib. Asire w ou mete nimewo dosye a, adrès pou lapòs ou nan moman an ak nimewo telefòn, ak rezon ki fè w pa t vini nan demann ou an. Ou ka jwenn nimewo dosye w la sou avi odyans ou a, nan pati anlè nan mitan paj la, oswa sou avi desizyon odyans lan, sou bò goch pa anlè. Mete nenpòt dokiman ki esplik rezon ki fè w pa t al nan odyans lan. Tanpri mete nenpòt dat pou 45 jou k ap vini yo ou p ap disponib ou yon odyans. Komite Apèl la ap fè tout sa k posib pou l respekte orè w. Pa mande pou yo ouvri dosye w la ankò si w pa pare pou w al nan yon nouvo odyans.

Nan pwochen odyans ki pwograme a, premye sa jij la ap fè se koute temwayaj ou pou l wè si w te gen yon bon rezon pou w pa t vini oswa patisipe nan odyans ki te pwograme anvan an. Jij la ap deside lòt pwoblèm nan desizyon an sèlman si w te gen yon bon rezon pou w rate odyans ki te pwograme anvan an.

Si w pa vin nan odyans lan pou w ouvri doye a ankò, epi fè yon lòt demann pou yon odyans, nou p ap pwograme dosye a yon lòt fwa otomatikman. Men, y ap voye demann pou w ouvri dosye a ankò a bay Komite Apèl la. Komite a ap analize aplikasyon an dapre dokiman ki nan dosye a epi ba w yon lòt odyans sèlman si l montre ou gen yon bon rezon pou w pa t vini nan toulède odyans ki te pwograme yo oswa si, se li k ap deside, Komite a mande yon lòt odyans pou l analize kesyon bon rezon an.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Kijan e kilè m ap resevwa desizyon jij la?

Ou ta dwe resevwa desizyon Jij Dwa Administratif la pa lapòs yon ti tan aprè dat odyans lan. Si w pa resevwa l, ou ta dwe rele biwo odyans kote w te gen odyans ou a (nimewo telefòn nan sou Avi Odyans lan). Desizyon an ap montre eleman Jij Dwa Administratif la ki baze sou prèv, rezon pou rezilta sa yo, rezon ki fè rezilta sa yo rive la ak nan desizyon sa a. Si w pa ka konprann desizyon an, rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* nan oswa Biwo k ap Defann Moun ki Fè Reklamasyon an nan **855-528-5618** pou yo esplike w li.

Kijan pou m fè yon lòt kontestasyon si m pa dakò ak desizyon jij la?

Ou menm, konpayi a ak Komisè Travay la gen dwa pou konteste desizyon Jij Dwa Administratif la nan Komite Kontestasyon Asirans Chomaj la. Avi sa a ap di w ki desizyon Jij Dwa Administratif la pran e l ap esplike w tou fason pou w fè yon kontestasyon ak Komite Kontestasyon Asirans Chomaj. Nimewo Telefòn Biwo Odyans la: **518-402-0205**.

Pou w ka fè yon kontestasyon, ou dwe al devan Jij Dwa Administratif la. Se sèl Komisè Travay la ka fè kontestasyon san l pa al nan odyans lan.

Ou ka voye kontestasyon w lan nan Komite Apèl Asirans Chomaj la nan

Unemployment Insurance Appeal Board
PO Box 15126
Albany, NY 12212-5126

oswa pa faks nan **518-402-6208**. Lèt ou a oswa faks la dwe gen Nimewo Dosye Jij Dwa Administratif la (ki sou desizyon an ki anba non w lan).

Enpòtan: Ou dwe depoze kontestasyon yo bò kot Komite Apèl la nan espas 20 jou aprè yo fin voye desizyon Jij Dwa Administratif la pa lapòs. Aprè w fin fè kontestasyon an, w ap resevwa yon Avi konfimasyon Resepsyon Kontestasyon. L ap esplike w dwa ak delè w genyen pou w mande nòt odyans ou a, voye yon deklarasyon ekri epi reponn deklarasyon lòt moun ki konsène yo. Delè sa ap aplike san eksepsyon. Donk, ou dwe li Avi Resepsyon Kontestasyon an rapid epi pran san w pou w li l.

Si w fè kontestasyon plis pase 20 jou aprè dat yo te voye desizyon Jij Dwa Administratif la pa lapòs pou ou, ou dwe esplike rezon ki fè kontestasyon w la anreta. W ap resevwa yon lèt ki konfime nou resevwa kontestasyon w lan; men, Komite Apèl la dwe analize tout kontestasyon ki anreta yo. Si nou aksepte rezon ki fè apèl ou a anreta a, w ap resevwa yon Avi konfimasyon Resepsyon Kontestasyon ak enstriksyon ki masyone pi wo a. Si nou pa aksepte rezon ki fè apèl ou a anreta a, w ap resevwa yon lèt k ap di w sa.

Si w planifye fè kontestasyon oswa w ap tann desizyon pou yon kontestasyon, pwoteje dwa w pou w resevwa avantaj yo. Kontinye suiv nenpòt enstriksyon ou te resevwa nan Sant Reklamasyon Telefòn nan.* **Enpòtan: Ou dwe toujou reklame pou avantaj chak semèn yo (fè deklarasyon pou avantaj) pou chak semèn ou toujou nan chomaj oswa w ap travay 30 èdtan oswa mwens e w fè montan ki pi plis pou w mande avantaj yo oswa mwens.** Sa ap pèmèt ou resevwa lajan avantaj pase yo si desizyon kontestasyon an nan avantaj ou.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize vidyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Kijan pou m fè yon lòt kontestasyon si m pa dakò ak desizyon Komite Kontestasyon an?

Si w pa dakò ak desizyon Komite Kontestasyon Asirans Chomaj la, ou ka depoze yon Demann pou Analize Dosye a Ankò pou desizyon e/oswa ou ka fè lòt apèl pou Biwo Apèl pi Gwo Tribinal Eta Nouyòk la, Twazyèm Depatman. Konpayi a oswa Komisè Travay la ka fè menm bagay la.

Demann pou Analize Dosye a Ankò ak Kontestasyon yo ou voye nan Pi Gwo Tribinal la dwe depoze bò kot Komite Apèl la nan espas 30 jou aprè yo fin voye desizyon Jij Dwa Administratif la pou ou pa lapòs. Voye kontestasyon w lan pa lapòs nan:

Unemployment Insurance Appeal Board
PO Box 15126
Albany, NY 12212-5126

Komite Apèl la ap voye yon avi pou ou ak enstriksyon sou fason pou w fè Demann pou Analize Dosye a Ankò ak/oswa kontestasyon pou Pi Gwo Tribinal eta.

Si w planifye fè kontestasyon nan Pi Gwo Tribinal Eta oswa w ap tann desizyon nan men Tribinal, pwoteje dwa w pou w resevwa avantaj yo. Kontinye suiv nenpòt enstriksyon ou te resevwa nan Sant Reklamasyon Telefòn nan.* **Enpòtan: Ou dwe toujou reklame pou avantaj chak semèn yo (fè deklarasyon pou avantaj) pou chak semèn ou toujou nan chomaj oswa w ap travay 30 èdtan oswa mwens e w fè montan ki pi plis pou w mande avantaj yo oswa mwens.** Sa ap pèmèt ou resevwa lajan avantaj pase yo si desizyon kontestasyon an nan avantaj ou.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

11 SITIYASYON ESPESYAL

E si m gen yon kesyon konsènan avantaj wmen yo?

Premye sa pou w fè se verifye dokiman enfòmasyon pou moun k ap fè reklamasyon an. Ou ka li Kesyon Moun Poze Souvan yo tou (Frequently Asked Questions, FAQs) ki sou sit entènèt nou an ki se dol.ny.gov/claimant-frequently-asked-questions.

Aprè sa, ou ka voye yon mesaj sekirize pou nou sou kont sou entènèt ou a. Konekte nan kont ou a sou labor.ny.gov/signin. Nan paj My Online Services la, nan seksyon Messages la, klike sou "Go to My Inbox". Chwazi "Compose New." Chwazi Tit: "Kesyon Reklamasyon yo." Chwazi Dezyèm Tit la: "Kesyon Reklamasyon-Lèt." Nan sa w ap ekri nan mesaj la, esplike kesyon w lan.

Ou ka rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* nan tou, men tanpri se pou w konnen jou lendi ak yon jou ki apre jou ferye piblik yo se jou ki gen plis apèl, sa vle tan antant lan ka pi long. Rèl semèn nan gen mwens aktivite.

E si m panse avantaj mwen yo rive anreta? Epi, kijan pou m verifye pèman m resevwa deja yo ak/oswa nan ki nivo pèman m nan ye?

Pou w verifye nan ki nivo avantaj ou yo ye e pou w jwenn yon dosye konplè pèman avantaj pou Asirans Chomaj ou yo, konekte nan kont ou a sou entènèt sou labor.ny.gov/signin. Sou paj My Online Services, klike sou "Unemployment Services," apres a "View Payment History."

Ou ka rele sistèm telefòn otomatik Tel-Service nou an tou nan **888-581-5812**. Suiv enstriksyon yo pou w verifye pèman ki fèt deja yo ak nan ki nivo pèman yo ye. Moun k ap itilize TTY/TDD ap rele **877-205-3119**. Moun k ap itilize videyo yo ap rele operatè transmisyon a epi mande operatè transmisyon an pou l rele **888-783-1370**.

Enpòtan: Lè nou fin deside ou kalifye, an jeneral sa pran twa jou ouvrab pou lajan pou avantaj yo parèt sou kad debi w la oswa nan kont bank ou pa mwayen depo dirèk lè nou fin voye pèman an ale. Si twa jou pase depi nou voye pèman an ale epi lajan an pa rive nan kont ou, ou dwe kontakte Sèvis Kliyan Pwogram Way2Go a nan **844-649-9845** si w gen yon kat debi. Si w gen depo dirèk, kontakte bank ou. Si gen yon konje pandan yon semèn, pèman an ka anreta pou yon jou nan semèn sa a.

Si w gen yon kesyon konsènan reklamasyon w lan oswa pèman yo, rele Sant Reklamasyon nan Telefòn.*

Mwen pa t ka depoze reklamasyon m nan pandan premye semèn mwen te tonbe nan chomaj la. Èske m ka fè reklamasyon pou dat ki pase?

Si w ta renmen mande pou w fè reklamasyon pou dat ki pase pou premye semèn ou te tonbe nan chomaj la, ou dwe rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* nan epi pale ak yon ajan. Ou dwe prepare w pou w esplike rezon ki fè ou pa t ka depoze yon reklamasyon pandan premye semèn ou te tonbe nan chomaj la. N ap analize rezon w yo epi n ap di w si w ka fè reklamasyon pou dat ki pase. Sa depan de rezon yo, nou ka aksepte reklamasyon w lan pou dat ki pase a pou yon semèn.

Yo sispann ban m lajan an. Sa k ap pase?

Ka gen plis chans pou, swa w te rate yon randevou rechèch travay (tanpri gade "**E si m rate rankont pou rechèch travay mwen an?**") ki nan **Chapit 7 la**) oswa Depatman Travay la te resevwa enfòmasyon ki ka gen enpak sou kapasite w kalifye pou avantaj yo. Enfòmasyon ka sot nan yon ansyen konpayi w t ap travay, yon kesyonè w voye tounen, oswa ou ka te eseye fè deklarasyon pou avantaj yo pandan w pa t Etazini (tanpri gade "**E si m vwayaje nan yon lòt zòn oswa yon lòt peyi?**") ki nan **Chapit 6 la**). Lè sa a rive, nou gen obligasyon pou nou mennen ankèt e nou ka kenbe lajan avantaj ou yo pandan dis (10) jou pou pi plis.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan **888-209-8124**. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele **888-783-1370**. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele **888-783-1370**.

Depatman an ka kontinye kenbe lajan avantaj ou yo si yo pran yon desizyon pou sispann ba w lajan avantaj yo. Si yo te sispann ba w lajan pou avantaj yo pandan plis pase dis (10) jou e w pa resevwa yon desizyon, tanpri, kontakte nou nan labor.ny.gov/signin. Mete non itilizatè ak modpas **NY.gov** ou a. Nan paj My Online Services la, nan seksyon Messages la, klike sou "Go to My Inbox". Chwazi "Compose New." Chwazi Tit: "Kesyon Reklamasyon yo." Chwazi Dezyèm Tit la: "Certification Questions." Nan sa w ap ekri nan mesaj la, esplike yo te sispann ba w lajan pou avantaj yo pandan plis pase 10 jou e w pa resevwa yon desizyon. Oswa, rele Sant Reklamasyon nan Telefòn nan.*

Enpòtan: Pandan y ap mennen ankèt la, tanpri kontinye reklame avantaj yo chak semèn depi w nan chomaj e w ranpli kondisyon pou w kalifye yo.

Si m resevwa pèman poutèt yo revoke m oswa pou dedomajman, èske sa a ap gen enpak sou avantaj mwen yo?

Revokasyon oswa lajan dedomajman ka gen enpak sou kapasite w pou w resevwa lajan pou avantaj yo. Ou ka kalifye pou w Asirans Chomaj la si pèman chak semèn pou revokasyon oswa dedomajman an mwens pase montan ki pi plis pou resevwa avantaj yo. Ou dwe fè Sant Reklamasyon nan Telefòn* nan konnen si w resevwa oswa w pral resevwa pèman pou revokasyon oswa dedomajman. Si w pa fè sa, ou ka resevwa pèman anplis e w ap gen pou w remèt li. Ou ka gen pou w peye lòt penalite tou.

Ou **p ap** kalifye pou avantaj yo si:

- Ou resevwa pèman chak semèn pou revokasyon oswa dedomajman ki plis paske montan ki plis pou w resevwa avantaj yo, **oswa**
- Konpayi w ap travay la te ba w yon montan kach **ak** montan pa semèn pou jou ki konsène a plis pase montan ki pi plis ou dwe resevwa pou w jwenn avantaj yo

Ou **ka** kalifye pou w resevwa lajan pou avantaj si:

- Montan chak semèn pou revokasyon oswa dedomajman an mwens oswa egal ak montan ki pi plis pou w resevwa avantaj yo, **oswa**
- Ou resevwa premye pèman pou revokasyon oswa dedomajman ki plis pase 30 jou aprè dènye jou w te travay la

Si nou wè w pa kalifye paske w te resevwa pèman pou revokasyon oswa dedomajman e w toujou nan chomaj lè pèman revokasyon oswa dedomajman w lan fini, ou dwe ranpli yon nouvo dosye reklamasyon pou avantaj yo. Ou dwe fè sa a menm si w pa fin konn konbyen lajan w fè, oswa si w te depoze yon reklamasyon lè w te kòmanse resevwa pèman pou revokasyon oswa dedomajman. N ap deside si w kalifye pou lajan avantaj yo.

Si m pèdi travay a tan plen m nan e m gen yon travay tan pasyèl sou kote, èske m dwe kenbe travay tan pasyèl la?

Kesyon sa a ka parèt nan ka moun ki nan de travay yo, tankou yon travay tan plen ak yon travay tan pasyèl ki peye mwens pase travay prensipal la. Si yo pèdi travay prensipal yo a, lajan yo fè nan travay tan pasyèl la ka mwens pase sa yo ta dwe resevwa pou lajan Asirans Chomaj la pou jou yo fè lòt travay sou kote a. Revni yo ap diminye paske y ap kontinye fè travay sou kote a pandan y ap touche lajan pou Asirans Chomaj la.

Daprè lwa Asirans Chomaj Eta Nouyòk la, yo ka wè w kalifye pou w resevwa lajan pou avantaj yo si w kite travay sou kote w la akoz pwoblèm finansye. Men, Depatman Travay la ap mennen ankèt pou l wè si w gen yon bon rezon pou w kite travay sou kote/tan pasyèl ou a. Sa ka kanpe avantaj ou yo pandan yon tan e sa ka fè nou pran yon desizyon ki pa nan avantaj ou. Ou dwe prepare w pou w montre depatman Travay la revni w ak depans ou.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Èske m ka itilize sèvis militè pou m depoze yon reklamasyon?

Ou ka gen posibilite pou w sèvi ak sèvis militè ou te fenk ap fè pou w depoze yon reklamasyon si w ranpli kèk kondisyon. Si sèvis ou a se te nan 18 mwa ki sot pase yo, rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* nan pou w jwenn plis enfòmasyon.

Si w potko gentan fè sa a, voye yon kopi dènve fòmilè separasyon w lan Fòmilè DD214, Manm 4 la nan:

New York State Department of Labor
PO Box 15130
Albany, NY 12212-5130

Salè yon moun te resevwa pandan l te nan lame a ka sèvi pou w depoze yon reklamasyon si moun ki te nan lame a gen 180 jou youn dèyè lòt kote li nan sèvis aktif.

Nan ki sans fòmasyon nan rezèv militè a gen enpak sou reklamasyon m gen nan moman an?

Manm Gad Nasyonal Lame eta a oswa rezèv Lame a, Lamarin, Fòs Lame nan Lè, Lame sou Bato oswa Kot Gad yo pa kalifye pou yo resevwa lajan pou Asirans Chomaj la pandan yo nan fòmasyon sou teren ki fèt chak ane. Nou konsidere ou pa ni disponib pou w travay, ni w pa nan chomaj nèt. Men, seyans prratik chak mwa w la p ap gen enpak sou posibilite pou w kalifye pou montan lajan avantaj la. Asire w ou voye Fòmilè DD214, Manm 4 la pa lapòs nan adrès ki parèt pi wo a.

E si m travay pou yon etablisman edikasyon?

Si w se yon anplwaye nan yon etablisman edikasyon, ou pa kalifye pou avantaj yo lè lekòl la p ap fonksyone si lekòl w ap travay la ba w yon asirans rezonab w ap gen travay ou e w ap touche menm lajan a kou lekòl la ouvri. Ou gen asirans rezonab si:

- Ou gen yon kontra pou w kontinye travay aprè yon vakans lekòl, yon konje oswa vakans ant peryòd yo.
- Lekòl w ap travay la fè w konnen ak bon volonte l gen chans pou w kontinye travay epi touche menm lajan an aprè vakans lan, konje a oswa poz la.

Ou ka kalifye pou avantaj yo si w resevwa salè ki soti nan lòt travay ki pa nan domèn edikasyon an pandan menm peryòd sa a.

Si etablisman edikasyon an pa ba w menm travay la pou nouvo peryòd oswa ane a, ou ka kalifye pou w jwenn lajan avantaj yo. Pandan n ap analize reklamasyon w lan, ou dwe kontinye fè reklamasyon pou avantaj yo (fè deklarasyon pou avantaj) pou chak semèn pandan peryòd ou nan chomaj la, menm si w p ap resevwa pèman pou avantaj yo. Gade "*Kijan pou m reklame lajan asirans lan bay chak semèn nan?*" ki nan **chapit 6 la**.

Remak: Asirans rezonab pa aplike nan sityasyon w lan si w travay nan yon etablisman edikasyon men konpayi ki anboche w la se yon konpayi ki gen kontra pou l bay sèvis nan yon etablisman edikasyon.

Èske si m ap resevwa pansyon sa ap gen enpak sou avantaj mwen yo?

Si w nan retrèt e w p ap chèche travay, ou pa kalifye pou w resevwa avantaj Asirans Chomaj. Si w pran retrèt ou nan yon travay e **w ap** kontinye chèche lòt travay, ou ka kalifye pou avantaj Asirans Chomaj yo. Ou dwe ranpli menm kondisyon ak tout lòt moun k ap fè reklamasyon.

Avantaj ou yo ap diminye pa 100 pousan montan pansyon an si konpayi peryòd debaz ou w ap travay la te bay kontribisyon ladan l, menmsi w te bay kontribisyon tou pou pansyon. Si se sèl ou menm ki te kontribiye pou pansyon an, avantaj ou yo p ap diminye.

Depatman Travay la ap deside si yo dwe diminye nan avantaj ou yo. Ou kapab mande yon odyans si w pa dakò. Tanpri gade "*Fason Odyans ak Kontestasyon Fèt*" ki nan **Chapit 10 la**.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize vidyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Si w vin kalifye pou yon pansyon pandan w ap resevwa lajan Asirans Chomaj la, ou dwe fè Sant Reklamasyon nan Telefòn* nan konn sa. **Enpòtan: Si w pa fè nou konn sa, ou ka resevwa pèman anplis e w ap gen pou w remèt li.** Si nou wè ou te fè magouy, avantaj ou t ap resevwa alavni yo ka anile e w ka gen pou w peye penalite.

Èske si m ap resevwa sekirite sosyal sa ap gen enpak sou avantaj mwen yo?

Lè w touche lajan Sekirite Sosyal la sa p ap gen enpak sou lajan Asirans Chomaj ou a. Men, ou dwe disponib e w ap chèche travay san limit pandan w ap touche lajan avantaj yo, menm jan ak tout lòt moun k ap fè reklamasyon yo.

Èske si m ap resevwa dedomajman pou travayè yo sa ap gen enpak sou avantaj mwen yo?

Si w ap resevwa dedomajman pou travayè yo men ou disponib e w gen kapasite fizik pou w travay, ou ka kalifye pou avantaj Asirans Chomaj yo. Men, lè w ap resevwa avantaj pou lajan avantaj yo sa ka lakoz nou diminye lajan chak semèn pou Asirans Chomaj yo. Montan total lajan chak semèn pou dedomajman pou travay ak avantaj Asirans Chomaj la pa ka plis pase salè mwayen chak semèn ou fè pandan peryòd debaz la.

Si w gen pou w retounen travay, se pou w prepare w pou w voye yon kopi dènve fòmilè SROI (Subsequent Report of Injury) w te depoze a. Nou sipoze te gentan voye yon kopi pa lapòs pou ou. Oswa, ou ka enprime l lè w pran l nan dokiman elektwonik ki nan dosye dedomajman travayè a. Tanpri, se pou w prepatè w pou w voye yon nòt doktè w la siyen ki di ou ka retounen travay.

Ou dwe bay Sant Reklamasyon nan Telefòn* nan enfòmasyon konsènan lajan dedomajman travayè ou resevwa nan menm semèn ou touje lajan Asirans Chomaj yo. **Enpòtan: Si w pa fè nou konn sa, ou ka resevwa pèman anplis e w ap gen pou w remèt li.** Depatman Travay la ap deside si yo dwe diminye nan avantaj ou yo. Ou kapab mande yon odyans si w pa dakò. Tanpri gade "*Fason Odyans ak Kontestasyon Fèt*" ki nan **Chapit 10 la**.

Èske m ka al lekòl oswa nan fòmasyon pandan m ap resevwa avantaj yo?

Ou ka gen posibilite pou w patisipe nan pwogram edikasyon oswa fòmasyon pandan w ap touche lajan avantaj la si yo aksepte w nan Pwogram 599. Pwogram 599 se yon dispozisyon Lwa Asirans Chomaj (UI) a ki fè l posibil pou benefisyè UI yo ka touche lajan avantaj yo pandan l ap pran fòmasyon. Si nou apwouve fòmasyon w la nan kad pwogram sa a, ou pa gen pou w chèche travay. Pwogram 599 nan pa peye pou lekòl oswa depans ki gen rapò ak lekòl.

Pwogram fòmasyon yo dwe ranpli kèk kondisyon pou yo apwouve. Si fòmasyon w lan apwouve nan kad Pwogram 599 nan, ou ka kalifye pou 26 semèn lajan avantaj UI pou pi plis – met sou 26 semèn avantaj nòmal pou UI. **Enpòtan: Ou dwe aplike pou Pwogram 599 nan premye 13 semèn reklamasyon w lan pou w resevwa tout avantaj ou ka resevwa.** Si w pran reta pou w fè Depatman Travay la konnen ou nan fòmasyon, sa ka lakoz yon diminisyon nan nenpòt lajan anplis ki ta ka disponib pou w resevwa. Si w pa di nou ou nan fòmasyon pandan w ap touche lajan avantaj yo, ou ka gen pou w peye penalite e w ka pèdi avantaj ou gen pou w resevwa alavni. Finansman pou lòt avantaj pa toujou disponib. Si lajan an pa disponib, liposib pou w pa resevwa okenn lajan anplis pou avantaj e avantaj sa yo ka sispann anvan w fin ak fòmasyon w lan.

Ou ka voye yon aplikasyon 599 ale nan Depatman Travay la kou yo aksepte w nan yon lekòl oswa yon etablisman ki fè fòmasyon. **Enpòtan: Fè Depatman Travay la konnen kou w enskri nan fòmasyon.** Si w di w ap patisipe oswa ou pral patisipe nan yon pwogram fòmasyon lè w ap depoze reklamasyon w lan, ou dwe voye yon aplikasyon fòmasyon ale tousuit nan Depatman Travay la nan adrès yo bay nan aplikasyon an. Ou ka mande yon aplikasyon oswa jwenn enfòmasyon jeneral lè w kontakte Biwo Santral Verifikasyon 599 la nan **518-402-0189**.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Si w entèrese e w ap patisipe nan yon fòmasyon e w poko enskri, ou dwe kontakte Sant Karyè Eta Nouyòk ki nan zòn ou an kou sa posib. Konseye ki fòme nan Sant Karyè a ap ede w ak bezwen w genyen nan domèn fòmasyon e y ap ba w enfòmasyon konsènan pwogram fòmasyon ki gen nan zòn ou an. Pou w jwenn Sant Karyè ki pi pre w la, tanpri gade zouti sou entènèt pou w jwenn kote yon Sant Karyè ye sou dol.ny.gov/career-centers. Si w pa gen yon diplòm lekòl segondè, ou ka kalifye pou w gen yon diplòm ki koresponn ak diplòm lekòl segondè a pandan w ap resevwa lajan Asirans Chomaj la. Si w pa konn Anglè byen, ou ka apwouve tou pou w patisipe nan yon kou ki bay fòmasyon Anglè kòm yon Dezyèm Lang. Kontakte Sant Karyè Eta Nouyòk la pou w jwenn plis enfòmasyon.

E si m nan Pwogram Aprantisaj Anrejistre nan Eta Nouyòk la?

Si w ap patisipe nan yon Pwogram Aprantisaj Anrejistre nan Eta Nouyòk e w ap patisipe nan yon fòmasyon aprantisaj pandan w ap fè reklamasyon pou lajan Asirans Chomaj, ou dwe di Sant Reklamasyon nan Telefòn* nan fòmasyon w lan se yon kondisyon Kontra Aprantisaj ou a (Fòmilè AT401) pou Pwogram Aprantisaj Anrejistre a.

Si w entèrese pou w patisipe nan yon Pwogram Aprantisaj Anrejistre, kontakte biwo Aprantisaj ki nan zòn ou an pou w jwenn plis enfòmasyon. Pou w jwenn yon lis biwo Aprantisaj, ale sou labor.ny.gov/apprenticeship/contactus.shtml.

Ouvri yon biznis: Pwogram Èd pou Travay Endepandan (Self-Employment Assistance Program, SEAP) a

Pwogram Èd pou Travay Endepandan an, oswa SEAP, pèmèt ou ouvri yon biznis epi jere pwòp biznis ou pandan w ap touche jiska 26 semèn avantaj Asirans Chomaj. Ou pa oblije chèche lòt travay pandan w ap patisipe nan pwogram SEAP la, men ou swe travay a tan plen sou biznis ou a. **Enpòtan: Pou w kalifye pou pwogram sa a, nou dwe idantifye w kòm yon moun ki gen chans pou l fin touche lajan Asirans Chomaj li a anvan l jwenn travay.** Met sou sa, ou dwe gen 13 semèn avantaj oswa plis ki rete nan reklamasyon w lan lè w aplike pou SEAP. Ou dwe respekte kondisyon pou w kalifye yo epi resevwa **apwobasyon ekri ki sot nan Depatman Travay** pou SEAP la anvan w ka ouvri oswa jere pwòp biznis ou pandan w ap touche lajan avantaj la.

Pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan SEAP, ale sou labor.ny.gov/seap oswa kontakte Sant Karyè Eta Nouyòk la. Pou w jwenn Sant Karyè nan Eta Nouyòk ki pi pre w la, ale sou dol.ny.gov/career-centers, oswa rele Sant Kontak Depatman Travay la nan **888-469-7365** soti 8:30 am pou rive 4:30 pm, lendi - vandredi.

Mwen pèdi travay mwen akòz komès entènasyonal. Kisa Èd nan kad Aranjman pou Komès (Trade Adjustment Assistance, TAA) la ye?

Si yo te voye w ale nan travay ou akòz pa t gen ase travay dirèk oswa endirèk akòz komès entènasyonal, ou ka kalifye pou pwogram Èd nan Kad Aranjman pou Komès la, oswa TAA pou pi kout. Èd TAA a ka gen ladan l:

- **Fòmasyon peye:** Pwogram TAA peye pou fòmasyon pou w ka amelyore konpetans ou yo pou w ka jwenn travay ki koresponn avè w. Pami kalite fòmasyon nou otorize yo gen: klas, distans/sou entènèt, apre lekòl segondè, aprantisaj, preparasyon pou GED, pou konble lakin, kou preparatwa ak fòmasyon pratik.
- **Èd pou jwenn ak pran fòmasyon pou yon nou travay:** Sa ka gen ladan l evalye konpetans ou, konsèy pou karyè, ede w fè cv ak konpetans pou entèvyou, referans travay ak plis toujou.
- **Pèman pou transpò ak èd** ka ede w peye pou transpò ak depans chak jou lè w ap pran fòmasyon ki pa nan limit distans ou.
- **Alokasyon pou rechèch travay** ka remèt ou 90% depans pou distans ou fè pou w al nan entèvyou travay ki pa nan limit distans ou.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

- **Alokasyon pou w chanje zòn** ka ede w peye 90% depans demenajman pou ou ak fanmi w si n ap demenaje nan yon zòn ki pa nan limit distans ou pou yon nouvo travay.
- **Akokasyon pou Reyadaptasyon Pwofesyonèl (Trade Readjustment Allowances, TRA)** Y ap peye alokasyon chak semèn sa a lè w fin touche tout lajan Asirans Chomaj ou a, pandan w nan fòmasyon a tan plen e TAA apwouve.
- **Alokasyon pou Anranjman pou Lòt Opsyon oswa Anboche Moun Ankò (RTAA)** bay yon ogmantasyonsalè pandan jiska dezan, pou moun ki gen 50 oswa ki pi gran e yo anboche ankò pou salè pa ane ki se \$50,000 oswa mwen. Avantaj sa a ede w konble nenpòt vid salè ki gen ant ansyen ak nouvo travay ou a.

Enpòtan: Ou dwe respekte kèk delè pou w kalifye pou avantaj sa yo.

Pou w kalifye pou avantaj sa yo, Depatman Travay Etazini an dwe konfime komès etranje te yon rezon enpòtan kifè w te pèdi travay ou. Ou dwe ranpli yon petisyon pou w resevwa deklarasyon sa a. Men kiyès ki ka ranpli yon petisyon:

- Yon gwoup ki gen twa kòlèg ki sot nan menm konpayi nan menm travay
- Yon otorite nan sendika
- Yon otorite nan konpayi a
- Yon reprezantan yon ajan eta oswa lokal nan yon Sant Karyè Eta Nouyòk

Ou ka resevwa yon fòmilè petisyon ak enstriksyon pou w ranpli l sou entènèt sou dol.gov/agencies/eta/tradeact/petitioners. Ou dwe depoze petisyon an nan Depatman Travay Eta Nouyòk nan espas ennan depi dat ou te pèdi travay ou a. Kou w resevwa yon petisyon ki valab nan Depatman Travay Etazini, yo dwe pran yon desizyon nan espas 40 jou.

Pou w jwenn plis enfòmasyon ki detaye konsènan èd ak sèvis ou ka kalifye gras a pwogram sa a, kontakte Sant Karyè Eta Nouyòk la. Pou w jwenn Sant Karyè nan Eta Nouyòk ki pi pre w la, ale sou dol.ny.gov/career-centers, oswa rele Sant Kontak Depatman Travay Eta Nouyòk la nan **888-469-7365** soti 8:30 am pou rive 4:30 pm, lendi - vandredi.

Li p ap fasil pou m jwenn yon lòt travay nan domèn oswa pwofesyon m te ye a. Kisa sèvis pou "travayè yo voye ale" yo ye?

Yon "travayè yo voye ale" se yon moun ki pèdi travay li akòz youn nan sitiyasyon ki annapre yo:

- Yo revoke w oswa voye w ale nan travay ou, ou kalifye pou avantaj Asirans Chomaj e nou panse pa gen twòp chans pou w retounen nan domèn oswa pwofesyon w te ye anvan an
- Ou pèdi travay ou paske yon izin fèmè oswa yo voye anpil moun ale yon sèl kou
- Ou nan chomaj pandan anpil tan e pa gen gwo chans pou w pran yon lòt travay nan menm pwofesyon an oswa ki sanble
- Ou te travay endepandan akòz kondisyon ekonomik jeneral oswa katastwòf natirèl, oswa
- Ou se konjwen yon moun ki nan lame ki aktif nan travay li ki te vin pèdi travay li akòz yo t ap chanje l pozisyon pou fè aranjman pou yon chanjman k ap dire nan pozisyon aktif manm sa a

Yo ka konsidere w kòm yon travayè yo voye ale si w sou pa sou mache travay la pandan plizyè ane. Pa egzanp: ou te ret nan kay a tan plen e w dwe retounen sou mache travay la paske w pèdi sous kote w t ap fè lajan an.

Antanke yon travayè ki pèdi travay li, ou ka kalifye pou w rebran fòmasyon ak lòt sèvis. Kontakte Sant Karyè Eta Nouyòk la pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan sèvis ki disponib nan kad pwogram sa a. Pou w jwenn Sant Karyè nan Eta Nouyòk ki pi pre w la, ale sou dol.ny.gov/career-centers oswa rele Sant Kontak Depatman Travay Eta Nouyòk la nan **888-469-7365** soti 8:30 am pou rive 4:30 pm, lendi - vandredi.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

E si m pa t travay nan Eta Nouyòk nan 18 mwa ki sot pase yo?

Si w pa t travay mnan Eta Nouyòk nan 18 mwa ki sot pase o, ou dwe depoze yon reklamasyon nan eta kote w te travay yo. Verifye sit entènèt lòt eta yo pou w konnen fason pou w fè reklamasyon nan eta sa a.

E si m te travay nan Eta Nouyòk ak youn oswa plis lòt eta nan 18 mwa ki sot pase yo?

Si w te travay nan Eta Nouyòk ak youn oswa plis lòt eta nan 18 mwa ki sot pase yo, fè Depatman Travay la konn sa kou sa posib. Lè w sèvi ak salè lòt eta yo, ou ka gen ase salè pou w respekte kritè kantite lajan yo mande a pou w jwenn avantaj yo oswa pou w resevwa yon montan ki plis pou montan avantaj yo. Si salè pou lòt eta yo pa masyone nan Desizyon pou Lajan W ap Resevwa a, ranpli fòmilè Demann pou Analize Dosye a Ankò a ki nan do dokiman enfòmasyon sa a.

Avantaj nan kad Asirans Chomaj yo ka al nan deklarasyon revni

W ap peye taks federal, Eta Nouyòk ak lokal sou lajan avantaj Asirans Chomaj yo. Yo ka fè yo pran taks federal ak/oswa eta a nan lajan Asirans Chomaj ou a. Si w pa fè sa a, ou ka vin dwe taks nan fen ane a. Si w deside pou yo pran taks federal, ou ka vin dwe taks nan fen ane a. Si w deside pou yo pran taks eta, yo ka kenbe 2.5 nan lajan avantaj chak semèn ou an. N ap kenbe taks federal ak/oswa eta a sèlman aprè yo fin retire montan yo oblije retire yo, tankou lajan paran bay pou timoun nan. Se si w vle w ap mande pou yo kenbe taks la. Ou ka sispann oswa kòmanse fè yo kenbe taks nenpòt lè pa mwayen kont ou a sou labor.ny.gov/signin. Mete non itilizatè ak modpas NY.gov ou a. Klike sou bouton "Unemployment Services" la ki nan paj My Online Services la. Klike sou bouton "Update Your Personal Information" a sou paj Avantaj Asirans Chomaj Sou Entènèt la. Klike sou paj 'Update Tax Withholding'. Oswa, ou ka rele Sant Reklamasyon nan Telefòn nan.* Depatman Travay la pa ka remèt ou lajan yo kenbe pou taks la.

Deklarasyon revni fen ane (Fòmilè 1099-G)

Nan kòmansman mwa janvyè a, deklarasyon revni fen ane (Fòmilè 1099-G) w la disponib. L ap montre lajan antou pou Asirans Chomaj yo te peye w pandan ane a ak nenpòt taks yo kenbe yo. Ou ka enprime l sou kont sou entènèt ou a nan labor.ny.gov/signin, mete non itilizatè ak modpas NY.gov ou a. Klike sou bouton "Unemployment Services" la ki nan paj My Online Services la. Klike sou bouton "Get Your NYS 1099-G" a sou paj Avantaj Asirans Chomaj Sou Entènèt la. Oswa ou ka rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* nan (lè w fin chwazi lang ou a, suiv enstriksyon yo pou w jwenn fòmilè 1099) pou w fè yo voye yon kopi pou ou. W ap bezwen PIN ou te kreye a lè w fin depoze reklamasyon w lan. Nou voye enfòmasyon ki nan fòmilè 1099-G a bay Internal Revenue Service federal ak Depatman Taks ak Finans Eta Nouyòk. Si w bezwen yon kopi fòmilè 1099-G nan reklamasyon ou te fè nan ane pase yo, rele nan **518-485-7071**.

Si w gen kesyon konsènan taks federal, rele **Internal Revenue Service (IRS)** nan **800-829-1040** oswa ale sou irs.gov. Si w gen kesyon konsènan taks eta a, rele **Depatman Taks ak Finans nan Eta Nouyòk nan 518-457-5181** oswa ale sou tax.ny.gov.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Konpayi m ap travay la peye m antanke travayè endepandan e/oswa li pa anrejistre pèman m yo. Kisa pou m fè?

Lalwa kondane pou yon konpayi fòse w pou w pase sou dwa w genyen pou w depoze dosye pou avantaj Asirans Chomaj. Pa gen okenn konpayi ki gen dwa di w ou pa ka fè reklamasyon pou avantaj yo. Tout moun gen dwa pou depoze yon reklamasyon. Depatman Travay la ap deside si w kalifye pou avantaj yo. Se pa gen enpòtans pou konpayi w ap travay la konsidere w kòm yon travayè endepandan oswa yon travayè ki pa anrejistre. Èd Sa pa gen enpòtans si yo peye w kach, pa chèk, yon pati kach/yon pati chèk oswa yon lòt mwayen. Si w panse w kalifye pou avantaj yo, ou dwe aplike epi kite Depatman an verifye dosye w la.

Si yo mal klase w kòm yon travayè endepandan oswa yo pa anrejistre pèman w yo, salè w yo ka pa parèt sou fòmilè Desizyon pou Lajan W ap Resevwa a. Tanpri gade "**Si salè a ak/oswa konpayi w ap travay la pa mansyone sou avi Desizyon pou Lajan w ap Resevwa a**" ki nan **Chapit 4 la**. Ranpli fòmilè Demann pou Analize Dosye a Ankò w ap jwenn nan do dokiman enfòmasyon sa a.

Ou ka resevwa yon fòmilè pou w ranpli e Sant Reklamasyon nan Telefòn nan ka kontakte w pou yo di w nan ki kategori w ye. Ranpli epi retounen nenpòt fòmilè w resevwa kou sa a posib. **Tanpri Remake:** Pwoblèm anrapò ak pèman travayè endepandan/ki pa anrejistre ka pran plis pase sis semèn pou yo rezoud.

Si w konn lòt travayè yo te mal klase, rele Liy Dirèy pou dosye ki Magouy la nan **866-435-1499** (24 sou vennkat) oswa Biwo k ap jere dosye Magouy nan Asirans Chomaj la nan **518-485-2144** soti 8 am pou rive 4 pm, lendi - vandredi. N ap kenbe enfòmasyon w prive e w pa oblije bay non w.

Mwen fin touche tout 26 semèn avantaj mwen yo. Èske m ka pwolonje avantaj mwen yo?

Nan moman an, Asirans Chomaj ofri 26 semèn avantaj pou pi plis. Pa gen okenn eksepsyon. Palman an pa pwolonje pwogram nan. Si w toujou nan chomaj e w vle konnen ki lòt avantaj ki disponib pou ou, ale sou sit entènèt mybenefits.ny.gov la. Lè ane avantaj ou a fini, si w toujou nan chomaj, ou ka depoze yon lòt reklamasyon pou w wè si w kalifye.

Ki fason m ka jwenn prèv m ap resevwa oswa mwen te resevwa lajan pou Chomaj?

Si w ap aplike pou lòt kalite avantaj gouvènman, ou ka gen pou w bay prèv w ap resevwa oswa ou te resevwa lajan Asirans Chomaj. Pou w jwenn dosye sa yo, konekte nan kont ou a sou entènèt sou labor.ny.gov/signin. Sou paj My Online Services, klike sou "Unemployment Services," apresa "View Payment History." Si w pa ka konekte sou entènèt, rele **888-581-5812** epi suiv enstriksyon yo pou w verifye pèman ki fèt deja yo ak nan ki nivo pèman yo ye.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

12 LIS KI GEN EKSPRESYON ENPÒTAN YO

Peryòd Debaz: Yon peryòd debaz reprezante ennan travay ak salè w (kat trimès). Ou dwe te touche pou pi piti montan salè nan kat trimès sa yo pou w ka kalifye nan avantaj Asirans Chomaj.

Peryòd Debaz Senp: Premye kat nan **senk dènye** trimès ki fini sou baz kalandriye yo anvan trimès ou te mande lajan avantaj yo. Trimès ou depoze dosye pou w resevwa avantaj yo pa konte nan peryòd de baz la.

Lòt Peryòd Debaz: Kat dènye trimès ki fini sou baz kalandriye yo tousuit anvan trimès ou te mande lajan avantaj yo. Trimès ou depoze dosye pou w resevwa avantaj yo pa konte nan Lòt Peryòd Debaz la.

Peryòd Debaz Pwolonje: Peryòd Debaz Senp ou a, ajoute youn oswa de trimès ki anvan l lan, konble Peryòd Debaz Pwolonje w la. Li disponib pou moun k ap reklame ki resevwa dedomajman travayè oswa avantaj pou ponpye volontè yo sèlman e ki pa kalifye sou baz lajan yo fè nan Peryòd Debaz oswa Lòt Opsyon Peryòd yo.

Montan Avantaj: Montan avantaj la se kantite lajan ou resevwa si w kalifye pou yon semèn konplè pou lajan yo bay pou Asirans Chomaj la. Li kalkile dapre peryòd debaz travay ou a ak lajan w touche.

Ane Avantaj: Ane avantaj la se yon peryòd ennan ki kòmanse nan lendi apre semèn ou depoze premye reklamasyon w lan. Ou ka touche avantaj yo pou 26 semèn pou pi plis oswa sa ki koresponn nan pandan ane avantaj ou a. Si w toujou nan chomaj oswa ou vin nan chomaj pandan semèn nan tousuit apre ane avantaj ou a fini, ou dwe depoze yon nouvo reklamasyon tousuit apre ane avantaj ou a fini.

Dat Ane Avantaj la Fini: Dat ane avantaj la fini an se reklamasyon pou Asirans Chomaj ou a fini. Apre dat ane avantaj la fini, ou pa ka touche lajan Asirans Chomaj la pou reklamasyon sa a ankò. Dat ane avantaj ou a fini an parèt sou dokiman nou voye pa lapòs pou ou a. Ou ka jwenn li tou nan kont sou entènèt ou a sou labor.ny.gov/signin. Si w t ap travay pandan yon pati nan ane avantaj ou a, e w te nan chomaj apre dat ane avantaj la te fini an, ou ka depoze yon nouvo reklamasyon sou sit entènèt nou an oswa lè w rele Sant Reklamasyon nan Telefòn nan.*

Fè deklarasyon pou avantaj yo: Yo rele pwosesis pou w fè reklamasyon pou avantaj yo "fè deklarasyon pou avantaj" tou. Se paske lè w reponn kesyon ki fè pati demach reklamasyon avantaj yo, w ap fè deklarasyon nan Depatman Travay la ki konfime repons yo se laverite e yo kòrèk e w toujou pare, vle, e ka travay.

Penalite Pou Senp Sitwayen: Penalite lajan akòz ou fè espere (ou konnen) pou w fè fo deklarasyon oswa lè w kenbe detay enpòtan pou w ka touche lajan avantaj. Montan an se \$100 oswa 15% montan anplis yo peye w la kèlkeswa sa k plis la. Gade "**Penalite Lajan.**"

Reklamasyon: Reklamasyon w lan se aplikasyon w pou lajan Asirans Chomaj. Si nou apwouve aplikasyon w lan e w ap resevwa lajan avantaj yo, n ap konsidere dosye Asirans Chomaj ou genyen ki ouvri a.

Moun k ap Fè Reklamasyon: Nenpòt moun k ap mande lajan Asirans Chomaj.

Travay ki kouvri: Travay ou ka itilize pou w depoze yon reklamasyon pou avantaj Asirans Chomaj. Lalwa a mande pifò anplwaye yo pou yo bay Asirans Chomaj. Konpayi a peye Eta Nouyòk yon montan, k ap sèvi pou peye avantaj ou yo. Gen kèk kalite travay Asirans Chomaj pa kouvri. Si travay ou a pa t kouvri, Depatman Travay la ap di w sa nan yon lèt.

Desizyon: Nan kad pwogram Asirans Chomaj la, yon detèminasyon se non ofisyèl yon desizyon Depatman Travay la pran anrapò ak reklamasyon w lan. Pa egzanp, fòmilè Desizyon pou Lajan W ap Resevwa a ap fè w konnen desizyon nou konsènan konbyen w ka resevwa pou avantaj yo chak semèn. Yon desizyon anrapò ak kapasite w pou w kalifye ap di w si w kalifye pou lajan avantaj yo. Li enpòtan pou w li, konprann epi konsève nenpòt avi nou voye pou ou ki gen "determination" (desizyon) nan tit la.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Travayè yo voye ale: Yon "travayè yo voye ale" se yon moun ki pèdi travay li akòz youn nan sitiyasyon ki annapre yo:

- Yo revoke w oswa voye w ale nan travay ou, ou kalifye pou avantaj Asirans Chomaj e nou panse pa gen twòp chans pou w retounen nan domèn oswa pwofesyon w te ye anvan an
- Ou pèdi travay ou paske yon izin fèmè oswa yo voye anpil moun ale yon sèl kou
- Ou nan chomaj pandan anpil tan e pa gen gwo chans pou w pran yon lòt travay nan menm pwofesyon an oswa ki sanble, oswa
- Ou te travay endepandan akòz kondisyon ekonomik jeneral oswa katastwòf natirèl

Yo ka konsidere w kòm yon travayè yo voye ale si w sou pa sou mache travay la anpil ane.

Jou ki Aplikab: Chak jou nan yon semèn (lendi jiska dimanch) ou kalifye pou avantaj yo rele yon jou ki aplikab. Gen kat jou pou pi plis ki aplikab chak semèn, e w dwe kalifye pou tout kat jou ki aplikab sa yo pou w resevwa montan avantaj chak semèn antou w la. Pou chak jou nan semèn nan ou pa kalifye pou w resevwa avantaj yo, w ap resevwa yon jou ki aplikab an mwens, sa ki koresponn ak yon ka nan montan avantaj chak semèn ou a.

Lè nan yon semèn	Kantite jou nou konsidere ou te travay	Pousantaj montan avantaj chak semèn ou kalifye pou w resevwa
0-10	0	100%
11-16	1	75%
17-21	2	50%
22-30	3	25%
31 oswa plis	4	0%

Pwogram 599: Yon pwogram ki pèmèt ou al lekòl ak fè fòmasyon pandan w ap resevwa lajan Asirans Chomaj yo. **Ou dwe fè Depatman Travay la konnen kou w enskri nan fòmasyon.**

Depoze yon reklamasyon: Lè w depoze yon premye aplikasyon pou lajan Asirans Chomaj. Se pa menm bagayak lè w fè deklarasyon pou avantaj yo chak semèn (gade definisyon "Fè Deklarasyon pou Avantaj" ki pi wo a). Pou w ka depoze yon reklamasyon sou entènèt, ou dwe kreye yon kont NY.gov sou labor.ny.gov/signin.

Jou ki Pèdi: Jou ki pèdi yo se avantaj alavni ou reklame w ap pèdi kòm penalite. Chak jou w pèdi egal ak yon jou aplikab (gade pi wo a). Menm si w ou kalifye, nenpòt reklamasyon ou depoze ap aplike sou penalite sa a anvan yo peye w. Jou ki pèdi yo ka aplike sèlman sou reklamasyon ki gentan depoze yo e ka kalkile sou anpil ane avantaj. Penalite yo aplikab jiskaske tout jou ki pèdi yo fin pase oswa jiska dat ekspirasyon an, nenpòt sa ki vin anvan.

Magouy: Magouy se lè w fè twonpri ak fo deklarasyon. Pa egzanp, lè w deklare ou pa t ap travay pou w ka touche lajan Asirans Chomaj la alòske w t ap travay.

Zòn ki mache travay lokal: Kote nan zòn ou ki mache travay pou ou se zòn ou ka fè depasman pou yon distans inèdtan nan transpò prive oswa inèdtan edmi nan transpò piblik. Ou ta dwe santi w alèz pou w chèche travay nan zòn ki pi lwen pase zòn sa yo. Lè nou itilize l nan liv enfòmasyon sa a, zòn mache travay ki nan zòn ou se nenpòt kote nan Eta Nouyòk e ki nan espas senkant (50) milyaj distans fwontye l yo.

Move Konduit: Move conduit se nenpòt bagay ou fè oswa pa fè ou te konnen ou pa t dwe fè nan travay la e ki lakoz oswa ta gen move konsekans sou konpayi a.

Desizyon pou Lajan W ap Resevwa: Se yon avi ki montre si w te fè ase lajan oswa w pa t fè ase lajan pou w kalifye pou avantaj yo. Li montre peryòd debaz ou, montan avantaj ou (si genyen) ak konpayi w te travay yo ak salè w te touche nou sèvi pou n kalkile montan avantaj la. **Enpòtan: Desizyon pou Lajan W ap Resevwa a pa di w si w kalifye pou w resevwa avantaj Asirans Chomaj.** Li annik montre si w te touche ase lajan pou w

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

kalifye pou montan avantaj la. Ka gen lòt eleman k ap deside si w kalifye oswa w pa kalifye pou avantaj yo.

Penalite Lajan: Nou fè w peye penalite lajan si nou wè ou fè espere (ou konnen) pou w fè fo deklarasyon oswa lè w kenbe detay enpòtan pou w ka touche lajan avantaj. Penalite a se \$100 oswa 15% montan anplis yo peye w la, kèlkeswa sa k plis la, e nou touche l met sou nenpòt lajan avantaj ou gen pou w remèt. Gade "**Penalite Pou Senp Sitwayen.**"

Avi Desizyon: Yon detèminasyon se non ofisyèl yon desizyon Depatman Travay la pran anrapò ak reklamasyon w lan. Se yon dokiman enpòtan e li ba w dwa pou w jwenn yon odyans si w pa dakò.

Pèman ki plis pase sa w ta dwe touche: Lè w resevwa yon pèman ki plis pase sa w ta dwe resevwa se lè w revevwa lajan avantaj Asirans Chomaj ou pa t gen dwa. Nan pifò sitiyasyon, ou dwe remèt Depatman Travay lajan pou pèman ki plis pase sa w ta dwe resevwa yo. Si w chwazi pou yo pran taks federal ak/oswa eta a nan lajan Asirans Chomaj ou a, ou dwe remèt montan yo kenbe a tou.

Pare, vle, epi kapab: Lè w ap mande lajan Asirans Chomaj la, ou dwe pare pou w pran yon travay tousuit, nenpòt lè. Ou dwe ka travay (ou pa malad, entènè oswa ou pa ka jwenn gadri pou pitit ou). Chak semèn, ou dwe verifye si w pare, vle, e ka travay.

Asirans Rezonab: Si w se yon anplwaye nan yon etablisman edikasyon, ou pa kalifye pou avantaj yo lè lekòl la p ap fonksyone **si** lekòl w ap travay la ba w yon asirans rezonab w ap gen travay ou e w ap touche menm lajan a kou lekòl la ouvri. W ap gen asirans rezonab si:

- Ou gen yon kontra pou w kontinye travay aprè yon vakans lekòl, yon konje oswa vakans ant peryòd yo.
- Lekòl w ap travay la fè w konnen ak bon volonte l gen chans pou w kontinye travay menm jan an aprè vakans lan, konje a oswa poz la.

Ou ka kalifye pou avantaj yo si w resevwa salè ki soti nan lòt travay ki pa nan domèn edikasyon an pandan menm peryòd sa a. **Remak:** Asirans rezonab pa aplike nan sitiyasyon w lan si w travay nan yon etablisman edikasyon men konpayi ki anboche w la se yon konpayi ki gen kontra pou l bay sèvis nan yon etablisman edikasyon.

Pwogram Èd pou Travay Endepandan (Self-Employment Assistance Program, SEAP): Pwogram Èd pou Travay Endepandan an pèmèt kèk moun ki nan chomaj pou yo ouvri pwòp biznis yo pandan y ap touche lajan avantaj Asirans Chomaj. Pou w kalifye pou pwogram sa a, **Depatman Travay** dwe idantifye w kòm yon moun ki gen chans pou l fin touche lajan Asirans Chomaj li a anvan l jwenn travay. Epi ou dwe gen 13 semèn avantaj oswa plis ki rete nan reklamasyon w lan. Ou dwe mande epi resevwa apwobasyon ekri **ki sot nan Depatman Travay pou SEAP la anvan w ka ouvri oswa jere pwòp biznis ou pandan w ap touche lajan avantaj la. Si yo aksepte w pou SEAP, w ap ka travay a tan plen, ouvri epi jere biznis ou pandan w ap touche lajan avavantaj Asirans Chomaj la, menm si biznis ou a ap rapòte w lajan. Pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan SEAP, ale sou labor.ny.gov/seap oswa kontakte Sant Karyè Eta Nouyòk la. Pou w jwenn Sant Karyè nan Eta Nouyòk ki pi pre w la, ale sou dol.ny.gov/career-centers oswa rele Sant Kontak Depatman Travay la nan **888-469-7365** soti 8:30 am pou rive 4:30 pm, lendi - vandredi.**

Pwogram TAA: Pwogram Èd nan kad Aranjman pou Komès (Lwa Komès) se yon pwogram federal ki vay avantaj ak sèvis espesyal pou travayè ki pèdi travay yo akòz komès etranje. Kontakte Sant Karyè Eta Nouyòk la pou w jwenn plis enfòmasyon. Pou w jwenn Sant Karyè nan Eta Nouyòk ki pi pre w la, ale sou dol.ny.gov/career-centers oswa rele Sant Kontak Depatman Travay la nan **888-469-7365** soti 8:30 am pou rive 4:30 pm, lendi - vandredi.

Sant Reklamasyon nan Telefòn: Biwo nan Depatman Travay la ki jere reklamasyon Asirans Chomaj yo. Responsabilite anplwaye Depatman Travay ki travay nan Sant Reklamasyon nan Telefòn (TCC) a gen ladan l resevwa reklamasyon, reponn kesyon moun ki fè reklamasyon ak anplwaye yo, idantifye pwoblèm ki ka gen nan reklamasyon yo, jwenn enfòmasyon ki nesèsè pou deside yon pwoblèm se yon pwoblèm legal epi pran desizyon anrapò ak sa.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Salè limit pou Asirans Chomaj (Limit UI): Salè limit Asirans Chomaj 10% pi ba pase salè Asirans Chomaj ki aplikab nan moman an pou yon pwofesyon.

Salè ki Aplikab nan Moman an pou Asirans Chomaj: Salè ki aplikab nan moman an montan yo peye pou menm travay la nan yon zòn Dapaman Travay la desize pa mwayen yon sondaj. **Enpòtan: Y ap itilize salè ki Aplikab nan moman an pou regle dosye Asirans Chomaj sèlman. Yo p ap itilize l pou salè nan moman an pou Travay Piblik oswa Desizyon anrapò ak Travay Etranje pa egzansp.** Pou w jwenn kisa salè ki aplikab nan moman an ye pou yon pwofesyon, tanpri ale sou sit entènèt nou an ki se statistics.labor.ny.gov/uiwages.shtm oswa lè w verifie nan yon Sant Karyè Eta Nouyòk la.

Semèn Travay: Yon peryòd ki kòmanse lendi ki fini dimanch kote yo peye w salè pou travay ki kouvri.

Peryòd oswa semèn atant: Premye semèn konplè ou fè reklamasyon avantaj yo se yon peryòd oswa semèn ki annatant. Ou p ap resevwa lajan pou Asirans Chomaj la pou semèn sa a. Apre semèn annatant sa a, w ap resevwa avantaj Asirans Chomaj pou chak semèn ou fè reklamasyon pou avantaj yo.

Ou dwe pare, vle, e ka travay pandan semèn atant lan, menm jan ak nenpòt lòt semèn ou vle resevwa avantaj Asirans Chomaj. Met sou sa, ou dw ranpli tout kondisyon pou rechèch travay ak dosye w ap konsève anrapò ak sa yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon, al gade "**Kisa egzijans pou rechèch travay yo ye?" ki nan Chapit 7 la.**

Si w travay 11 èdtan oswa plis pandan premye semèn reklamasyon w lan oswa ou pa itilize tout semèn annatant ou yo pou lòt rezon, peryòd annatant la ap pwolonje nan semèn apre a. Yon semèn annatant konplè se kat jou aplikab. Gade pati "**Jou ki Aplikab.**"

Dat Semèn Avantaj la Fini: Dat semèn avantaj la fini an se dimanch semèn kote w ap fè reklamasyon avantaj la.

Fo Deklarasyon w Fè Espre w Fè: Lè yon moun fè deklarasyon nan Depatman Travay la yo konnen ki te fo.

Plan Rechèch Travay Yon Plan Rechèch Travay se yon antant ofisyèl ou kreye e ou menm ak konseye nan domèn travay nan Sant Karyè Eta Nouyòk la ap siyen l. Antant sa a dekri alekri egzaktman ki kalite travay w ap chèche, ki demach w ap fè nan kad rechèch travay la e chak kilè w ap fè yo, ak salè w ap chèche ak aksepte si yo pwopoze w yon travay. Plan ap gen nenpòt limit ak restriksyon tou ki ka gen enpak sou rechèch travay ou a. Pou w jwenn Sant Karyè nan Eta Nouyòk ki pi pre w la, ale sou dol.ny.gov/career-centers oswa rele Sant Kontak Depatman Travay la nan **888-469-7365** soti 8:30 am pou rive 4:30 pm, lendi - vandredi.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

13 APENDIS I: BIWO K AP DEFANN MOUN KI FÈ REKLAMASYON YO

Li la pou ede moun ki fè reklamasyon yo konprann dwa ak responsabilite yo pandan tout pwosesis Asirans Chomaj la

Biwo k ap Defann Moun ki Fè Reklamasyon yo travay ak Biwo Asirans Chomaj ki nan Depatman Travay la, ki pa menmbagay ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan (TCC). Defansè yo bay sèvis gratis, san patipri e ki konfidansyèl ki ede moun k ap fè reklamasyon yo, sitou sa ki pa konn Anglè byen yo e k ap rankontre lòt obstak yo, konprann dwa ak responsabilite yo dapre lwa Asirans Chomaj la.

Nou bay moun k ap reklame yo konesans pou yo ka endepandan. Souvan, yon difikilte w ap rankontre se yon bagay ou ka rezoud poukont ou, men ou ka pa konn kote pou w kòmanse. Se lè sa n ap bezwen ede w.

Nou pran tan nou ak chak moun pou nou asire nou ou byen konprann sa k ap pase e n ou fè efò pou nou ba w bonjan detay sou fason pwosesis la mache.

A ki pwoblèm Biwo k ap Defann Moun ki Fè Reklamasyon yo ka ede w?

- Ou te resevwa yon desizyon oswa yon fòmilè e w pa fin konprann li
- Yo di w ou pa kalifye pou lajan avantaj yo e w bezwen èd ak pwosesis odyans lan
- Ou gen yon odyans ki gen pou fèt oswa yon kontestasyon e w bezwen èd pou w prepare l
- Sa gen plis pase sis semèn depi w te depoze yon reklamasyon e w pa t resevwa lajan avantaj oswa yon desizyon

Biwo k ap Defann Moun ki Fè Reklamasyon yo pa ka:

- Reprezante w nan domèn legal
- Fè yo trete reklamasyon w ki nan peryòd tretman nòmal la pi rapid
- Pran yon desizyon anrapò ak kapasite w pou w kalifye
- Gen mo nou nan rezilta yon reklamasyon
- Peye w lajan pou avantaj yo

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Kilè m ta sipoze kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn nan (TCC) olye pou m kontakte Biwo k ap Defann Moun ki Fè Reklamasyon yo?

Enpòtan: An jeneral n ap voye premye pèman w lan nan de jiska twa semèn ki kòmanse konte depi lè w depoze reklamasyon w lan. Men, sa konn rive nou dwe gen plis enfòmasyon anvan nou voye pèman an e premye pèman w lan ka pran plis tan. Si delè sa a poko pase, tanpri kontinye tann yo pwosesis tretman an fini. Epi, Biwo k ap Defann Moun ki Fè Reklamasyon yo pa menm bagay ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan.* Defansè yo pa ka trete reklamasyon w lan, pran desizyon oswa trete yon reklamasyon pi rapid.

- Ou ta renmen gen yon mizajou pou w konnen ki kote yo reive ak nouvo reklamasyon w lan oswa youn ki te la deja
- Ou gen yon kesyon konsènan reklamasyon w lan oswa lajan avantaj chak semèn yo
- Yo te di w pou w kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn nan

Kontakte Biwo k ap Defann Moun ki Fè Reklamasyon yo

Lè yo ouvri: Lendi pou rive vandredi, 9 am pou rive 4 pm.

Rele gratis: 855-528-5618

Sèvis yo disponib nan telefòn nan anviwon 200 lang.

Lè w rele, tanpri prepare:

- Nimewo Sekirite Sosyal ou
- Yon lis kesyon, ak
- Nenpòt dokiman ki koresponn

Ou ka voye yon mesaj sekirize pou nou tou (Anglè sèlman): Konekte sou labor.ny.gov/signin. Nan paj My Online Services la, nan seksyon Messages la, klike sou, "Go to My Inbox." epi chwazi "Compose New." Chwazi "UI Claimant Advocate Office" pou liy sijè a.

Anplwaye biwo yo se pa avoka e yo pa ka reprezante w nan odyans lan. Si w pa ka peye yon avoka oswa yon reprezantan anrejistre, ou ka gen yon avoka ki reprezante w ki pa mande pou w peye oswa ou ka benefisye yon pwogram sèvis legal gratis. Pou w jwenn yon lis ki gen mwayen legal, tankou avoka, reprezantan ki anrejistre, pwogram sèvis legal ak òganizasyon ki bay avoka benevòl, ale sou sit entènèt Komite Kontestasyon Asirans Chomaj la ki se uiappeals.ny.gov. Klike sou seksyon "Helpful Information" (Enfòmasyon Itil) la apresa klike sou "Guides and Resources" (Gid ak Mwayen). Chwazi "List of Attorneys & Authorized Agents" (Lis Avoka ak Ajan Otorize). Ou ka rele **518-402-0205** pou w mande lis sa a.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

14 APENDIS II: VOYE YON MESAJ SEKIRIZE

Konekte sou sit entènèt nou an ak ID NY.gov ou a sou labor.ny.gov/signin. Si w poko gen yon kont, enstriksyon pou w kreye youn sou sit entènèt nou an ki se labor.ny.gov/signin. Si w gen difikilte pou w kreye yon ID NY.gov, gade enstriksyon ki dekri nan paj pou w konekte a, gade Kesyon Moun Poze Souvan yo ki sou NY.gov yo, oswa rele **800-833-3000** lendi - vandredi, 8:30 am pou rive nan 4:30 pm.

Kou w konekte, sou paj My Online Services, nan seksyon Messages la, klike sou "Go to My Inbox" epi chwazi "Compose New."

W ap bezwen chwazi yon liy sijè. Klike sou flèch ki bay plizyè opsyon yo ki bò kot mo "Subject" la pou w wè lis sijè yo. Klike sou liy sijè ki pi sanble ak kesyon w lan. Lè w fè sa, ap gen yon dezyèm gwoup liy sijè k ap parèt. Yon lòt fwa ankò, chwazi dezyèm liy sijè ki pi sanble ak kesyon w lan. Sa ap garanti mesaj ou a al jwenn anplwaye l dwe al jwenn nan.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, gade fèy ki gen detay nou an (P837) ki rele "How to Send a Secure Message" la, ki disponib sou dol.ny.gov/forms-and-publications.

Pou w jwenn enstriksyon sou fason pou w voye kategori mesaj sekirize ki byen presi, gade seksyon "Contact Us" ki nan kòmansman dokiman ki gen enfòmasyon sa a.

***Avètisman:** Met sou apèl telefòn ki anrejistre yo, mesaj ou voye oswa resevwa pa mwayen mesaj sekirize ka sèvi kòm prèv nan yon odyans ki gen pou fèt.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

15 APENDIS III: RÈGLEMAN AK KONDISYON POU W DEPOZE YON DOSYE SOU ENTÈNÈT

Lè w sèvi ak sèvis sou entènèt nou an pou w depoze yon reklamasyon, ou dwe dakò ak règleman ak kondisyon ki annapre yo:

<p>Bay enfòmasyon ki Konplè, e ki Kòrèk</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Si w ba nou enfòmasyon ki pa konplè e ki pa kòrèk, reklamasyon w lan e nenpòt pèman nou dwe w ka anreta. • Si w ba nou fo enfòmasyon oswa w kenbe enfòmasyon, w ap pèdi lajan pou avantaj alavni w yo oswa yo ka di diminye e w ka sibi lòt konsekans grav tankou yo ka pousuiv ou lajistis.
<p>Voye Reklamasyon w lan ale</p>	<p>Kou w kòmanse aplikasyon w lan, toujou kontinye l jiskaske w fini l.</p> <p>W ap pèdi enfòmasyon w yo si w fè nenpòt nan bagay ki annapre yo anvan w voye reklamasyon w lan ale:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Soti nan aplikasyon an • Entènèt la Tonbe • Sèvi ak bouton "retounen" nan navigatè w la <p>Ou ka verifye, chanje oswa enprime repons nan sekson nan "Review of Application Responses".</p> <p>Lè w fini, chwazi bouton "Submit Claim" (Voye Reklamasyon an Ale).</p>
<p>Kenbe enfòmasyon pou nou kontakte w ajou</p>	<p>Lè w kreye yon kont sou entènèt, ou dakò pou w kenbe enfòmasyon pou nou kontakte w yo ajou. Sa gen ladan l adrès pou lapòs ou (obligatwa) ak imel ou (obligatwa). Si enfòmasyon pou nou kontakte w yo chanje, ou dakò pou w mete enfòmasyon sa a ajou nan dosye nou yo.</p>
<p>Reponn Tout Demann Depatman an Fè</p>	<p>Ou dakò pou w verifye ak reponn verifye ak reponn mesaj ak fòmilè nou ka voye pa mwayen sistèm mesaj sekirize NY.gov la ak tout mesaj, fòmilè ak lèt nou voye pa lapòs ba ou. Ou dwe reponn nan delè ki mansyone nan dokiman sa yo.</p> <p>Ou rekonèt e w konprann si w pa:</p> <ul style="list-style-type: none"> • kenbe enfòmasyon pou nou kontakte w ajou • verifye bwat mesaj sekirize sou NY.gov ou, oswa • reponn mesaj nou yo nan delè ki mansyone nan dokiman sa yo <p>Ka gen reta nan lajan pou avantaj ou yo, nou ka sispann yo oswa refize yo.</p>

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

<p>Kenbe Enfòmasyon Enpòtan Konsènan Reklamasyon w lan</p>	<p>Lè w fin voye reklamasyon w lan ale, w ap wè yon “Paj Konfimasyon” ki bay lòt enfòmasyon ak enstriksyon.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Enprime oswa ekri enfòmasyon ki sou paj sa pou si w ap bezwen l • Si w pa suiv enstriksyon sa yo, ka gen reta nan pèman w yo oswa w ka pèdi yo <p>Si w vle kenbe yon kopi tout aplikasyon w lan, ou ka enprime chak paj nan seksyon “Review of Application Responses” lan.</p>
<p>Opsyon Depo Dirèk</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Enprime oswa ekri enfòmasyon ki sou paj “Direct Deposit Information Review” a anvan w voye enfòmasyon depo dirèk ou ale. • Se pral sèl mwayen w genyen pou w gen prèv enfòmasyon kont ou te mete a.
<p>Rele si yo mande w fè sa</p>	<p>Se pa tout aplikasyon ki ka fin fèt sou entènèt. Si w wè yon paj konfimasyon ki di ou dwe pale ak yon espesyalis reklamasyon pou w fin fè aplikasyon pou lajan Asirans Chomaj la, ou dwe rele Sant Reklamasyon nan Telefòn nan. Enfòmasyon ou bay sou entènèt yo ap anrejistre. Men, nou p ap trete enfòmasyon w lan jiskaske w fè apèl sa a.</p>
<p>Kenbe PIN ou an sekirite</p>	<p>***Pa JANM Di Okenn Moun PIN (Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl) ou***</p> <p>Lè w voye yon reklamasyon ale, y ap mande w pou w kreye yon PIN. PIN ou a se siyati elektwonik ou.</p> <p>W ap sèvi ak PIN ou chak lè w antre nan sistèm yo trete reklamasyon yo. Ou ka pèdi jiska 20 semèn avantaj si w kite yon lòt moun itilize PIN ou.</p> <p>Si w se yon moun ki gen andikap ki pa ka itilize sèvis nou yo san yon lòt moun pa ede w, ou ka kite yon lòt moun ede w. Men, ou dwe la chak fwa moun k ap ede w la ap itilize sèvis nou yo, tankou lè moun k ap ede w la antre PIN ou. Ou responsab aksyon moun k ap ede w la. Ou ka peye penalite, tankou anilasyon avantaj, si w pa la lè moun k ap ede w la itilize sèvis nou yo.</p> <p>Remak: Moun k ap fè reklamasyon yo pa oblije itilize yon moun pou ki ede yo pou okenn sèvis nan Depatman Travay tankou asirans chomaj. Sèvis entèprèt yo disponib gratis.</p>

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

9 Sa w Dwe Fè Lè W ap Depoze yon Dosye pou Avantaj yo Bay pou Chomaj

1. **Rapòte tout lè w yo.** Ou dwe rapòte nenpòt lè ou travay lè w ap fè reklamasyon pou avantaj UI chak semèn yo. Sa gen ladan l travay tan pasyèl, tanporè oswa ki pa peye.
2. **Se pou w egzak.** Pran san w pou w li tout lè Depatman Travay la voye pou ou. Suiv enstriksyon yo epi voye tout fòmilè yo tounen kou sa posib. Sa ap ede w evite gen reta nan pèman UI w yo.
3. **Se pou w disponib pou w travay.** Ou dwe ka pran yon travay tousuit. Chak semèn, ou dwe verifeye si w pare, vle, e ka travay.
4. **Chèche travay.** Ou dwe chèche travay pou chak semèn epo konsève yon dosye ekri chak konpayi w kontakte. Gade "*Kisa efò ki òganize e w ap kontinye fè pou w jwenn travay vle di?*" ki nan **Chapit 7 la** oswa ale sou dol.ny.gov/work-search-frequently-asked-questions pou w ka wè demach rechèch travay ou gen obligasyon pou w fè yo.
5. **Fè yon plan rechèch travay** Kontakte Sant Karyè Eta Nouyòk la pou w jwenn èd pou w planifye rechèch travay ou. Ale sou labor.ny.gov/career-center-locator pou w jwenn kote ki pi pre w la. Ou ka rele tou nan **800-447-3992**. Chwazi lang ou pale a epi chwazi opsyon 5.
6. **Sispann fè reklamasyon pou avantaj kou w retounen travay.** Pa tann premye chèch ou. Ou pa kalifye pou avantaj yo ankò lè w kòmanse travay a tan plen. Ou ka kalifye pou w resevwa lajan pou avantaj yo si w jwenn travay tan pasyèl.
7. **Li liv ki gen enfòmasyon pou moun k ap fè reklamasyon an.** Li bay enfòmasyon konsènan dwa ak responsabilite w kenyen pandan w ap touche lajan Asirans Chomaj la. Li di tou pou ki lòt avantaj ak sèvis ou ka kalifye. Vèsyon elektwonik ak odyo yo disponib tou sou sit entènèt nou an.
8. **Pa Fè Magouy.** Fè sa k dwat epi suiv enstriksyon yo pandan w ap touche lajan avantaj yo. Si w pa suiv règleman yo, ou ka sibi konsekans legal ki grav.
9. **Si w pa konn yon bagay, mande èd.** Reprezantan Asirans Chomaj yo disponib pou ede w. Rele nan **888-209-8124** oswa al sou sit entènèt nou an pou w jwenn repons.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

Pou w depoze reklamasyon w lan sou entènèt, ou dwe dakò tou ak sa ki annapre yo:

Mwen te li tout pati ki nan seksyon yo e m verifye enfòmasyon yo se laverite e yo egzak, e mwen konprann lalwa bay penalite pou fo deklarasyon. Mwen bay enfòmasyon pou kontakte m ki egzak e ki konplè, sa gen ladan l adrès pou lapòs ou (obligatwa) ak imel ou (obligatwa). Si enfòmasyon pou kontakte m yo chanje, mwen dakò pou m mete yo ajou. Mwen dakò pou m verifye e pou m reponn mesaj sekirize ak fòmilè yo voye pou mwen nan kont NY.gov ak tout mesaj, fòmilè ak lèt mwen ka resevwa pa lapòs nan delè yo bay nan mesaj sa yo. Mwen konprann si m pa kalifye pou avantaj yo, mwen gen dwa pou m al nan odyans devan Jij Dwa Administratif la e sa p ap koute m anyen oswa m pa oblije. Si m pa remèt lajan pou avantaj mwen te resevwa oswa mwen pa peye nenpòt penalite yo mande m peye paske m te kenbe enfòmasyon oswa mwen te bay Depatman Travay fo enfòmasyon, sa ka fè Depatman Travay la fè demach legal pou fè yon jijman kont mwen. Kou l fin fèt, yon jijman ka valab e yo ka itilize l kont mwen pandan ven lane e yo ka pran lajan m, tankou yon pati nan salè m ak/oswa kont bank mwen. Epi, yon jijman ka gen move enpak sou nòt kredi m e l ka gen enpak sou kapasite m pou m lwe yon kay, jwenn yon travay oswa prete lajan. Mwen konfime tou m ap depoze reklamasyon sa a pandan nenpòt peryòd mwen pa t Etazini, Teritwa Etazini oswa Kanada.

Mesaj sekirize ak lòt mesaj: Ou ka voye ak resevwa mesaj sekirize, lèt ak fòmilè grasa kont Travay Anliy ou an. Ranpli fòmilè yo epi reponn mesaj yo nan delè yo bay la. Si w pa fè sa a, sa ka fè gen reta nan reklamasyon w lan oswa ou ka jwenn refi ak/oswa yo ka sispann ba w avantaj yo.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.


17 FÒMILÈ

Paj ki annapre yo gen fòmilè nou pale de yo nan tout dokiman sa a:

- Yon **Dosye Rechèch Travay** la pou anrejistre ak ekri demach ou fè pou w chèche travay. **Gade Chapit 7: "Ki aktivite rechèch travay n ap aksepte kòm prèv rechèch travay?"** Zouti rechèch travay la sou sit entènèt nou an sou dol.ny.gov/jobzone.
- Yon fòmilè **Demann pou Analize Dosye a Ankò** ka sèvi pou fè Sant Reklamasyon nan Telefòn* nan konnen ou pa dakò ak enfòmasyon ki sou avi Desizyon pou Lajan W ap Resevwa a.
- Yon **Demann pou Lòt Peryòd Debaz** ka sèvi piu ogmante montan avantaj ou yo, si montan nan trimès ou fè plis lajan yo plis lè nou sèvi ak Lòt Peryòd Debaz ou a.
- Ou ka itilize yon fòmilè **Demann pou Montan Ki Baze sou Semèn Travay** ak enstriksyon yo si ou panse montan avantaj ou yo ka plis lè nou sèvi ak montan mwayèn chak semèn ou an.
- **Fòmilè Enskripsyon Moun K ap Vote: Pa voye fòmilè sa a bay Depatman Travay la.** Ou dwe voye yon Fòmilè Enskripsyon Moun K ap Vote ki ranpli bay Komite Eleksyon nan zòn ou an nan adrès ki mansyone sou paj enstriksyon an.

*Pou w pale ak Sant Reklamasyon nan Telefòn nan, rele nan 888-209-8124. Moun k ap itilize TTY/TDD: rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 epi mande operatè a pou l rele 888-783-1370. Moun k ap itilize videyo oswa lòt kalite sèvis transmisyon yo ap rele operatè transmisyon an epi mande operatè transmisyon an pou l rele 888-783-1370.

WE ARE YOUR DOL



Dosye Rechèch Travay

Pou Semèn ki fini: / /

(Itilize dat Dimanch lan)

Siyati: _____ Non _____ Nimewo ID Eta Nouyòk: NY _____ oswa Nimewo Sekirite Sosyal (SS No): XXX-XX-_____ (Kat dènye chif yo sèlman)

(W ap jwenn li nan let randevou a nan tèt an!) (W ap jwenn li nan let randevou a nan tèt an!)

Ou ka itilize fòmliè sa a pou anrejistre aktivite rechèch travay ou. Enstriksyon yo nan do a. Ou ka itilize Dosye Rechèch Travay ki sou sit entènèt JobZone nou an tou olye de fòmliè sa a. Sèlman klike sou lye Rechèch Travay JobZone lan lè w ap reklame benefis Asirans Chomaj chak semèn sou entènèt. Ou dwe montre omwen twa aktivite rechèch travay pou chak semèn ke ou fè reklamasyon benefis yo. Tanpri fè sèten ke tablo ki anba a afiche omwen twa antre separe oswa ou anrejistre twa aktivite separe pa sèmèn sou JobZone.

Biznis/Anplwayè ou te kontakte: Dekri travay ou te aplike pou yo a, nan entèvyou ou tale, ak biznis/anplwayè ou te kontakte pandan sèmèn ki afiche an! a. Ou ta dwe ranpli tout kolòn yo, toutotan ke w kapab. Itilize lòt fèy papyè si se nesesè. Premye ranje a se yon egzamp.

Dat kontak la	Pòs ou te aplike pou li	Biznis/Anplwayè non	Non ak tit moun ou te kontakte a (si w konnen)	Metòd ou te itilize pou kontakte l (An pèsòn, telefòn, faks, Imel, sit entènèt, elatriye.)	Enfòmasyon kontak pou metòd ou te itilize pou kontakte li a (Adrès, nimewo telefòn, imel, sit entènèt/URL, nimewo faks)	Rezilta kontak la (si w konnen) (Entèvyou, tann repòns, pa jwenn travay la)
2/1/2014	Responsab	ABC Industries	John Smith, Direktè Resous Imèn	imel	j.smith@abcinc.com	Entèvyou ki pwogram

Lòt Aktivite Rechèch Travay: Dekri kisa w te fè pou w jwenn yon djòb ki pa lye a kontak biznis la/anplwayè a. Gade enstriksyon ki nan do paj aktivite ki siglere a. Premye ranje a se yon egzamp.

Dat aktivite a	Aktivite ou te fè
3/1/2014	Patisipe nan yon atelye travay sou preparasyon cv nan Sant Karyè Pwofesyonèl.

Enstriksyon sou Dosye Rechèch Travay

Ou dwe toujou ap chèche travay pandan w ap fè reklamasyon benefis Asirans Chomaj yo. Ou dwe kenbe yon Dosye Rechèch Travay pou chak semèn w ap fè reklamasyon benefis yo epi ou dwe prepare w pou bay yon kopi dosye sa a nan Ministè Travay Eta Nouyòk lè yo mande w. Nou pral verifye enfòmasyon ki sou fòmilè a avèk kontak ki dekri yo. Si ou fè espè ou ba nou fo deklarasyon sou aktivite rechèch travay, nou konsidere l kòm fwod, e nou ka refize w benefis Asirans Chomaj yo.

Ou dwe fè omwen **two** aktivite rechèch travay chak semèn, sof si ou gen yon Plan Rechèch Travay ke Ministè Travay apwouve.* Nou ankouraje w fè plis.

Aktivite Rechèch Travay: Aktivite rechèch travay yo ka gen ladan yo, men pa limite a:

- (1) Itilize resous anplwa ki disponib nan yon Sant Karyè pwofesyonèl lokal oswa atravè yon platfòm sant karyè vityèl ke Ministè Travay bay. Egzanp:
 - (i) rankontre avèk konseye Sant Karyè yo;
 - (ii) resevwa enfòmasyon sou mache travay la nan men pèsonèl Sant Karyè yo sou djòb nan disiplin ou an oswa nan reyjon w lan;
 - (iii) fè evalyasyon kompetans pou djòb ki koresponn;
 - (iv) patisipe nan atelye-travay sou ansèyman; ak
 - (v) jwenn referans djòb nan Sant Karyè a epi fè swivi avèk anplwayè yo.
 - (2) Soumèt aplikasyon oswa cv bay anplwayè pou djòb oswa ansye anplwayè ki ka gen opòtinite anplwa.
 - (3) Ale nan semènè sou rechèch travay, reyinyon rezo karyè planifye, fwatray oswa atelye ki gen rapò avèk anplwa ki ofri enstriksyon sou kompetans pou chèche travay.
 - (4) Entèvyou avèk Anplwayè.
 - (5) Enskri, aplike, oswa pran egzamen ki gen rapò avèk djòb oswa egzamen avan-anplwa pou yon anplwayè leta oswa prive. Tankou egzamen sèvis sivik.
 - (6) Enskri epi fè swivi avèk ajans travay prive, sèvis plasman, sendika ak biwo plasman nan lekòl, fakilite oswa inivèsite oswa òganizasyon pwofesyonèl.
 - (7) Itilize telefòn, repètwa biznis, entènèt, rezo sosyal, oswa sou sistèm rechèch travay sou entènèt pou fè rechèch travay, jwenn enstriksyon, mande rekòmandasyon oswa pran randevou pou entèvyou travay.
 - (8) Nenpòt lòt aktivite rezonab ki ka ede w jwenn travay.
- Kenbe kopi Dosye Rechèch Travay ou yo pou yon ane. Pa voye dosye Rechèch Travay ou a nan Ministè Travay amwens ke nou mande ou sa. Ou ka jwenn plis fòmilè nan yon Sant Karyè Eta Nouyòk, sou entènèt nan labor.ny.gov oswa nan manyèl reklamasyon lan Ou ka jere dosye rechèch travay ou a sou entènèt tou nan www.jobzone.ny.gov.



Department of Labor
PO Box 15130
Albany, NY 12212-5130
www.labor.ny.gov

ENPÒTAN!

Nou voye pou ou yon Detèminasyon Benefis Monetè ki montre benefis chak semèn ou pral resewa yo. Benefis sa yo baze sou salè ou. Si ou kwè kèk nan salè ou yote manke, tanpri ranpli fòmilè sa a. Nou dwe resewa fòmilè sa a nan espas 30 jou aprè Dat ou te poste l la ki endike sou dènye avè Detèminasyon Benefis Monetè ou a. **Tanpri Ekri an lèt detache klèman. Si nou pa ka li ekriti ou, nou p'ap kapab trete fòmilè sa a.**

ASIRANS CHOMAJ

Demann Pou Rekonsiderasyon

Tanpri ekri ak lèt detache

Non Fanmi: _____ Prenon _____ Inisyal Dezyèm Prenon _____

Adres: _____

Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____

Dat Demann lan Kòmanse/Fini: ____/____/____ Nimewo Sekirite Sosyal: XXX-XX-_____

Kondisyon pou Fòm nan

Pou korije salè ak/ou salè ki pa parèt nan Detèminasyon finansyè alokasyon ou an swiv enstwiksyon sa yo ki anba a.



- Itilize yon plim ak lank nwa ou ble pou ou ranpli enfòmasyon sou patwon ak salè yo anba a.
- Mete nenpòt dokimantasyon ki ka bay prèv salè ou tankou: sou chèk, fòm W-2, fòm 1099, kupon, chèk, pou bwa, bonis, manje, lojman, komisyon, konje peye ak dosye travay ak/ou peman.
- Pa voye orijinal, fè kopi tout dokimantasyon sipò nan yon sèl bò sou papye 8½ x 11.
- Ekri non ou, nimewo sekirite sosyal ou ak nimewo telefòn ou nan chak atachman.
- Si ou te resewa alokasyon pou aksidan travay, mete yon kopi dènye Rapò Chòk ou Te Pran Apre (Subsequent Report of Injury, SROI) ou depoze.



- Ou dwe ranpli avè sa a ak tout atachman yo epi nou dwe resewa yo nan delè ki ekri an lèt mesaj ki make ENPÒTAN ! an. **Tanpri ekri ak lèt detache.**

Enfòmasyon sou patwon an Tanpri ekri ak karaktè ki ap fasil pou li. Ajoute lòt paj si ou genyen enfòmasyon sou plis twa (3) patwon.	Total Salè Bwi pou peryòd de baz ou altènatif Mete total salè bwa chak trimès pou chak patwon/trimès ki make. Konsilte Detèminasyon alok resan ou si ou bezwen èd.
Patwon: _____ Adrès: _____ Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____ Si travay la pat nan Leta Nouyòk, mete ki eta: _____	Trimès : ____/____/____ - ____/____/____ \$ _____, _____ . _____ Trimès : ____/____/____ - ____/____/____ \$ _____, _____ . _____ Trimès : ____/____/____ - ____/____/____ \$ _____, _____ . _____ Trimès : ____/____/____ - ____/____/____ \$ _____, _____ . _____ Trimès : ____/____/____ - ____/____/____ \$ _____, _____ . _____
Patwon: _____ Adrès: _____ Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____ Si travay la pat nan Leta Nouyòk, mete ki eta: _____	Trimès : ____/____/____ - ____/____/____ \$ _____, _____ . _____ Trimès : ____/____/____ - ____/____/____ \$ _____, _____ . _____ Trimès : ____/____/____ - ____/____/____ \$ _____, _____ . _____ Trimès : ____/____/____ - ____/____/____ \$ _____, _____ . _____ Trimès : ____/____/____ - ____/____/____ \$ _____, _____ . _____
Patwon: _____ Adrès: _____ Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____ Si travay la pat nan Leta Nouyòk, mete ki eta: _____	Trimès : ____/____/____ - ____/____/____ \$ _____, _____ . _____ Trimès : ____/____/____ - ____/____/____ \$ _____, _____ . _____ Trimès : ____/____/____ - ____/____/____ \$ _____, _____ . _____ Trimès : ____/____/____ - ____/____/____ \$ _____, _____ . _____ Trimès : ____/____/____ - ____/____/____ \$ _____, _____ . _____

Konfimasyon Mwen konfime enfòmasyon an lèt yo kòrèk epi mwen konnen lalwa pini moun pou fo deklarasyon yo. Mwen rekonèt n ap fè mwen konnen rezilta demann mwen.

Siyati Obligatwa

dat kòd rejyonal nimewo telefòn

Enstwiksyon pou voye li tounen

Ou dwe ranpli avè sa a ak tout atachman yo epi nou dwe resewa yo nan delè ki ekri an lèt a nan mesaj ENPÒTAN! an.

Faks: 518-457-9378. Avè sa a se paj kouvèti ou. Endike kantite total paj _____.

OSWA Poste: Depatman Travay Eta New York, P.O. Box 15130, Albany, NY 12212-5130.

OSWA Sou entènèt: www.labor.ny.gov/signin. Soumèt via sistèm messagerie kont sou entènèt. Chwazi "Submit Documents" e answit, "Submit Wage Documents". Itilize "Wage Document" kòm liy sijè.



Reklame avantaj yo chak semèn sou sitwèb www.labor.ny.gov oswa rele Tel-Service nan nimewo 888-581-5812



Pou plis enfòmasyon, ale sou sitwèb www.labor.ny.gov

Pou jwenn èd, gade tiliv ki bay enfòmasyon pou moun ki fè reklamasyon sou sitwèb www.labor.ny.gov/uihandbook.





Department of Labor
 PO Box 15130
 Albany, New York 12212-5130
www.labor.ny.gov

ENPÒTAN!

Nou voye pou ou yon Detèminasyon Benefis Monetè ki montre benefis chak semèn ou pral resevwa yo. Benefis sa yo baze sou salè ou. Si ou kwè kèk nan salè ou yo te manke, tanpri ranpli fòmilè sa a. Nou dwe resevwa fòmilè sa a nan espas 10 jou aprè Dat ou te poste l la ki endike sou dènye avi Detèminasyon Benefis Monetè ou a **Tanpri Ekri an lèt detache klèman. Si nou pa ka li ekriti ou, nou p'ap kapab trete fòmilè sa a.**

ASIRANS CHOMAJ

Demann Peryòd de baz altènatif

Mete enfòmasyon sa yo	Siyati: _____ Non: _____ Dezyèm Non: _____ Adrès: _____ Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____ Reklamasyon Efektif/Dat Kòmansman: / / # Sekirite Sosyal: XXX - XX -
Enfòmasyon nou mande pou fòm nan  	Si ou vle itilize Peryòd de baz altènatif pou alokasyon chak semèn nan monte: <ul style="list-style-type: none"> • Itilize yon plim ak lank nwa ou ble pou ou ranpli enfòmasyon sou patwon ak salè yo anba a; • Mete nenpòt dokimantasyon ki ka bay prèv salè ou tankou: sou chèk, fòm W-2, fòm 1099, kupon, chèk, poubwa, bonis, manje, lojman, komisyon, konje peye ak dosye travay ak/ou peman. • Pa voye orijinal, fè kopi tout dokimantasyon soutyen nan yon sèl bò on papye 8½ x 11; • Ekri non ou, nimewo sekirite sosyal ou ak nimewo telefòn ou nan chak atachman; Pa voye orijinal yo. • Ou dwe ranpli avi sa a ak tout atachman yo epi nou dwe resevwa yo nan delè ki ekri anlè mesaj ki make ENPÒTAN! an. Si salè dènye trimès ou te pi gwo pase «Salè trimès pi wo a» yo ki sou Detèminasyon alokasyon finansye ou an, lè ou itilize peryòd de baz lan sa ka monte alokasyon ou yo. Si wi chwazi itilize Peryòd de baz altènatif pou demann nan, ou pap nan mezi pou ou itilize salè sa a pou fè yon lòt reklamasyon yon lot fwa.
Etap 1 Enfòmasyon sou dènye trimès la	Dènye trimès la fini avan dat demann nan antre anvigè: ____/____/____ a ____/____/____ Mwa jou .ane Mwa jou .ane Konsilte Detèminasyon alokasyon finansye kote w ap jwenn dat trimès la epi konpare salè chak semèn pou peryòd de baz altènatif ak dosye ou yo, epi koche kaz apwopriye anba a epi pase a etap yo di ou an. <input type="checkbox"/> Salè chak trimès pou peryòd de baz altènatif yo pa kòrèk oubyen pa konplè (pase sou etap 2) <input type="checkbox"/> Salè chak trimès pou peryòd de baz altènatif yo pa kòrèk (pase sou etap 3)
Etap 2 Enfòmasyon Sou salè	Bay enfòmasyon nou mande yo anba a, atache dokimantasyon ki bay prèv travay ou ak yon paj an plis si ou genyen enfòmasyon sou plis pase twa (3) patwon. Non Anplwaye: _____ Salè Bbrit chak trimès en \$ _____ Adrès Anplwaye: _____ Vil _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____ Si ou te fe travay pat fè travay la: _____ Non Anplwaye: _____ Salè Bbrit chak trimès en \$ _____ Adrès Anplwaye: _____ Vil _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____ Si ou te fe travay pat fè travay la: _____ Non Anplwaye: _____ Salè Bbrit chak trimès en \$ _____ Adrès Anplwaye: _____ Vil _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____ Si ou te fe travay pat fè travay la: _____
Etap 3 Atestasyon	Mwen konfime enfòmasyon anlè yo kòrèk epi mwen konnen lalwa pini fo deklarasyon yo. Mwen konprann nap fè mwen konnen rezilta demann mwen an. Mwen konprann si mwen itilize Peryòd de baz altènatif, mwen pap ka itilize salè sa yo si m fè yon reklamasyon yon lòt fwa. _____ Siyati Obligatwa dat kòd rejyonal nimewo telefòn
Etap 4 Enstwiksyon pou voye li tounen	Ou dwe ranpli avi sa a ak tout atachman yo epi nou dwe resevwa yo nan delè ki ekri anlè mesaj ki make ENPÒTAN! an FAKS: (518) 457-9378 OU LAPÒS: New York State OSWA Sou entènèt: www.labor.ny.gov/signin Avis sa se paj kouvèti ou. Department of Labor Soumèt via sistèm messagerie kont sou entènèt. Chwazi "Submit Documents" e Mete total nom paj ki genyen PO Box 15130 Albany, New York 12212-5130 answit, "Submit Wage Documents". Itilize "Wage Document" kòm liy sijè.



Reklame avantaj yo chak semèn sou sitwèb www.labor.ny.gov oswa rele Tel-Service nan nimewo (888) 581-5812.



Pou plis enfòmasyon, ale sou sitwèb www.labor.ny.gov



Pou jwenn èd, gade tiliv ki bay enfòmasyon pou moun ki fè reklamasyon sou sitwèb www.labor.ny.gov/uihandbook.

WE ARE YOUR DOL



Demann pou Pousantaj ki Baze sou Semèn Travay

Pou mande yon pousantaj benefis ki baze sou semèn travay yo, ou dwe ranpli fòm sa a epi retounen li nan adrès Depatman Travay ki endike anwo a avèk yon kopi prèv travay ou ak salè ou pou chak semèn travay pou peryòd baz ki endike anba a. Li dwe resevwa li nan lespas de jou ouvrab de Dat yo voye ki make sou deklarasyon Benefis Monetè ou genyen ki pi resan an. Pa voye orijinal yo nan dokiman sipò pèman ou yo paske yo pap kapab retounen jwenn ou. Demann pou Pousantaj ki Baze sou Semèn Travay ou a paka trete anvan ke yo revize tout demann pou Rekonsiderasyon yo eke etablisman peryòd de baz ou a finalize tou. W ap resevwa avètisman sou aksyon ki pran yo konsènan demann ou an nan twa semèn apre nou fin resevwa li.

Ranpli sèlman devan fòm sa a si ou te travay pou yon anplwayè oswa de oswa plis anplwayè konsektivman. Si ou te travay pandan menm semèn (yo) pou de oswa plizyè anplwayè yo, ranpli dabò fèy de travay la devan fòmilè a epi transfere enfòmasyon ki apwopriye nan kòmansman fòmilè a. Si ou gen plis pase sèt anplwayè pandan peryòd debaz la, mete enfòmasyon sou yon fèy papey apa epi atache li nan fòmilè sa a.

Tanpri ekri an lèt majiskil klèman

Siyati: _____ Non: _____ Inisyal 2yèm non: _____
 Adrès: _____
 Vil: _____ Eta: _____ Kod Postal: _____
 Nimewo Sekirite Sosyal: XXX – XX - _____

Peryòd de Baz Sòti nan _____ Atravè _____
 (Mete dat yo nan T402 ki te deja bay, Detèminasyon Benefis Monetè)

A. Non ak adrès Anplwayè	B. Dire peryòd peye; pa ekzanple: chak semenn, de fwa nan yon semèn, elatriye.	C. Semèn Total yo Peye Pandan Peryòd de Baz la	D. Salè Total yo Peye Pandan Peryòd de Baz la
1.			\$
2.			\$
3.			\$
4.			\$
5.			\$
6.			\$
7.			\$
E. Semèn total ak salè ou travay pandan peryòd de baz la			\$
F. Semèn Total te travay nan Pati 2(nan do a)			

G. Fòmilè Rekalkile

1. Divize salè total yo pa semèn total yo (pi piti de **E** oswa **F**) pou kalkile salè an mwayèn chak semen...\$ _____
2. Divize salè an mwayèn chak semèn lan pa 2 pou jwen pousantaj debaz yo pwopoze ou a an fonksyon de semèn yo ak salè yo. Pousantaj la pa ka depase 504 \$..... \$ _____
3. Antre pousantaj benefis aktyèl ou nan dènye Benefis Monetè T402 ou a Fòmilè Detèminasyon..... \$ _____
4. Soustrè liy 3 a nan liy 2 a. Kantite lajan an dwe 5 \$ oswa plis pou resevwa to rekalkile a ki baze sou semèn yo ak salè yo.....\$ _____

Sètifikasyon: Mwen sètifye ke tout enfòmasyon ak dosye ki soumèt yo vre e egzat. Mwen konprann ke enfòmasyon sa a sijè a verifikasyon ak penalite yo ka enpoze pou fo deklarasyon.

Siyati: _____ Dat: ____ / ____ / _____ Nimewo Telefòn: _____

WE ARE YOUR DOL



www.labor.ny.gov

Demann pou Pousantaj ki Baze sou Semèn Travay

Yo te etabli dwa w pou benefis yo ak pousantaj benefis chak semèn dapre yon fòmil ki itilize salè elve trimestryèl ou nan peryòd de baz ou an. Tou depan de istorisite travay ou, ou ka kalifye pou yon pi gwo benefis chak semèn ki baze sou mwaye salè mwayèn ou chak semèn. Pou mande yon revizyon de pousantaj benefis ou chak semèn, tout bagay sa yo dwe aplike:

- Demann ou an dwe resewa nan espas de jou ouvra a pati de dènye dat Detèminasyon Benefis Monetè ou.
- Etablisman peryòd de baz ou a te fini.
- Ou dwe gen omwen 20 semèn travay nan peryòd de baz ou. Yon peryòd semèn travay defini tankou de Lendi jiska Dimanch pandan ke ou te resewa yon reminerasyon pou travay yon anplwayè ki kouvri anba Lwa sou Asirans Chomaj Eta Nouyòk.
- Ou dwe bay prè **tout** semèn travay ak salè peryòd de baz ou. Prè ki akseptab yo se talon chèk pèman, an Lòp pewòl, oswa chèk ki anile. Prè ou dwe montre non anplwayè, peryòd peye/dat pèman, salè ak non ou ak/oswa nimewo Sekirite Sosyal ou. Nan okenn ka, pousantaj benefis yo kalkile ki baze sou prè ki akseptab ou a paka pi plis pase pousantaj benefis maksimòm ki aktyèlman an efè a.
- Pousantaj benefis ki baze sou yon mwaye salè mwayèn chak semèn ou dwe omwen **5,00 \$** an plis ke kantite lajan benefis chak semèn dapre fòmil salè chak trimès jan yo rapòte sou dènye fòmilè Detèminasyon Benefis Monetè ou a.

Demann pou Pousantaj ki baze sou Semèn Travay la separe de yon Demand pou Rekonsiderasyon. Demann pou rekonsiderasyon an ap diskite nan seksyon 4 nan liv gid demandè a: "Konbyen mwen pral resewa kòm benefis chak semèn?" Yon Demann pou Pousantaj ki Baze sou Semèn Travay pa kapab fèt anvan ke ou fini peryòd de baz la pou itilize epi yo te bay yon desizyon sou tout Demand pou Rekonsiderasyon.

